


JOYCE MEYER

THE TWO-MILLION-COPY BESTSELLER

Dariro Rehondo Yemupfungwa



Kukunda Muhondo Yemupfungwa Dzako!



Dariro Rehondo Remupfungwa

Kukunda Muhondo Yemupfungwa Dzako!

JOYCE MEYER

Ndinoda kuremekedza dangwe rangu negwaro iri.

Ndinoziva kuti hunhu hwako hwakatodzana nehwangu, uye kuti warwa hondo dzakawanda dzemupfungwa. Ndaona uchiramba uchikunda uye uchikura uchienda mberi.

Ndinokuda uye ndinodada newe. Enderera mberi uchikunda.

ZVIRI MUKATI

Chikamu Chekutanga- Kukosha Kwepfungwa
Musumo

Chitsauko 1 : Dariro Rekurwa Riri Mupfungwa

Chitsauko 2 : Chinodikanwa Uye Chakakosha

Chitsauko 3 : Usakanda Zvombo Pasi!

Chitsauko 4 : Padiki Nepadiki

Chitsauko 5 : Ivanemafungiro Anetariro

Chitsauko 6 : Mhepo Dzinosunga Pfungwa

Chitsauko 7 : Ngwarira Zvaunikufunga

Chikamu Chechipiri- Zvimiro Zvemupfungwa

Musumo

Chitsauko 8 : Ndepapi Pfunga Dzangu Padzinenge Ndiine Chimiro
Chakanaka?

Chitsauko 9 : Kumbezembeaya Nekushushikana Kwepfungwa

Chitsauko 10: Pfungwa Dzinopishama

Chitsauko 11: Pfungwa Dzingatendi

Chitsauko 12: Pfungwa Inoshushikana Nekufunganya

Chitsauko 13: Kugara Uchifungira Nekushoropodza

Chitsauko 14: Pfungwa Dzisina Hany'a

Chitsauko 15: Mundangariro MaKristu

Chikamu Chechitatu-Mufungo Wemurenje

Musumo

Chitsauko 16: Ramangwana Rangu Rinovakwa Nekare Yangu Pamwe
Nenhasi Yangu

Chitsauko 17: Mumwewo Ngaandiitire, Ini Ndinokundikana

Chitsauko 18: Ndapota, Itai Kuti Ndirerukirwe, Ndinokundikana Kana Zvinhu
Zvakandiomera!

Chitsauko 19: Zvinongoitika Ndisingade Zvekugara Ndichingogunun'na,
Kutsvaga Mhosvo Nekunyunya

Chitsauko 20: Handidi Kumirira Zvandinoda Kwenguva Refu, Ngazviitike
Nekukurumidza

Chitsauko 21: Maitiro Angu Angava Akashata, Asi Haiisi Mhosva Yangu

Chitsauko 22: Upenyu Hwangu Hunorwadza, Ndinozwintwira Urombo Nekuti
Upenyu Hwangu Hunosiririsa

Chitsauko 23: Handifanirwi Neropafadzo yaMwari Nekuti Handikodzeri

Chitsauko 24: Ndotadzanei Kuva Negodo Neruchiva Apo Vamwe Vese
Varani Kundidarika?

Chitsauko 25: Ndichazviita Nenzira Yangu Chete Pasina Izvozvo Handizozviiti

CHIKAMU CHEKUTANGA
Kukosha Kwepfungwa

Musumo

Nekuti nhumbi dzatinorwa nadzo hadzisi nhumbi dzenyika ino [hadzisi nhumbi dzinoonekwa panyama]. Asi dzine simba raMwari rokuputsa nhare [kunyangwe tirisu.] Tinoputsa kukakavara nekunyengera kwose kunozvikudza kuchipikisa kuziva[kwechokwadi] Mwari uye tinotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu [Messiah, Akazodzwa]." (2 Vakorinde 10:4,5.)

Ko tinganyatsotsanagura sei kukosha kwendangariro(mifungo) dzedu kuti tinxwisishe chidzidzo chirimuna Zvirevo 23:7- "**Semafungiro aanoita mumwoyo make, ndozvaari".**

Mukubata kwangu basa raMwari rekushumira, ndakaona kukosha kwendangariro uye nemashoko atinotaura. Ndakacherechedza kuti Mweya Mutsvene unonditungamirira kuti ndidzame muchikamu ichi cheshoko raMwari.

Ndakambotaurazve kuti ndinozvitenda kuti patichirikurarama pasi rino tinofanira kubatisisa nekunzwisia nezvenyaya yendangariro (mifungo) namashoko. Nyangwe tiine ruzivo rwakadzama munezvatinoziva, tinofanira kudzidza zvitsva uye kupamidzira ruzivo rwedu panezvatinoziva kare.

Zvirevo 23:7 inorevei chaizvo?

Cherechedza kuti ndangariro ndidzodzinotungamira munezvese zvatinoita. Izvi zvinijekeswa muVaRoma 8:5 inoti iyo: "**Nokuti vari vomweya, vanofunga zvomweya.**"

Zviito zvedu zvinobikwa mundangariro yedu. Kana tiinendangariri dzakashungurudzika, tinoraramawo upenyu hwakashungurudzika. Asi tikasandura mafungiro edu nenzira irimugwara reshoko raMwari, tichararama upenyu hunezvivimbiso zvakarehwa muvaRoma 12:2 inoti iyo, "**Musaenzaniswa nenyika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kuti muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza, kwakakwana.**" (VaRoma 12:2)

Ndaka patsanura gwaro iri kuvalyikamu zvitatu. Chikamu chekutanga chinitarisa nezvekukosha kwendangariro. Ndinoda kuti mubatisise tichiri kutanga, kuti zvakakosha kuti tingwaririre zvatirikufunga.

Matambudziko evanhu mazhinji anokonzerwa nezvatinenge tichifunga. Satani anotiedza kuti tifunge pfungwa dzakaipa, asi isu tinofanira kuzviramba izvozvo. Tinofanira kudzidza kuti ndedzipi pfungwa dzinodikanwa naMweya Mutsvene, uye kuti ndedzipi dzisingadikanwi.

VaKorinde Yechipiri 10: 4 na 5 inokurudzira kuti tinofanira kuziva shoko raMwari zvakadzama kuti tikwanise kuenzanisa pfungwa dzedu nedzaMwari. Izvi zvichatibatsira kuti kana tichinge tabatwa nepfungwa dzinenge

dzichizvisimudzira pamusoro peshoko raMwari tikurumidze kusiyana nedzo uye nekudziunza kuna Jesu Kristu kuti dziparadzwe.

Ndinovimba kuti gwaro iri richakubatsirai kuti mugone kuita izvi.

Dariro rehondo ririmupfungwa. Saka zvakakosha kuti tienzanise pfungwa dzedu nedza Mwari. Zvi zvichatora nguva kuti muzvidzidze.

Usakande mapfumo pasi! Uchasanduka padiki nepadiki. Paunenge uchisandura pfungwa dzako kuti dzivenani, upenyu hwako hunenge huchisandukawo huchiivanani. Ukaziva chinangwa chaMwari nezvendangario dzako uchatanga kufamba mugwara iroro.

Chitsauko 1

Dariro Rekurwa Ririmupfungwa

"Nekuti hatirwi nenyama neropa [kurwa bedzi nevavengi vepanyama], asi nevabati nevanesimba [vanova vatongi venyika ino], nemasimba enyika ino yerima uye nemasimba emweya yakaipa [mweya isingaoneki panyama] ari muchadenga." (VaEfeso 6:12)

Kubva parugwaro urwu tinoona kuti tiri muhondo. Kunzvera kuzere kwerugwaro urwu kunoratidza kuti hatirwi nevamwe vanhu venyama asi na satani nemadhimoni ake. Muvengi wedu satani anoedza kutikurira nemano, nekunyengedza, nehurongwa hune gwara rakatarwa pamwechete nekunyengera nebwon.

Satani murevi wenhema. Jesu akamuti...baba vemanyepo nezvose zvisiri zvechokwadi (Johani 8:44). Anonyepera tese ini newe. Anotiudza zvinhu zvekunyepa pamsoro pedu, pamsoro pevamwe vanhu uye pamsoro pezviitiko. Asi manyepo aya haamataure nguva imwechete.

Anotanga nekuwondonga pfungwa dzedu zvakarongeka netwupfungwa twusingaperi twefungidziro, kutya, kusatenda netwupfungwa twekufunga zvisipo sezvechokwadi. Izvi anozviita zvishoma nezvishoma achitora nguva yake (nekuti hurongwa hwese hwagara hunotora nguva ka.) Rangarira, ane hurongwa nekuda kwehondo yake yaanorwa nesu. Akatora nguva yake kunyatsotinzvera.

KUPUTSIRA PASI NHARE

"Nekuti nhumbi dzatinorwa nadzo hadzisi nhumbi dzenyika ino [hadzisi nhumbi dzinoonekwa panyama]. Asi dzine simba raMwari rokuputsa nhare [kunyangwe tirisu.] Tinoputsa kukakavara nekunyengera kwose kunozvikudza kuchipikisa kuziva[kwechokwadi] Mwari uye tinotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu [Messiah, Akazodzwa]." (2 Vakorinde 10:4,5.)

Kuburikidza nekutinzvera nehunyengeri, Satani anoedza kumisikidza "nhare mupfungwa dzedu." Nhare inzvimbo yatinochengetwa muhusungwa(mutirongo) nekuda kwemafungiro.murugwaro uru muapostora Pauro anotoudza kuti tinazvo zvombo zvinodiwa kurwisa nekukurira nhare dzasatani.Tichadzidza nezve zvombo izvi gare gare asi ikozvino imbouyeka kuti tiri muhondo,inova hondo yepamweya.Rugwaro rwechishanu rwunotiratidza pachena kuti hondo iyi inorwiwa kupi.Bhaibheri rironzi Amplified rinotsanangura rugwaro urwu richiti tinofanirwa kutora nhumbi dzekurwa nadzo idzi todzishandisa kurwisa kupikisa kwose. Satani

anokakavara nesu achitipa mifungo nedzimwe nzwisiso. Zviitiko zvese izvi zvinoitika mupfungwa. Mundangariro ndimo mune dariro rekurwa.

Hwerengedzo yemamiriro ezvinhu

Kusvika parizvino taona kuti:

- 1)Tiri pakati pehondo
- 2)Mhandu yedu ndisatani.
- 3)Ndangariro dzedu ndidzo dariro rehondo
- 4)Satani unoshanda nesimba kumisikidza nhare mupfungwa dzedu
- 5)Izvi anozviita kuburikidza nehurongwa hwakarongeka, kunyengedza (hurongwa hwake hwakanyastorongwa uye anotonyengedza nebwonni).
- 6)Satani haana kwaari kumhanyira, anotora nguva yake kunyatsoteedza hurongwa hwake.

Ngatinyatsonzverai hurongwa hwake kuburikidza nengano kana mufananidzo.

KUDIVI RA MARY

Mary nemurume wake John havasikunakidza newanano yavo nekuda kwekugara vachinetsana nguva zhinj. Vese vane zvigumbu uye vanogara vakatsamwa. Vane vana vaviri vari kubatanidzirwa muhondo dzevabereki zvava kuita kuti vave nematambudziko kunyangwe mudzidzo yavo nemuhunu hwavo. Mumwe wevana ava atova nematambudziko emudumbu nekuda kwenyaya imwechete iyi. Dambudziko ra Mary nderekuti haape murume wake John mukana wekuva mutungamiri wemhuri. Maria ane chikuriri uye anoda kutonga, kubata mari yemhuri zvese nekuranga nekuraira vana. Anodawo zvakare kushanda nekuti anoda kuva nemari yake ega yekuzvishandira. Ano taura nenzwi riri pamsoro, anozvimiriria, anotarisira zvakawandisa uye anonetsa. Ndofunga parizvino wakuzviudza kuti unoziwa chingamugadzirisa - "anofanirwa kugamuchira Jesu". Anotomuziva Jesu! Mary akagamuchira Jesu semuponesi wake makore mashanu apfuura - makore matatu abva kuroorana na John." Saka munoreva here kuti hapana shanduko yati yaitika pana Mary kubva zvaagamuchira Jesu semuponesi wake?".

Pane shanduko iripo. Anotenda kuti achaenda kudenga kunyangwe zvazvo hunhu hwake huchiita kuti agare achinzwa mhosva nguva zhiji mumoyo make. Asi ava netariro. Asati agamuchira Jesu aigara akashungurudzika asina tariro asi ikozvino tariro yavapo chasara kushungurudzika. Mary anozviziva kuti hunhu hwake hauna kunaka. Anoda kushanduka. Vave vanhu vaviri vaedza kumubaira zani nekumushandura maonero uye pese panodaidzirwa vanoda

kunamatirwa nekuda kwehasha,mweya wekumukira,kusaregerera,kutsamwa nekuchengeta mavi anowanikwa aripowo.Asi sei pasina shanduko inooneka paari?

Mhinduro inowanikwa parugwaro rwuri pana vaRoma12:2 runoti musaramba muchizvienzanisa nemaitiro enyika ino [munguva ino yatiri kurarama], asi mushandurwe nekuvandudzwa mupfungwa dzenyu [kuvandudzwa mukufunga mafungiro matsva]. Ipapo muchakwanisa kuti muedze uye mugoziva kuti kuda kwaMwari ndekupi, kuda Kwake kwakanaka, kunomufadza uye kwakakwana [mumaziso ake nokuda kwako].

Mary ane nhare dziri mundangariro dzake dzave nemakore dzrimo. Iye haatomboziva kuti dzakavamo sei. Anozviziva kuti haafanirwi kuita hunhu hwaanoita asi haazivi kuti oita sei kuti ashandure hunhu hwake. Zvinoita sekuti ane maitiro aanongoita aasiningakwanisi kudzora pane dzimwe nguva.

Mary haakwanisi kudzora hunhu hwake nekuti haadzore pfungwa dzake nemafungiro ake. Haadzore pfungwa dzake nekuti pane nhare dzakamisikidzwa nasatani mupfungwa dzake kare kare mukurarama kwake.

Satani anovamba hurongwa hwake hwekunyengedza nekudyara mhodzi dzekunyengedza pfungwa munhu achiri mudiki kwazvo. Kana ari Mary matambudziko ake akatanga ari mudiki.

Achikura Mary aive nababa vaive nechikuriri chakanyanya vaigona kungomurova nechikonzero chekuti vakatsamwa. Akangokanganisa chete vaibva vapedzera shungu paari. Izvi zvakaitika kwemakore kwaari pamwechete namai vake. Baba vake vaisamuremekedza iye namai vake zvachose. Kune rumwe rutivi, hanzvadzi yake haina chayaikanganisa mumaziso ababa vake. Zvaita sekuti aingodiwa nekuti aive mukomana.

Paakazenge asvitsa makore gumi nematanhatu,Mary aive asukwa pfungwa kare nasatani aive aita nguva achimuudza zvinhu zvakafanana nekuti "varume vanofunga kuti vanoshamisira chaizvo", vese vakafanana havasi vekuvimba navo.Vanongokurwadzisa muhupenyu nekukushandisa.Kana uri murume zvako zvakarongeka muhupenyu.unogona kuita zvese zvaunoda.Unokwanisa kuita kuti vanhu vese vaite zvaunoda iwe, kuvabata nenzira yese yese vasina zvananogona kuita (kunyanya kana vari madzimai nevanasikana).Izvi zvakaita kuti Mary ave nepfungwa dzekuti ndikangobva pano chete hakunazve munhu achandiudza zvekuita kana kudzora maitiro angu.

Apa satani akange atotanga hondo mundangariro dzake. Pfungwa dzakadai dzikaramba dzichingodzokorora mupfungwa dzako iwe semunhu kwemakore gumi unozoona kuti newe zvinotokuomera kuva akagadzirira kuroorwa ugova

mukadzi ane rudo anozvininipisa pasi pemurume wake. Kunyangwe munana ukakuita kuti ude kuva mukadzi akadai zvinokunetsa kuti uzive kuti unova mukadzi akadai sei muwanano. Ndiro dambudziko rimwechete rina Mary nhasi. Saka odii? Nesu tingaitei mumamiriro ezvinhu akadai?

ZVOMBO ZVOKURWA NAZVO ZVINOBVA MUSHOKO

"...Kana mukagara mushoko rangu [muchibatirira pa dzidziso dzangu nekurarama maringe nedzidziso idzodzo], zvirokwazvo munenge muri vadzidzi vangu. Uye muchaziva chokwadi uye chokwadi chichakusungungurai." (Johani 8:31,32)

Mugwaro urwu Jesu anotiudza kuti, kuti tikunde panhema dzasatani tonofanirwa kuwana zivo yechokwadi chaMwari tigovandudza pfungwa dzedu ne shoko rake tobva tashandisa zvombo zvinotaurwa pana 2 VaKorinde 10:4,5 kuti tiputse nhare nezvose zvinozvisimudzira pamsoro pezivo yekuziva Mwari. "Zvombo" zvinorehwa apa ishoko raMwari ratinowana kuburikidza nekuparidzirwa, kuverenga mabhuku, kuteerera mharidzo dzakatsikisa kare, kuenda kumisangano yeshoko pamwechete nekunzvera shoko sedungamunhu. Asi tinofanirwa " kugara " (kuramba tirimo) mushoko kusvika takurinzvisisa kuburikidza nekuzarurirwa na Mweya Mutsvene.Kuramba uri mushoko kwakakosha. Pana Mako 4:24 Jesu anoti...chiyero [pakunzvera nenzwisiso] chamuchaisa [pachokwadi chamuchanzwa] ndicho chiyero [chehunhu nezivo] chichadzoka kwamuri...Ndinodzokorora, ngatirambe ikichishandisa shoko sechombo.

Zvimwe zvombo zvatinokwanisa kushandisa munamato nerumbidzo. Rumbidzo inokurira mano asatani nekukasira kupfuura zvimwe zvombo, asi rumbidzo iyi inofanirwa kuva inobva pamoyo kwete kuitwa zvechijairira kana nekuda kuona kuti zvinoshanda here. Zvakare, rumbidzo nemunamato zvinofambidzana neshoko. Tinorumbidza Mwari maringe neshoko rake uye nekunaka kwake.

Munamato unovaka hukama naMwari.Inzira yekutaura naMwari pamsoro pezvinotinetsa kana kumukumbira rubatsiro.

Kana uchida kuva neminamato inoshanda, iva nehukama na Baba.Ziva kuti vanokuda uye vazere nengoni, uye vanokubatsira. Tsvaga kuziva Jesu, ishamwari yako. Akakufira. Tsvaga kuziva Mweya Mutsvene.Anogara newe nguva dzese semubatsiri wako. Mubvumidze akubatsire.

Dzidza kuzadza minamato yako neshoko raMwariShoko rake Mwari ndiro hwaro hwekuenda nezvatinoda pamberi pake.

Saka chombo chedu ishoko rinogona kushanda nenzira dzakasiyana siyana. Sezvino taurwa na Pauro pana 2 VaKorinde, zvombo zvedu hazvisi zvenyama

(zvombo zvinooneka); zvombo zvemweya. Tinoda zvombo izvi zvemweya nekuti tinorwisanu nemweya yave mhare chaidzo, ehe, kusanganisira nasatani pachake. Kunyangwe Jesu chaiye akashandisa chombo cheshoko kukunda satani murenje.(Ruka 4:1-13).Satani pese paimunyepera Jesu aipindura achiti "zvakanyorwa kuti," obva ataura zvakanyorwa mumagwaro.

Mary akadzidzira kushandisa zvombo zvake, achagona kuputsa nhare dzakamisikidza mupfungwa dzake. Achaziva chokwadi chichamusununungura. Achazviona kuti varume vese havan kufanana nababa vake. Variko vakadaro, asi havasi vese. Murume wake John haana kudaro. John anomuda zvakanyanya.

KUDIVI RAJOHN

Kunerimwe divi renyaya iyi kuna John.Iyewo ane matambudziko akewo anobatsiridza pakuvapo kwematambudziko muwanano yake na Mary nemumhuri yavo.

John anofanirwa kunge achitora chinzwimbo chake sababa mumhuri. Mwari vanotarisira kuti ave ndiyе mupirisita wemhuri yake. Iye John munhu akaberekwa patsva anotoziva zvinotarisira pakurarama kwemhuri naMwari.Anozviviza kuti haafanire kutendera mukadzi wake kutonga mumhuri, kuronga hurongwa hwe mari yemhuri pamwe nekumutonga iye nevana. Anotozviviza zvese izvi asi haana chanoita kuzvigadzirisa kunze kwekutongoziudza kuti hapana zvaangaite kunze kwekutongoita zvechivhitivhiti nemitambo.

John arikutotiza zvaanoziva kuti anofanirwa kuita nekuda kwekuti haadi zvekutaura.Anosarudza kungosiya zvakadaro,achifunga kuti "ndikangosiyanan nazvo,pamwe zvichangogadzirika zvega" kana kuti anorega kugadzirisa zvinhu achingoti "ndichanamata nezvavzo".Hondu kunyengetera kwakanaka asi kwete kana ingori nzira yekutiza zvinofanirwa kuitwa.Regai nditsanangure zvandinoreva kana ndichiti John anofanirwa kumira panzvimbo yake yaakatarirwa naMwari.Handirevi kuti anofanirwa kuratidza "chikuriri" nekugaro taura nezve masimba ake semurume.

VaEfeso 5:25 inodzidzisa kuti murume anofanirwa kuda mukadzi wake semadiro akaita Kristu kereke.John anofanirwa kumira panzvimbo yake oziva kuti inzvimbo inouya nebara rinotarisira kuitwa naye.Anofanirwa kuva munhu anomira akasimba asi achiratidza mukadzi wake kuti anomuda mukusimba ikoko.Anofanirwa kusimbisa Mary kuti kunyangwe akarwadziswa mukukura kwake,akazvipira kunaMwari kuburikidza nekuvimba nemurume wake,achazoona kuti varume vese havana kufanana nababa vake.John angadai aine zvakawanda zvaanoita,asi kuti kufananawo na Mary ane nhare dzakamisikidzwawo nasatani mupfungwa dzake dzinomuita

musungwa. Mutori nehondowo mupfungwa dza John. Kufananawo na Mary, John aigara achitukwa mukukura kwake. Mai vake vaituka zvekuti uye mashoko avaitaura akafanana neekuti "hauna kurongeka iwe uye hauna chauchazofa waita muhupenyu" aimurwadza zvikuru.

John akaedza zvikuru kufadza mai vake (sezinongoita vana vese) asi mukuramba achiedza kuafadza aibva atowedzera mhosho dzaiita. John aive munhu ane maoko akaregedzera uye mai vake vaigaromuti uri "dera". Zvaitowedzera nekuti ainge akuedza zvakanyanya kusadonhedza zvinhu zvotoita kuti mukupishana kwepfungwa achiita zvinhu atowedzera kuzvidonhedza.

Chimwe chakaitika kwaari ndechekusagamuchirwa nevamwe vana vaishuvira kutamba navo. Izvi zvinhu zvinoitika kuvanhu vakawanda asi kuna John zvakasiya mavanga akadzika nekuti aive achitadza kugamuchirwawo zvakare namai vake.

Pakaita mumwewo musikana akamuramba ave kuchokoro chesekondari akasarudzawo mumwe mukomana asiri John. Zvose izvi achizvibatanidza zvakava hwaro hwakanaka chaizvo hwekuti satani amisikidze nhare mupfungwa dza John kwemakore nemakore zvekuti John akapedzisira asisina kuzvivimba kuti ane chaanogona ndokungokura ari munhu akanyarara asingade zvekutura.

John munhu asingade zvekuita chinhu chingaite kuti aonekwe kana kutariswa nevanhu. Ava nemakore mazhinji achizviudza kuti "hazvibatsire kuudza vanhu zvandofunga nekuti havambokuteerera. Kana ndichida vanhu vandigamuchire ndofanirwa kungo bvumirana nezvavanoda".

Pese paakaedza kuzvimiriria zvinoita sekuti akakundwa, kusvika paakazozviudza kuti ko ndinofireyi hazvibatsire ndichangokundwa chete saka zviri nani kungosiyana nazvo.

MHINDURO NDEIPI?

"Mweya waShe[uri] pamsoro Pangu [Akazodzwa, Messiah] nekuti akandizodza kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo. Akandituma kuti ndiparidze rusununguko kune asungwa [vakatsikirirwa, vakakuvadzwa, vakaparadzwa, uye vaputsika nekuda kwezviitiko] ndisunungure vakamanikidzwa, kuti ndiparidze gore rakanaka raShe [nguva apo ruponeso nekuitiwa zvakanaka naShe zvichange zvazara zvekuva mugariro wedu]." (Ruka 4:18,19)

Nekuda kwematambudziko ana Mary naJohn, hazvinetse kuona matambudziko avanwo mumusha mavo. Ndambotaura kuti mune kukakavadzana kwakawanda. Kukakavadzana hakureve mhirizhonga yekurovana chete. Dzimwe nguva zvinosanganisira kugara vakacheneterana mavi munhu wese achitoziva zviri kufunga mumwe asi pasina akagadzirira kuzvigadzirisa. Zvinoita kuti mumba musagarike zvakanaka uye izvi ndizvo zvinodiwa naSatani!

Chii chichaitika kuvaviri ava nevana vavo? Zvichanaka here? Makristu vanhu ava-zvingarwadza chaizvo kuti wanano yavo iputsike mhuri iparare. Asi izvi zviri kwavari ivo. Rugwaro rwuri pana Johani 8:31,32 rwunovabatsira chaizvo kuita sarudzo. Vakapfuirira mberi nekunzvera shoko raMwari, vachaziva chokwadi, uye chokwadi ichocco chichavasunungura. Asi vese vari vaviri vanofanirwa kutarisana nechokwadi chezvavari nezvakaitika muhupenyu hwavo vachikura vachizarurirwa na Mwari.

Chokwadi chinobuda kuburikidza neshoko asi zvinosuwisa kuti vanhu havawanzotambira chokwadi ichocco. Chinhu chinorwadza kutarisana nemhosho dzedu nekukundikana kwedu togadzirisa. Kutaura chokwadi vanhu vanowanzotsvaga zvikonzero zvekutsanangura hunhu hwavanoita. Vanotendera zvakaitika muhupenyu hwavo nemakudzirwo avakaitwa kuti zvikanganise hupenyu hwavo.

Zvakaitika muhupenyu hwedu zvinogona kutsanangura chikonzero chirikuita kuti tinetseke asi hazvifanirwe kuva chikonzero chekuti tigare muhutapwa.

Hapana ane chikonzero chekuramba ari muhusungwa nekuti Jesu aripo uye akagadzirira kuzadzisa chivimbiso chake chekusunungura vakasungwa. Achafamba nesu kusvika tayambuka kupinda munzvimbo yekukunda kana takazvipira kufamba naye muzvinhu zvese.

NZIRA YEKUKUNDA NAYO

"Nekuti hakuna muedzo(muedzo ungakonzenza munhu kuita chivi,zvisineyi nekuti wuya sei uye uchikutungamirira kuita chii) wakakuwirai imi kunze kwaiwo unowira munhu wese (kureva kuti hakuna moyedzo unouya kwauri unoładza kukurirwa nemunhu kana wakajairika mukurarama kwevanhu ungatadza kukurirwa nemunhu). Uye Mwari akatendeka[kushoko rake nekunyasha dzainadzo], haangatenderi [tinogona kuvimba nechivimbiso chake] kuti muedzwe kupfuura pamunogona napo.Asi kana muchiedzwa,iye achakupai nzira yokubuda nayo(kuti muwane mabudiro akanaka) kuti mugone kutsunga pairi." (1VaKorinde10:13)

Ndinovimba kuti kubva pamuenzaniso wapfuura uyo zvava pachena kuti satani anoshandisa sei zviitiko zvehupenyu kumisikidza nhare muhupenyu hwedu nemaitiro acho aanoita hondo mundangariro dzedu. Asi tinotenda Mwari kuti fine zombo zvekurwa nazvo kuti tiputse nhare idzi. Mwari haatisiye tega tisina chinotibatsira.¹ VaKorinde 10:13 inotivimbisa kuti Mwari haatenderi kuti tiedzwe kupfuura zvatinokwanisa kutsungirira asi pamuyedzo wega wega anotiitira nzira yekubuda nayo kuti tikunde.

Ini kana iwe tinogona kuva munzvimbo ya John kana Mary.Ndofunga vazhinji vedu tinotozvinzwisa zviri kuitika kwavari. Matambudziko avo anotangira mupfungwa dzavo nehunhu hwavo. Zvinoitika muuhupenyu hwavo zvinokonzerwa nezvinoitika mundangariro nemanzwiro avo emukati. Satani anoziva chaizvo kuti akagona kudzora mafungiro edu angonawo kudzora maitiro edu. Unogona kuwavo nenhare dziriri muhupenyu hwako dzinoda kuputswa. Rega ndikukurudzire ndichiti "Mwari vari kurutivi rwako ". Pane hondo iripo mundangariro dzako asi Mwari vanorwawo vari kurutivi rwako.

Chitsauko 2

Chinodikanwa Uye Chakakosha

"Semafungiro aanoita mumoyo make, ndozvaari" (Zvirevo 23:7)

Urwu rugwaro runotiratidza kukosha kwakaita mafungiro atinoita. Mifungo ine simba zvekutoumba zvatinova kana kuita naizvozvo zvakakosha kururamisa zvatinofunga.

Ndinoda kutsinhidzira kukosha kwekururamisa mafungiro ako maringe neshoko raMwari.Haungavi nehupenyu hwakarurama uine mifungo yakatsveyama.

PFUNGWA DZINOFUNGA NEMAFUNGIRO ENYAMA ZVICHIENZANISWA NEPFUNGWA DZINOFUNGA MARINGE NEZVINOTAURA MWEYA

"Nokuti vaya vanorarama nemararamiro enyama, pfungwa dzavo dzinofunga zvinodiwa nenyama, asi vaya vanorarama nemararamiro eMweya, pfungwa dzavo dzinofunga zveMweya [Mutsvene]" (VaRoma 8:5)

MuBhaibheri re King James muchitsauko chechisere mubhuku yeva Roma tinodzidza kuti "tikafarira zvenyama tichafamba tichitevedzera zvinoda nyama asi tikafarira zvemweya tichafamba tichitevedzera zvinoda Mweya.

Nemamwe mashoko tikava nemifungo yenyama, mifungo yakatsveyama, hatingakwanisi kufamba maringe nezvinoda Mweya.Zvinoita sekuti zvinotoda kufunga maringe nezvinotarisirwa na Mwari kuti tigova vakristu vanokunda. Dzimwe nguva sevanhu tingona kuitira chimwe chinhu nungo nekuda kwekusaziva kukosha kwacho asi kana taziva kuti kuchiregerera kunogona kukonzerza matambudziko zvinenge zvakuda kuti titore matanho ekuchigadzirisa.

Semuenzaniso, bhangi rinogona kukuridzira runhare richiti akaundi yako iri kuratidza kuti yashandisa mari yausina kuisamo. Wanzwa izvi unoita tsvakurudzo woona kuti une mari yawaifanirwa kuendesa yausina kuzoendesa wobva watomhanyira ku bhangi kuendesa mari iyoyo kuti pasaita mamwe matambudziko kumberi.

Nenzira imwechete yekugadzirisa iyi ndomagadzirisiro anunofanirwa kuita pfungwa dzako. Hupenyu hwako hunogona kunge huri manyama amire nerongo nekuda kwemakore mazhinji emafungiro akatsveyama. Kana zvirizvo, zvakakosha kuziva kuti hupenyu hwako hunogona chete kugadziriswa kana wagadzirisawo mafungiro ako. Koshesa nyaya iyi, wozvipira kuputsa nhare dzakamisikidza nasatani mupfungwa dzako.Ita izvi uchishandisa zvombo zviya-shoko,rumbidzo nemumanamato.

KUBURIKIDZA NEMWEYA

"Kwete nesimba kana chikuriri, asi neMweya wangu...ndizvo zvinotaura Mwari vehondo." (Zechariah 4:6)

Chinobatsira pakuwana rusununguko kukumbira rubatsiro kubva kuna Mwari uye uchirwukumbira nguva dzese. Chimwe chezvombo zvatinoshandisa munamamto (chikumbiro). Haungakwanise kukunda nekungoda kukunda chete. Unofanirwa kuda kukunda hongu asi uchikundiswa na Mweya mutsvene kwete kuedza kuzviita wega nesimba rako. Mweya Mutsvene mubatsiri wako-mutsvage. Zembera paari nekuti wega haungazvigoni.

CHINODIKANWA UYE CHAKAKOSHA

Kana uri mutendi, mafungiro akarurama akakosha. Chinhu chinodikanwa uye chakakaosha, chinhu chekuti haugoni kurarama usina sekukosha kwakaita kupomba ropa kunoita moyo wako. Haukwanisi kurarama kana usingadaro.

Mwari vakatsinhidzira kwandiri kukosha kwekuwadzana navo mumunyengetero nemushoko ravo makore mashoma apfuura. Ndainetseka chaizvo kuti ndizvioredzere kuita izvi kusvika vandiratidza kukosha kwazvo. Sekukosha kwakaita kupomba kwemoyo kuti munhu ararame, ndiko kukoshawo kwakaita kuwadzana naMwari mumunyengetero nemushoko kuti munhu akurewo mune zvemweya. Pandakangodzidza kukosha kwekuwadzana naMwari ndakabva ndazvikoshehsa chaizvo muhupenyu hwangu.

Nenzira imwechete pandakangoziva kukosha kwekururamisa mafungiro kuti ndirarame hupenyu hweukunda nguva dzose ndakazvisungira kuita zvese zvandinokwanisa kururamisa mafungiro angu nekutosarudza zvandinofunga nezvavzo.

ZVAUNOFUNGA NDOZVAUNOVA

"Itai muti uve wakanaka (ine hutano) uye muchero yawo ichava yakanaka (ine hutano uye inonaka) kana kuti itai kuti muti uve wakashata (unezvirwere) uye michero yawo ichave yakashata (ine zvirwere uye isinganaki) nekuti muti uchazivikanwa nemichero yawo." (Mateo 12:33)

Bhaibheri rinoti muti unoziikanwa nezvibereko zvawo. Ichi ichokwadi kunyangwe muhupenyu hwedu. Mifungo inobara zvibereko. Ukava nemifungo yakanaka zvibereko zvehupenyu hwako zvinovawo zvakanaka. Ukafungawo mifungo yakaipa zvibereko zvehupenyu hwako zvinovawo zvakashata. Ukatarisa hupenyu hwemunhu nehunhu hwake unotokwanisa kuziva mafungiro ake. Munhu ane moyo munyoro netsitsi haangavi

nemafungiro epfundepfunde kana ehutsinye. Zvimwechetewo nemunhu ane moyo wakaipa nehutsinye, haangakwanise kuva nepfungwa dzakanaka.

Rangarira Zvirevo 23:7 utendere rugwaro urwu kuvandudza hupenyu hwako nekuti semafungiro aunoita ndozvaunova.

Chitsauko 3

Usakanda Zvombo Pasi!

“Ngatiregai kuneta pakuita zvakana, nekuti nenguva yakafanira tichakohwa kana tisingaori moyo.” (VaGaratia 6:9)

Zvisineyi nemamiriro azvakaita muhupenyu hwako kana mundangariro dzako, usakanda mapfumo pasi. Tora zvese zwawakabirwa nasatani kunyangwe ukazviita muzvidimbu zvidiki –zvidiki panguva yega yega uchingozembera pa nyasha daMwari kwete pakugona kwako kuti ukunde.

Pana VaGaratia 6:9 muapostora Pauro anotikurudzira kuti tisanete. Usave munhu anobvuma kukanda mapfumo pasi. Usabatwe nemweya wekukundwa. Mwari anotsvaga vakazvipira kurwa kusvika panopera hondo yacho vainaye.

PFUURA, KUNDA

“Paunopfuura nemumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda nemunzizi, hadzizokukukuri. Paunofamba nemumoto haungazotsvi, murazvo haungazokupisi.” (Isaya 43:2)

Chero chaungadaro uchipindana nacho muhupenyu hwako, ndinokukurudzira kuti pfuura usakande mapfumo pasi.

Habbakuk 3:19 inoti nzira yatinova nayo tsoka dzenondo (nondo imhuka inogona kukwira makomo nekukurumidza) (pane kumira pazvimbo imwechete nekuti tiri kutya). Kutि tipfuirire mberi tichikura pamweya kuti tisvike pakwakwirira (mumatambudziko nezvese zvatinofanirwa kutarisana nazvo muhupenyu)! Nzira inoshandiswa naMwari kuti tikure pamweya kuva nesu nekutikurudzira nekutisimbisa kuti tirambe tiri munzira yedu kunyangwe zvakakoma.

Zviri nyore chaizvo kukanda mapfumo pasi uye zvinotoda kutenda kuti ukunde.

SARUDZO NDEYAKO!

“Nhasi uno ndinodana denga nenyika kuti zvikupupurei kuti ndaisa pamberi penyu upenyu nerufu, maropafadzo nekutukwa. Zvino sarudza upenyu kuitira kuti iwe nevana vako mugorarama.” (Dhuturonomi 30:19)

Pane zviuru nezviuru zvepfungwa dzinoiswa pamberi pedu mazuva ese. Ndangariro dzedu dzinoda kugara dzichivandudzwa kuti dzirambe dzichiteera zvemweya kwete zvenyama. Pfungwa dzedu dzenyama dzakajaira chaizvo

kufunga zvadzinoda zvekuti zviri nyore chaizvo kuva nendangariro dzakashata pasina kana kugomedzerwa.

Kune rumwe rutivi tinofanirwa kutoita sarudzo yekururamisa mafungiro edu. Kana tichinge tazoita sarudzo yekufunga maringe nezvinotarisirwa naMwari, tinofanirwa kuramba tichiita sarudzo yekusarudza pfungwa dzakarurama.

Patinotanga kunzwa sekuti hondo yemupfungwa iyi ingangotikura uye hatisi kuzokunda, tinofanirwa kutoputsira pasi mufungo iwovo tosarudza kufunga kuti tinokunda chete! Hatifanirwi kuperera pakungofunga kuti tichakunda pahondo iyi asi kuzvipira kuti hatisi kuzokanda mapfumo pasi. Nyangwe tichipotserwa zvimhingamupini zvinoratidza sekti zvingatikunda tinofanirwa kutomira toti "hand izi kuzokundwa! Mwari varikurutivi rwangu. Vanondida uye varikundibatsira.

Ini newe tinesarudzo dzakawanda dzekuita muhupenyu hwedu. Muna Dhuturonomi 30:19 Mwari vakaudza vanhu vavo kuti vaive vavapa sarudzo pakati pehupenyu nerufu akavakurudzira kusarudza hupenyu. Pana Zvirevo 18:21 tinoudzwa kuti rurimi rwunesimba pamsoro pe hupenyu nerufu uye vanorwushandisa vachadya zvibereko zvekurwushandisa.

Mirangariro yedu ndiyo inoumba mashoko naizvozvo zvakakosha kuti tisarudze mifungo inopa hupenyu. Tikadaro nemashoko anopa hupenyu anozobuda matiri.

USAKANDE MAPFUMO PASI!

Kunyangwe ukaona sekunge hondo yacho haisikukundika rangarira kuti urikuedza kumanikidza pfungwa dzine mafungiro enyama kufunga sezvinotarisirwa naMwari.

Zvinganzi hazvigoneke here? Kwete

Zvinganzi zvinonetsa here Hongu!

Asi pafunge, una Mwari kurutivi rwakoNdinotenda kuti ndiye mururamisi mukuru wepfungwa (pfungwa dzako dzakangofanana nemushini wecomputer unenege wave nemakore uchiiswa pfungwa dzisina kururama). Mwari varikutoshanda kukugadzirisa, ndokunge wavakoka kuti vauye vabate basa iri rekudzora mafungiro ako. Chako kuramba uchishanda pamwechete navo usingakande mapfumo pasi.

Zvinogona kutora nguva uye hazvisi nyore asi watoita sarudzo yakanaka kana wasarudzo kuva nemafungiro anoenderana nezvinodiwa na Mwari. Zviri nani kupedza nguva uchienda mberi uchivandudza hupenyu hwako pane kungogara uchirarama zvakadaro kwehupenyu hwako hwese.

TENDEUKA UTORE ZVESE ZVIRI ZVAKO

"Jehovah Mwari wedu akataura kwatiri paHoreb akati "magara nguva refu pagomo iri. Simukai muende kunyika yeva Amori, muende kumarudzi ese akavakidzana mu Arabha, mumakomo, nemuzasi mezvikomo zvokumadokero, nemuNegevhi uye kumahombekombe egungwa, nekunyika yeva Kenani uye neku Rebanoni kusvika kurwizi urwo Yufratesi, tarirai ndakupai nyika iyi. Endaimo mundotoru nyika iyo Jehovah akapika kuti achaipa kumadzibaba enyu, kuna Abrahama nalsaka, naJakobho uye nekuzvizvarwa zvavo zvaizotevera." (Dhuturonomi 1:6-8)

Pana Dhuturonomi 1:2 Mosesi akaudza va Israeri kuti rwendo rwekusvika kumuganhu waiganhura panotangira Kenani (nyika yechipikirwa) rwaingova rwemazuva gumi nerimwechete chete kuyangwe zvakavatorera makore makumi mana kuti vazosvikako. Pavhesi rechitanhatu anovaudza kuti "Ishe Mwari vari kuti kwatiri "magarisa pagomo iri."

Iwe wagarisawo here pagomo rimwechete? Wapedzawo here makore makumi mana uchiedza kungopedza rwendo rwemazuva gumi nerimwechete?

Ini pachangu ndakatozopepuka ndikaona kuti ndiri kungotenderera hapana kwandiri kuenda. Ndaive mukristu aisakunda. Kufananawo na Mary na John, ndaivevo nemifungo yakashata yakawanda nenhare dzakawanda dzaive dzakamisikidza mupfungwa dzangu kwemakore nemakore. Satani aive andinyepera uye ndaive ndazvitenda. Nekuda kwekutenda manyepo aya ndairarama hupenuy hwekunyengedzwa.

Ndakapedza makore akawanda pagomo ororo. Ndakaita makore akawanda parwendo rwaifanirwa kunditorera nguva pfupi dai ndainge ndaziva zvinotaura shoko raMwari.

Mwari vakandiratidza kuti valsraeri vakagarisa murenje nekuti vaive "nekafungiro kemurenje" - aka kaive kamwe kafungiro kakaita kuti varambe vari muhutapwa. Izvi tichataura nevazvzo muzvikamu zvinotevera asi parizvino rega ndikukurudzire kuti uite sarudzo yekuti uchavandudza pfungwa dzako uye ugodzidzira kusarudza zvaunofunga nevazvzo zvakachenjera. Ita sarudzo yekuti hausi kuzokanda mapfumo pasi kusvika wakunda watora chose chinonzi nhaka yako.

Chitsauko 4

Padiki Nepadiki

"Jehovah Mwari wenu achadzinga ndudzi idzi kubva pamberi penyu zvishoma nezvishoma. Hamungatenderwe kuvaparadza kamwe kuti musamomoterwe nezvikare munzvimbo dzakakupoteredzai."
(Dhuturonomi 7:22)

Kururamiswa kwefungwa dzako kuchaitika zvishoma nezvishoma saka usaore moyo kana zvichiita sezvinononoka.

Vasati vapinda munyika yechipikirwa Mwari wakaudza valsraeri kuti aizotintha vavengi vavo zvishoma nezvishoma kuti zvikara zvesango zvisazowanda munzvimbo yavo.

Ndinotenda kuti chikara chinonzi "kuzvikudza" chinogona kutikurira kana tikapiwa kukunda kwakawandisa panguva imwechete. Zvingava zvakanaka tikanunungurwa zvishoma nezvishoma muzvikamu zvakasiyana. Zvikadaro tinogona kukoshesa kukunda kwedu tichinyatsoziva kuti kukunda kwabva kuna Mwari kwete kwekuzvigonera tega nesimba redu.

KUTSUNGIRIRA KUNOUNZA RUSUNUNGUKO

"Uye Mwari wenyasha dzose [anopa maropafadzo ese nezvese zvakanaka], akakudanirai kukubwinya kwake kusingaperi muna Kristu, mushure mokumbotambudzika kwechinguva chiduku achakuponesai uye achakusimbisai agokumisai zvakasimba uye agokutsigisai." (1 Petro 5:10.)

Neyi tichifanirwa " kumbotambudzika kwechinguva chiduku"? Ndinovimba kubva kuti kubva panguva yatinongoziva kuti tine dambudziko kusvika panguva apo Jesu anozouya kuzotinunura tinotombotsungirira kakutambudzika asi tichizofara zvakanyanya kana tichizenge tasunungurwa. Patinenge tamboedza kuita tega tokundikana toyeuka kuti tinofanirwa kumira naye, moyo yedu inozofara zvakanyanya nekumurumbidza apo anosimuka oita zvatasingakwanisi isu.

HAPANA KUPOMERWA

"Naizvozvo zvino hakuchina kupomerwa kana kipiwa mhosva kune varimuna Kristu [vanorarama nokufamba muna Kristu kwete panyama]."
(VaRoma 8:1)

Usabvume kunzwa mhosva pamazuva azvinenge zvisinganyatsofamba kanakuti paunenge wamboita sewadzokera kumashure. Ingozvisumudza wozvizunza huruva woendera mberi. Mwana paanodzidzira kufamba anodonha kakawanda asati azoita chivimbo chekunyatsofamba zvakakanaka. Chinobatsira mucheche uyu kunyangwe akachema kwenguva diki kuti haakande mapfumo pasi anosimuka oedza zvakare mushure menguva diki.

Satani achaedza nepaanogona kukumisa munyaya iyi yekumutsiridza nekururamisa mafungiro ako. Anoziva kuti pake papera pekukudzora kana wakungogona kupota uchisarudza kuva nemifungo yakanaka nekufunga zvakarurama uchisiya mifungo isakarurama. Achaedza kukumisa nekukuodza moyo nekukupa mhosva. Kipiwa mhosva kukuya, shandisa chombo cheshoko chiru pana VaRoma 8:1 uchizviyeuchidza pamwe nasatani kuti iwe haufambi mumaitiro enyama asi mumaitiro emweya. Kufamba mumaitiro enyama kunoreva kuzvivimba iwe uye kufamba mumweya kunoreva kuvimba naMwari. Pauchakundikana (izvi zvinotoitika), hazvireve kuti uri mukundikani. Zvinongoreva kuti haugoni kuita zvinhu zvese nenzira yakarurama. Tese tinofanirwa kugamuchira kuti tine kwatakasimbira nekwatiine hutera. Ingoita kuti Jesu vave simba rako muhutera hwako. Ngaave simba rako mumazuva ako ekukundikana.

Ndinodzokorora, usabvume kunzwa mhosva. Kukunda kuzere kuchauya asi zvinotora nguva sezvinhu zvichaitika " zvishoma nezvishoma."

USAORE MOYO

"Wakasuwireiko nhai mweya wangu? Unotambudzwa neiko nayi mweya wangu. Isa tariro yako muna Mwari nekuti ndichamurumbidzazve Muponesi wangu naMwari wangu." (Mapisarema 42:5)

Kuora moyo kunouraya tariro ndosaka satani achedza kutiodza moyo. Pasina tariro tinokanda mapfumo pasi, zvinova ndizvo zvinenge zvichidiwa nasatani. Bhaibheri rinotikurudzira kakawanda kuti tisaore moyo uye tisasuwe. Mwari vanozviziva kuti hatingakundi tikaodzwa moyo saka vanotanga nekutikurudzira patinotanga chinhu achiti "musaore moyo". Mwari anoda kuti tive vanhu vakakurudzirika kwete vakaodzwa moyo. Ukaona wakuora moyo kana kunzwa mhosva zvakukukurira, imbotora nguva unzvere zvauri kufunga pamazuva iwayo. Pfungwa idzodzo dzinoenderana neizvi here?

"handisi kuzokunda apa, izvi zvakandiomera izvi. Ndagara ndiri wekukundikana zvakangofanana izvi nepandinokundikana pese, hapana chashanduka apa. Ndofunga vamwe vanhu vanongotamburawo nekuvandudzwa kwepfungwa saka ndini ndadii regai ndisiyane nazvo. Ndaneta nekuedza. Ndinonamata asi zvinoita sekuti Mwari hanzwi nekuti vanenge vagumbuswa ne maitiro angu.

Kana ariwo mafungiro anunomboita aya hazvishamisi kuti unomboodzwa moyo kana kunzwa mhosva. Rangarira kuti zvaunofunga ndozvaunova. Ukafunga pfungwa dzekuora moyo unovawo akaodzwa moyo. Ukafungawo pfungwa dzukunzwa mhosva unotonzwawo uine mhosva. Chinja mafungiro ako usununguke! Zvakanaka kugadzirisa mafungiro kuti uve anogaro funga sezivi:

"Zvinhu zviri kufamba hazvo zvishoma nezvishoma asi ndinotenda Mwari kuti zviri kutoita."Ndiri kufara kuti ndiri mugwara chairo rimonodisvisitsa kurusununguko.Ndakava nezuva rakaoma nezuro nekuti ndaive ndasarudza kufunga mifungo isiriyo.Mwari, ndiregererei uye mundibatsire kupfuirira mberi.Ndakaita mhosho yandisingafanirwi kudzokorora .Iri izuva idzva,munondida Ishe,nyasha dzenyu itsva mangwananai ega ega.Ndaramba kuodzwa moyo,ndaramba kunzwa mhosva.Shoko renyu Baba rinotaura kuti imi hamundipe mhosva.Makatuma Jesu kuzondifira.Zvichandinakira chete zuva ranhasi.Ndibatsirei ndive nemirangariro yakanaka zuva ranhasi.

Ndofunga urikutonzwa kukunda kuri mukuba nemifungo yakadai ine tariro nezvinotarisirwa naMwari.Isu tinoda zvinhu zvinoitika chiripo ripotyo. Tine chibereko chemoyo murefu matiri chinoshanda kubva mukati chichibuda kunze. Dzimwe nguva Mwari vanotora nguva yavo kutipa rudzikanuro nekukunda kwedu. Vanoshandisa nguva iyoyi kukwenenzvera kutenda kwedu kuburikidza nekuita kuti moyo murefu uite basa rawo (Jakobho 1:4KJV). Nguva yaMwari ndiyo chaiyo yakafanira. Havanonoke.

Pane mumwe mufungo wakanaka pano watinogona kuva nawo wekuti: Ndinotenda muna Mwari. Ndinotenda kuti arikushanda mandiri zvisinieyi nezvandinganzwe kana zvakandikomberedza. Mwari vakatanga basa rakanaka mandiri uye Vacharipedzisa" (VaFiripi 1:6; 2:13)

Iyi ndiyo imwe yenzira yekushandisa nayo chombo cheshoko kuturunura nhare dzakamisikidzwa nemuvengi. Hazvina kukwana kungova nemifungo yakururama asi ndinokurudzira kuti mifungo iyoyo upote uchiitaura sechisimbiso chezvaunoda muhupenyu hwako.

Usakanganweka kuti Mwari vari kukudzkinura zvishoma nezvishoma saka usaore mwoyo kana kunzwa mhosva ukaita mhosho.

Zviitire mwoyo murefu!

Chitsauko 5

Iva Nemafungiro Anetariro

“...uchazviitirwa sekutenda kwako...” (Mateo 8:13)

Pfungwa dzinemifungo yakanaka dzinoburitsawo hupenyu hwakanaka. Pfungwa dzine mifungo yakashata dzinoburitsawo hupenyu hwakashata. Pfungwa dzakanaka dzagara dzinoburitsa tariro nekutenda. Pfungwa dzakashatawo dzinoburitsa kutya nekusatenda.

Vamwe vanhu vanotya kuva netariro nekuti varwadziswa zvakanyanya muhupenyu. Varasiswa kakawanda muhupenyu zvekuti havachada kurwadziswa zvakare. Izvi zvinoita kuti varambe zvachose kuva netariro kuti vasazorwadziswa.

Iyi nzira yekutiza kurwadziswa inzira yekuzvidzivirira mukurwadziwa. Iko kurasiswa kunorwadza! Vamwe vanotoona zviri nani kusava netariro pane kurwadziswa zvakare. Saka vanoramba zvachose kuva netariro senzira yekuzvidzivirira nekuti vanototenda kuti hapana chakanaka chingaitike kwavari. Aka kararamiro aka kanotoumba mararamiro asina kunaka. Zvinhu zvese zvinobva zvakanganisika nekuda kwemafungiro asina kunaka. Rangarira Zvirevo 23:7: semafungiro ake munhu ndiwo maitiro akewo...

Makore akawanda apfuura ndaivewo nemafungiro akatsveyama. Ndinogarota kuti panguva iyoyo dai ndaingoita pfungwa mbiri dzakanaka dzakateedzana pfungwa dzangu dzaigona kuita chiveve. Murangario wangu mukuru waive wekuti ndikasava netariro yezvinhu zvakana nyangwe zvikasazoitika handirwadziwe nazvo.

Ndaive ndasangana nekurasiswa kakawanda muhupenyu, zvakawanda zvinhu zvinorwadza zvaive zvaitika kwandiri zvekuti ndaitotya kutenda kuti pane chakanaka chingaitike kwandiri. Ndaive ndakungoona zvakaipa zvirizvo zvega zvinogona kuitika. Nekuda kwemafungiro aya ndaivewo ndakutaurawo zvakangoshatawo kufanana ne pfungwa dzangu nehupenyu hwangu huchibva hwangoteedzerawo izvozvo. Pandakatanga kunzvera nekuvimba neshoko raMwari kuti rindidzoreredze, chinhu chekutanga chandakaziva kuti chaifanirwa kushanduka mafungiro akashata andaive nawo.

Pana Mateo 8:13 Jesu anotiudza kuti tichaitirwa zvinoenderana nekutenda kwedu. Bhaibheri re King James robva rati... sekutenda kwamakaita, ndizvo ngazviitwe kwamuri. Zvese zvandaifunga zvaive zvakashata saka zvakawandawo zvakashata zvakaitika kwandiri.

Hazvirevewo kuti ini newe tinogona kungowana zvese zvatinoda nekungofunga zvakana chete. Mwari vane hurongwa hwakanakira

mumwe nemumwe wedu uye isu hatigoni kumudzora nemafungiro edu ne mashoko asi isu tinofanirwa kutaura nekufunga mukuwirirana ne hurongwa hwake pamsoro pedu.

Kana usati waziva hurongwa hwaMwari nekuda kwehupenyu hwako panguva ino ingotanga nekuzviudza kuti handingazine hangu hurongwa hwaMwari asi chandinoziva ndecekuti anondida uye zvese zvaanoita zvinenge zvakandinakira uye ndinotoropafadzwa.

Tanga kufunga zvakanaka nezvehupenyu hwako.

Ramba uchidzidzira kuva nemifungo yakanaka pazviitiko zvese zvingamuka. Kunyangwe zvinenge zvichiitika zvisina kunaka, ingotarisira kuti Mwari vachangoita kuti zvikunakire sezwavakavimbisa mushoko ravo.

ZVINHU ZVESE ZVINOSHANDIDZANA KUTI ZVIBUDE ZVAKANAKA

***"Uye tinoziva kuti muzvinhu zvese Mwari anoita kuti zviite zvakanaka kune
avo vanomuda vaya vakadanwa maringe nezvaanoda nezvaakaronga."***
(VaRoma 8:28.)

Rugwaro urwu haruna kuti zvinhu zvese zvakanaka, asi rwunoti zvinhu zvese zvinoshandidzana kuti paitike chinhu chakanaka.

Tomboti urikuronga kuenda kumagirosa kunotenga. wonopinda mumota mako asi yoramba kumuka. Pane nzira mbiri dzekutarisa nadzo chiitiko ichi. Unogona kuti "ndanga ndichizviziva kuti rwendo rwango harubudire, zvagara ndizvo zvinoitika ndikaronga chinhu. Ndatozvinyumwa kuti rwendo harubudire urwu, hurongwa hwese ndozvahunoita. Kana kuti unogona kuti "ndanga ndichida kuenda nhasi kunotenga asi mota zvayaramba ndichaenda yagadzirwa zvichida pane chikonzero chandiri kufanirwa kuswerera pamba nhasi. Ndinovimba kuti shanduko yehurongwa iyi yakandinakira saka rega ndinakirwe hangu nekuswera pano.

Pana VaRoma 12:16muapostora Pauro anotiudza kuti tinofanirwa kuva vanhu vanogara vakagadzirira shanduko muzviitiko nemuvanhu chero ipi zvayo nguva. Izvi zvinotibatsira kuti tive vanhu vanoronga muhupenyu asi tisave vanhu vanozowondomoka kana hurongwa hwavo hwatadza kubudirira.

Munguva pfupi yadarika ndakava nemukana wekuzviita izvi apo ini na Dave taive ku Lake Worth ku Florida. Taive tapedza mazuva matatu tichishumira ikoko uye taive takurongedza kuti tiende kunhandare yendege kuti tiende kumba. Ndaive ndakaronga kupfeka mudhebhe nerimwe bhuraazi ne bhutsu dzakadzikira kuti ndive ndakanyatsogadzikana parwendo rwedu rwekudzokera. Ndakatsvaga mudhebhe wangu pese pandaifunga

ndikaushaya, kwakuzoona kuti waive watsvedza pawaive wakaturikwa. Waive wachiunyana zvino zvekuti kunyangwe sitima yataifamba nayo yakatadza kупедза kuwunyana uku. Ndakatongoona kuti zvaive zvasara kwaive kupfeka dhirezi neshangu refu. Ndainzwa kuti izvi zvaive zvakutoda kutondistamwisa zvikuru. Uri kuona here kuti pese panoitika zvinhu neimwe nzira yatanga tisingatarisire manzwiro edu anoshanduka totsamwa, kushungurudzika, kuzvitarisira pasi kana kuva nemafungiro akaipa. Panguva iyi ndakabva ndatoona kuti ndaive nesarudzo mbiri apa; kutsamwiswa nekuti zvinhu zvaive zvataadza kufamba nenzira yandaida kana kuti ndogamuchira zviripo ndoenda hangu kumba ndakafara. Kunyangwe munhu ane mafungiro akanaka nguva dzese hazvireve kuti zviitiko zvinoitika kwaari zvinenge zvakanaka nguva dzese. Mustauko ndewekungoti munhu uyu anesarudzo yekungofara zvisineyi nemaitikiro azoita zvinhu. Uyowo anemafungiro akashata nguva dzese haana chinomunakidzawo nguva dzese.

Munhu anofunga zvakashata nguva dzese haanakidze kuva naye. Anopedza mufaro wese pachiiitiko chipi nechipi. Anongova munhu anorema so. Anongogunun'a, kun'unu'na, nekutsvaga mhosho pese pese. Nyangwe pakatenge paine kufamba zvakanaka kwezvinhu munhu akadai haashaye chaanoona sechichatokanganisika pachiiitiko ichocco.

Kare ndichiri kurarama mumazuva ekuva nepfungwa dzakashata nguva dzese, ndaiti ndikapinda mumba yemunhu yaachangogadzira zvakanaka, kunze kwekuona nekurumbidza zvakanaka zvese zvinenge zvaitwa mumba imomo, ziso rangu raingtonomhara pakanzvimbo kamwechete kekuti zvichida pendi haina kuiswa zvakanaka kana kuona chidimbu chakakwatuka pahwindo. Asi ndiri kufara kuti Jesu vakandinunura kuti ndinakirwewo nezvinhu zvakanaka muhupenyu. Ndasunungurwa zvekuti netariro nekutenda maari ndakuona kuti kunyangwe zvakashata zvacho zvinogona kupinduka kuti zviburitse zvakanaka.

Kana uri munhu anogarova nemafungiro akashata usanzwe mhosva. Nekuti kunzwa mhosva itoriwo imwe nzira yepfungwa dzakashata. Ini ndirikugoverana newe zvinhu izvi kuti uve neruzivo nezvedambudziko rekuva nepfungwa dzakashata ndiri kuita izvi zvakare kuti utange kuvimba naMwari kuti anokudzoreredza ndangariro dzako kwete kuti ubva watogodza pfungwa dzakashata pakushata kwefungwa dzako.

Rwendo rwekukunda rwunotanga patinotarisana nematambudziko asi tisangatsvagi zvikonzero zvekuti sei tadaro. Ndinovimba kuti kana uri munhu ane mifungo yakashata, pane chikonzero, pagara patori nechikonzero. Asi rangarira kuti maringe nebhaibheri semukristu wave munhu mutsva ikozvino.

ZUVA IDZVA

"Naizvozvo kana munhu ava muna Kristu [kubatanidzwa pamwe na Messiah], ava chisikwa chitsva [chitsva zvachose] zvakare [zvemafungiro endangariro nemafambiro epanyama] zvapfuura zvinhu zvese zvave zvitsva." (2 VaKorinde 5:17)

Sechisikwa chitsva haufanirwe kuramba uchibvumidza zviitiko zvakaitika kare kuti zvidzore hupenu hwako hutsva muna Kristu. Wave chisikwa chitsva nehupenu hutsva muna Kristu. Unogona kuvandudzwa pfungwa sezvinotaurwa neshoko raMwari. Zvinhu zvakanaka zvichaiitika kwauri.

Fara, izuva idzva!

BASA RAMWEYA MUTSVENE

"Asi ndiri kukutaurirai chokwadi kuti zvakakunakirai [zvine pundutso kwamuri, zvichakuitirai zvakanaka] imi kuti ini ndave kuenda. Kana ndikasaenda munyaradzi [chipanga mazano, mubatsiri, mumiririri, murevererij haangayui kwamuri [kuzova myananano nemij] asi kana ndikaenda ndichamutumira kwamuri [kuzoyanana nemij]. Kana asvika achapa nyika mhosva pamsoro pechivi nepamsoro pekurarama [kururama kwemoyo nekumira naMwari] nokutongwa." (Johani 16:7,8)

Chakanyanyooma pakusunungurwa kubva mumifungo isina pundutso kutarisana nechokwadi wobvuma wega kuti " ndiri munhu anorarama mukufunga kusina kunaka uye ndinoda kushanduka. Handigoni kuzvishandura ini asi ndinotenda kuti Mwari vachandishandura sezvo ndiri kuvimba navo. Ndinoziva zvingatore nguva asi handisi kuzoneta nekuzvitarisira pasi. Mwari vakatanga basa rakanaka mandiri uye vanokwanisa chaizvo kuripedzisa" (VaFiripi 1:6)

Kumbira Mweya Mutsvene vakupe mhosva pese paunotanga kufunga nenzira isiriyo. Iri ndiro rimwe remabasa ake. Johani 16:7,8 inotidzidzisa kuti Mweya Mutsvene vanotipa mhosva nekuda kwechivi votiisa mugwara rekururama. Kana izvi zvaiitika, kumbira Mwari kuti vakubatsire. Usafunge kuti ungazvigone wega. Zembera pavari.

Kunyangwe ini ndaive munhu airarama mumafungiro akashata, Mwari vakandizivisa kuti ndikavimba navo vaizoita kuti ndive munhu ane ndangariro dzakanaka nguva dzose. Ndainetseka kuti pfungwa dzangu dzigare dziri mugwara rakanaka asi ikozvino ndakutonetseka nepfungwa dzinogarofunga nenzira isiriyo. Zvafanana nemunhu aimboputa fodya akazorega anenge asisatomboda kana kuiona. Ndakange ndaputa kwemakore akawanda asi pandakarega handinazve kuzoda kana munhuwi wefodya. Ndaive ndiri munhu airarama nemifungo yakatsveyama asi ikozvino mafungiro akadaro

anotondigumbura chaiko. Ndofunga zvinokonzerwawo nekuti ndakaonawo shanduko huru muhupenyu hwangu kubva pandakashandurawo mafungiro angu zvikashandura mararamiro angu. Mararamiro angu ashanduka zvekuti ndakutopesana nezvinhu zvese zvinezekuita nemifungo isina kunaka.

Ini ndakatarisana nechokwadi uye ndinikukurudzira kuti uitewo zvimechete. Kana uchirwara usati "handisi kurwara." Nekuti hachisi chokwadi asi unokwanisa kuti "ndinovimba kuti Mwari varikundiporesa". Haufanirwi zvakare kuti "ndofunga zvichatowedzera ndikapeddzisira ndave muchipatara" asi iti "simba raMwari riri kutoshanda mandiri ikozvino uye ndinotenda kuti ndinoita zvakanaka." Zvinhu zvese zvinofanirwa kuringaniswa. Asi izvi hazvireve kuti pfungwa dzakanaka dzinofanirwa kurungwa nedzakaipa. Zvinongoreva kuti iva nepfungwa dzakagadzirira kutarisana nemamiriro ezvinhu akasiyanasiyana zvingadaro zvakanaka kana kushata.

PFUNGWA DZAKAGADZIRIRA

"Zvino vaBheria vakange vaine tsika dzakanaka kupfuura vaTesaronika nekuti vakagamuchira shoko nemoyo inodisia uye vachinzvera magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kuti zvaihwra naPauro zvaiva izvo."
(Mabasa 17:11)

Bhaibheri rino tino fanirwa kuva nepfungwa dzakagadzirira. Izvi zvinoreva kuti tino fanirwa kuva nepfungwa dzinogamuchira kuda kwaMwari pamsoro pehupenyu hwedu zvisineyi nekuti ndezvipi.

Semuenzaniso, mumazuva mashoma apfuura pane mudzimai wechidiki wandinoziva akarwadziwa moyo apo chivimbiso chewanano chaive nacho nerimwe jaya chakaputsika. Vaviri ava vainamata kuna Mwari kuti vazine kuti voenderera mberi nekudanana here kunyangwe zvazvo vaive vabvumirana kuti vambomira kuroorana panguva iyoyo. Mudzimai uyu aida kuti vaenderere mberi vari murudo uye aivimba nekushuvira kuti mudiwa wake aizomuchaira nhare achimuudza kuti ndizvo zvaiidawo. Ini ndakamuti "iva nepfungwa dzakagadzirira kana zvinhu zvikasazofamba sezvauri kutarisira. Iye akabva anditi "mafungiro enyu aya hakusiriko kuva nepfunga dzinotarisira zvakashata here", ini ndikati kwete!"

Kuva nepfungwa dzakashata kuva nemufungo wakaita sekuti,"hupenyu hwangu hwaperera pano, hakunazve achazonida, ndakundikana saka handichazombofara zvakare!"

Kuva nepfungwa dzinoona zvinhu nenzira yakanaka kunoita kuti utaure uchiti, " ndiri kunzwa kusuwa chaizvo nezvaitika izvi asi ndichavimba naMwari. Ndinovimba kuti ini nemujaya wangu uyu tichakwanisa kuzodanana. Ndichakumbira ndichivimba kuna Mwari kuti rudo rwedu rugadziriswe asi

chivimbo changu chikuru ndecekuti kuda kwaMwari kuve ndiko kunoitwa. Zvikasazoita saizvozvo ndinopfuirira mberi nehupenyu nekuti Jesu anorarama mandiri. Zvinogona kumbondirwadza kwekanguva asi ndinovimba naMwari. Ndinovimba zvakare kuti zvinhu zvese zvichanaka mumagumo.

Uku ndiko kutarisana nemamiriro ezzvinhu nepfungwa dzinofunga nenzira yakurarama uye uku ndiko kuva ne pfungwa dzakagadzirira zvese.

SIMBA RETARIRO

Pasina kana tariro [wakatarisa neziso renyama], Abhurahama netariro akatenda uye akava baba vemarudzi [ndudzi hendudzi] sezvakange zvarehwa kwaari zvichinzi, "**zvizvarwa zvako zvichadarowo.**" **Haana kushaiwa simba mukutenda kwake, paakaona kuti muviri wake wakange watofa hawo [kusava nesimba zvachose], sezvo akange ava nemakore anopfuura zana okuzvarwa uye kuti chibereko chaSara chakange chafawo.** **Asi haana kukahadzika nekuda kwekusatenda pamsoro pechipikirwa chaMwari, asi akasimbiswa mukutenda kwake uye akakudza Mwari.**" **(VaRoma 4:18-20)**

Ini na Dave tinotenda kuti hushumiri hwedu hucharamba huchikura gore negore. Tinoda kuramba tichibatsira vamwe vanhu vakawanda, asi tinozivawo zvakare kuti kana Mwari vaine humwe hurongwa tosvika panopera gore tisina pundutso inooneka muhushumiri hwedu hatingatorerewe mufaro wedu nekuda kweizvozvo'.

Tine zvakawanda zvatinoshuvira tichitenda muna Mwari nekuda kwazvo asi pamsoro pazvose chivimbo chedu chiri mune mumwe munhu kupfuura zvinhu zvatingawane. Munhu iyeye ndiJesu. Hatizivi zvese zvichaitika asi tinogoziva kuti chero zvazvabuda zvaita zvichange zvakatinakira. Ini newe tikaramba tichiwedzera mukuva nepfungwa dzinoona zvinhu nenzira yakanaka nguva dzose zvinowedzera kushanda kwedu zvakanaka muna Mwari. Mwari vane pfungwa dzakarurama naizvozvo kuti tishande zvakakanaka navo dzeduwo pfungwa dzinofanirwa kuva nemashandiro akarurama.

Hongu unogona kunge uine mamiriro ezzvinhu asina kunaka zvekuti uri kutoti "Joyce dai waiziva mamiriro akaita zvinhu zvangu hawaimbotarisira kuti ndive nemifungo yakurarama."

Ndinokukurudzira kuti utarisezve vaRoma 4:18-20 inotaura kuti Abrahama mushure mekuongorora mamiriro ezzvinhu muhupenyu hwake (haana kufuratira mamiriro ezzvinhu) a kayera (kunyatsofunga nezvavzo) kufa kwemuviri wake nekufa kwechibereko chaSara. Zvakadai pamaonero enyama chaiwo, paive pasisisna chikonzero chetariro zvachose asi akave netariro mukutenda.

Abrahama aive nemaonero akanaka pamamiriro ezvinhu aive akashata chose!

VaHebheru 6:19 inotiudza tariro chibatiso chemweya chisingazunguniki. Tariro ndiro simba rinotidzikamisa munguva dzekuedzwa. Usafe warasa tariro nekuti ukadaro uchararama hupenyu hunorwadza chaizvo. Kana urikutorarama hupenyu hwakadai chitanga kuva netariro. Usatye. Handigoni kukuvimbisa kuti zvinhu zvichaitika semadiro aungaite, handingakuvimbise zvakare kuti hauzomborasiswa kana kurwadziwa. Asi kunyangwe nguva dzekurasiswa dzikavapo unogona kuva netariro nemafungiro akarurama. Zviise muhuvepo hwaMwari munoitika minana.

Tarisira munana muhupenyu hwako'

Tarisira zvinhu zvakanaka!

TARISIRA KUGAMUCHIRA! KUTI UGAMUCHIRE TARISIRA!

"Asi Jehovah anoshuva kukuitirai nyasha, anosimuka kuti akuratidzei tsitsi. Nekuti Jehovah ndiMwari wokururamisa. Vakaropafadzwa vese vanomurindira!" (Isaya 30:18)

Urwu ndirwo rumwe rwemagwaro andinofarira. Ukarwunzvera rwunotanga kukuunzira tariro huru. Marwuri Mwari vanoti varikutsvaga munhu wavangaiitire nyasha. Asi munhu uyu haangavi munhu ane pfungwa dzinofunga nenzira yakashata isina tariro. Anofanirwa kuva munhu ane tariro yekuti Mwari uchamuitira zvakanaka.

CHINOTANGA MBERI MWeya WE MASHURA

Chii chinozi mweya we mashura''?

Rimwe zuva ari mangwanani mumazuva andatanga kunzvera shoko raMwari, ndaikama musoro wangu mukamuri rangu pandakangonzwa kuti ndaive ndakakomberedzwa nemweya wairema waindizadza nekutyu ndichingonzwa kuti panae chakaipa chaida kuitika. Panguva iyoyi ndakabva ndaziva kuti mweya uyu ndaiunzwa nguva zhinji uchingofamba nen. Ipapo ndakabva ndabvunza Mwari kuti sei ndichigaronzwa manzwiros akadai, chimbori chii?

Vakandipindura kuti mweya wemashura.

Ndakashaya kuti zvairevei uye ndaive ndisati ndambozvinzwa. Munguva pfupi yakatevera ndakabva ndasangana nerugwaro rwuri pana Zvirevo 15:15- ". Mazuva ese evasina tariro nevakaremerwa anozadzwa nehuipi [nepfungwa dzekushushikana nemweya wemashura] asi uyo ane moyo wakafara anogara ari pamabiko [zvisinei nemariro ezvinhu]"

Ndakabva ndaziva ipapo kuti nguva zhinji yehupenyu hwangu ndaitambudzwa nepfungwa dzakaipa nemweya wemashura.

DZIVISA RURIMI RWAKO KUTAURA ZVAKAIPA!

"Nokuti uyo anoda hupenyu nekuona mazuva akanaka anofanirwa kudzora rurimi rwake pane zvakaipa nemuromo wake pakutura zvinonyenger."
(1 Petro 3:10)

Rugwaro urwu rwunotiudza zvakajeka kuti kunakirwa nehupenyu nekuva nemazuva akanaka zvinodyidzana zvakanyanya nerurimi rwako. Hazvinei kuti une makore mangani uine mafungiro ekuona zvinhu akashata ndinoviziva kuti unogona kushanduka nekuti ini ndakakwanisa kushandukawo. Zvakatora nguva ne makomo nemakomo erubatsiro rwaMweya Mutsvene asi mubairo wakafanira kunyangwe zvakatora nguva.

Uchava mubairo wakakoshawo kwauriwo iwe.

Nyangwe pakaitika chipi nechipi, vimba naShe uve nemaonero akanaka ezvinhu!

Chitsauko 6

Mhepo Dzinosunga Pfungwa

"Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwechete nokuvonga." (VaFiripi 4:6)

Murwendo rwangu rwekufamba na Mwari, ndakambosvika pane imwe nguva yandaiomerwa mukutenda zvimewe zvinhu zvandaimbotenda kare. Ndaisanzwisa kuti ndaive nedambudziko rei, nokudaro ndakatanga kupishana pfungwa.

Nguva yakafamba, pfungwa dzichingotambudzika. Kusatenda kwakaramba kuchingowedzera, ndakafunga kuti ndakurasa muono webasa reushumiri wandakapiwa naMwari.Ndaive ndakusuwa (Kusatenda kunounza kusuwa).

Kwemazuva maviri akatevedzana ndaingonzwa mashoko ekuti "mweya inosunga pfungwa". Musi wekutanga handina kufunga zvakanyanya pamusoro pazvo. Zvisinei, musi wepiri apo ndakatanga nguva yekunyengetera, ndakanza mashoko aya zvakare " mweya inosunga pfungwa" kanokwana kana kana kashanu.

Ndaiziva kuti vanhu vazhinji vandaishumira vaive nedambudziko mupfungwa dzavo. Ndakafunga kuti Mweya Mutsvene wanditungamirira kuti ndinamatire kereke kubva kumweya inobata pfungwa

Ndakatanga kunamata ne zita ra Jesu ndichisunga mweya inobata pfungwa.

Asi mushure memaminitsi ndichinamata ndakanza kudzinkurwa kunesimba mupfungwa dzangu.

KUDZINKURWA KUBVA KUMWEYA INOSUNGA PFUNGWA

Kudzinkurwa kuzhinji kwandinoitira muupenyu hwangu na Mwari kunozadzisika kuburikidza nekuverenga nekupupura shoko ra Mwari.Johani 8:31-32 uye Mapisarema 107:20 ndiwo magwaro ehuchapupu hwangu.

Muna Johani 8:31-32 Jesu vanoti, "...mukagara (nguva dzose) mushoko rangu...zvirokawazvo muri vadzidzi vangu.Muchaziva chokwadi,chokwadi chichakusunungurai ".

Mapisarema 107:20 yoti, "Ishe, unotuma shoko rake, ndokuvaporesa nokuvarwira pakuparadzwa kwavo".

Panguva iyi ndakanzwa nekuziva kuti pane zvaitika mupfungwa dzangu. Mumaminitsi mashoma ndakatanga kutenda zvakare zvinhu zvandaive ndisingatendi ndisati ndapinda panguva yekunyengetera.

Semuenzaniso, ndisati ndabatwa nemweya wakaipa unosunga pfungwa, ndaitenda kuti kuburikidza neshoko ra Mwari, nekuti ndaive mudzimai anobva ku Fenton, Missouri, aive asingazikanwi ndaive ndisingakwanise kuita shanduko muupenyu hwangu kana muushumiri (VaGaratiya 3:20), kana Mwari vavekuda, vachavhura masuwo asina anovhara (Zvakazarurwa3:8), uye ndichaparidza pasi rese tenderere mashoko ekudzinkura avakandipa.

Ndaitenda kuti ndichawana mukana wekushumira vhangeri kunyika yese kuburikidza newairesi (kwete nekugona kwangu, asi nokugoneswa). Ndaiziva kuti sezvazvakanyorwa mumagwaro, Mwari vanoshandisa zvakazvidzwa kutaura kuvachenjeri (VaKorinde 1:27). Ndaitenda kuti Mwari vachandishandisa kuporesa vanorwara. Ndaitenda kuti vana vedu vachashandiswa muushumiri. Ndaitenda zvose zvakanaka izvo Mwari vakaisa mumoyo mangu.

Zvisinei, apo ndakabatwa nemweya inosunga pfungwa ndakatadza kutenda zvose izvi. Ndakatanga kufunga kuti "dzinongoriwo pfungwa nje. Ndakafunga kuti ndaingozienda nokuti ndaingodawo asi hazvifi zvakaitika".

Asi pakabuda mweya wakaipa uyu, simba rekutenda rakadzoka neukasika.

SARUDZA KUTENDA

"Saizvozvo Mweya unobatiranawo nokusava nesimba kwedu, nokuti hatizivi kunyengetera zvakafanira, asi Mweya amene unotinyengeterera nokugomera kusingataurwi." (VaRoma 8:26)

SeMaKristu, tinofanira kudzidza kusarudza kutenda. Nguva zhinji Mwari vanotipa kutenda (chiberekha cha Mweya Mutsvane) muzvinhu zvingagamuchiriki nyore mupfungwa dzedu. Pfungwa dzinoda kunzwisia zvose kuti sei, riini uye zvozoveyi. Kana kunzwisia ikoko kusina kupiwa na Mwari pfungwa hadzgamuchiri zvadzisinganzwisisi.

Zvinoitika kazhinji kuti mutendi anoziva zvimwe zvinhu nemwoyo (munhu wemukati) asi pfungwa dzorwa nazvo.

Ndakaita sarudzo kare yokutenda zvinotaurwa mushoko uye kutenda shoko rakazarurwa (Rhema) randakapiwa na Mwari (shoko ravakandiudza kana

zvivimbiso zvavakandipa sedungamunhu) chero ndaisanzwisia kuti sei, riini kana kuti zvinogoneka sei muupenyu hwangu.

Asi chinhu ichi chandairwisa chaive chasiyana, chadarika sarudzo. Ndaive ndakabatwa nemweya inosunga pfungwa, ndaitadza kutenda.

Ndinotenda Mwari kuburikidza ne Mweya Mutsvene vakandiratidza manamatiro. Simba ravo rakatora chikuriri, nyangwe zvazvo ndaive ndisingazivi kuti ndirikuzvinamatira pandakatanga kunyengetera.

Ndine chokwadi kuti urikuverenga bhuku iri nokuti watungamirirwa kwariri. Dzimwe nguva une dambudziko rakadayi, ndinokukurudzira kuti unamate nemuzita ra Jesu, uchitsiura mweya inosunga pfungwa. Ita munamato uyu nguva dzose paunosangana nedambudziko iri.

Wakaipa haapererwi nemiseve inorura inotyisa yekutikandira patinenge takubudirira. Simudza nhovo yako yekutenda urangarire Jakobho 1:2-8 inotidzidzisa kuti, tikakumbira Mwari njere munguva yekumanikidzika vanotipa uye nekutiratidza zvatinofanira kuita.

Ndaive nedambudziko, museve unotyisa wandanga ndisina kumbosangana nawo asi Mwari vakandiratidza nzira yekunamata ndikasunungurwa.

Chitsauko 7

Ngwarira Zvaaurikufunga

"Ndichafungisisa zvirevo zvenyu, nokurangarira nzira dzenyu."

(Mapisarema 119:15)

Shoko raMwari rinotidzidza zvatinofanira kufunga nguva dzose.

Dhavhidhi anoti aifunga nekurangarira magwaro aMwari.Zvinoreva izvo kuti nguva yakawanda aifunga nzira dzaMwari, zvirevo pamwe nedzidziso.

Mapisarema 1:3 yoti munhu anoita izvi...achava semuti wakasimwa pahova dzemvura, unobereka michero yawo nenguva yawo, mashizha awo haasvavi, chinhu chipi nechipi chaanoita chichaendeka.

Zvinobetsera chose kufunga nezveshoko ra Mwari.Kupedza nguva yakawanda uchirangarira zveshoko ra Mwari zvinowedzera goho rako kubva mushoko.

CHENJERERA ZVAUNOFUNGA

".... chenjerai zvamunonzwa. Chiyero chamunoyerachacho, nemimuchayerwanachomakawedzerwa." (Marko 4:24)

Shoko rine simba! Tikapedza nguva zhinji tichiverenga nokunzwa shoko, tinowedzerwa simba nekugoneswa, tinozarukirwa zvakanyanya pamusoro pezvatinenge tanzwa kana kuverenga. Tinokohwa kubva mushoko zvatinenge tadyaramo.

Nyatsocherechedzai kuti nguva nesimba zvatinoshandisa mukunzvera shoko ra Mwari, zvinozoratidzawo simba nezivo zvatinozova nazvo.

Duramanzi re testamente itsva rironzi Vine rinotaura kuti shoko rechi Greek rinoshandisa mune amwe magwaro rokuti "dunamis" rinoreva simba rinogona kureva kuti "kugoneswa"

Vanhu vazhinji havawane nguva yekunzvera shoko ra Mwari, zvinoita kuti vazonetsekana kuti sei vasiri kurarama sevakundi ivo vari maKristu.

Chokwadi ndecekuti vazhinji vavo havatori nguva yakakwana kudzidza shoko. Vanogona kuenda kunonzwa vamwe vachidzidza nokuparidza, vanogona kuteerera mharidzo kana kuverenga Bhaibheri pano neapo asi vasingazvipiri kuti shoko rive hwaro hweupenyu hwavo, zvinosanganisira kuwana nguva yekufunga nezveShoko.

Nyama pachezvayo yakaneta, ine usimbe uye vanhu vazhinji vanoda kungowana zvinhu nyore (pasina kushanda), asi hazvishande sekudaro.

Ndinodzokorora munhu anokohwa mushoko zvaadyaramo.

FUNGA PAMUSORO PESHOKO

"Wakakomborerwa munhu asingafambi panorangana vakaipa, usingamiri panzira yevatadzi, usingagari panogara vadadi. Asi unofarira murairo wa Jehovha, unofungisia murairo wake masikati nousiku." (Mapisarema 1:1,2)

Duramanzwi re Webster rinoti kufunga zvinoreva kudzamisa pfungwa, kuronga kana kuda kuita chinhu.

Duramanzwi re Vine rinoti "kufunga" zvinoreva kuita nekuona sezwavepo.

Zvirevo 4:20 inoti "Mwanakomana wangu teerera mashoko angu, rerekana nzeve yako kune zvandinoreva".

Tikabatanidza Zvirevo 4:20 pamwe nedudziro yemaduramanzwi aya tinoona kuti tinofanira kufunga, kudzamisa pfungwa nokurangarira pamwe nekuita zviri mushoko ra Mwari. Pfungwa yakakosha ndeyekuti kana tichida kuita zvinorehwa neshoko ra Mwari tinofanira kупедза nguva tichifunga nezvaro.

Rangarira shoko rehuchenjeri rokuti Dzokororo ine simba! Nokudaro hatitarisiri kuva nyanzvi muupenyu kana tisingadzidzire nekukwenenzvera, zvakangodarowo muchi Kristu.

UNOBUDIRIRA NOKUFUNGA, NEKURANGARIRA SHOKO

"Bhuku iri remurairo harifaniri kubva pamuromo wako, asi unofanira kurirangarira masikati nousiku, kuti uchenjere kuita zvese zvakanyorwa mo. Nokuti nokudaro uchazviwanira mufaro panzira yako nokubata nokuchenjera." (Joshua 1:8)

Bhaibheri rinoti, kana uchida kubudirira mune zvose zvaunoita, unofanira kurangarira nokufunga pamusoro peshoko masikati nousiku.

Unopedza nguva yakadii uchifunga nezveshoko ra Mwari? Kana une dambudziko pakuverenga shoko mhinduro yechokwadi inogona kukubetsera kuti sei?

Kwenguva refu muupenyu hwangu, ndaisafunga pamusoro pezvandinfunga. Ndaive ndisina chaizarukiro chekuti Satani anogona kuisa mifungo mundangariro dzangu. Zvizhinji zvaive mumusoro mangu aive manyepo a Satani kana zvimbewo zvisina maturo- zvaive zvisina kukosha kuti ndifunge nezvazvo. Wakaipa aitonga upenyu hwangu nokuti aitonga pfungwa dzangu.

FUNGA PAMUSORO PEZVAURIKUFUNGA

"Vataifamba navo vose pakati pavo kare, mukuchiva kwenyama yedu, tichiita kuda kwenyama nekwekfunga kwedu napakuzvarwa kwedu isu navamwe vose taiva vana vokutsamwa." (VaEfeso 2:3)

Pauro anotitsiura kuti hatifaniwi kutongwa nenyama kana kuteerera zvinodiwa nenyama, mirangariro yepfungwa dzenyama.

Kunyangwe ndave muKristu ndaive nedambudziko rekudzora pfungwa dzangu. Ndaifunga zvinhu zvisina maturo.

Ndaifanira kushandura mafungiro angu!

Ishe vakatanga kundidzidza pamusoro pehondo yemupfungwa, vakati funga nezvaaurikufunga. Ipapo ndakatanga kuona shanduko. Ndakatanga kuona chitbu chematambudziko angu ese.

Pfungwa dzangu dzaive marara!

Ndaifunga zvinhu zvisiri izvo nguva dzose

Kukereke ndaienda makore ese asi handina kunyatsofungisia zvandainzwa. Zvaipinda neimwe nzeve zvichibuda neimwe. Ndaiverenga magwaro emuBhaibheri mazuva ose asi ndaive ndisingafungisisi nezvandaiverenga. Ndaive ndisingadzamisi pfungwa mushoko. Ndaive ndisingadzidzi pane zvandainzwa. Naizvozvo handina kuita shanduko muupenyu

RANGARIRA MABASA AMWARI

"Takafunga unyoro hwenyu Mwari, mukati melemberen yenu."
(Mapisarema 48:9)

Dhavhidhi anotaura zvakanyanya pamusoro pekufunga nekurangarira mabasa akanaka aMwari, kubata kwavo kune simba. Anoti aifunga nezve Zita ralshe, tsitsi dzaMwari nezvimbwe zvakanaka zvakawanda.

Paainzwa kukuhunika ainyora muna Mapisarema 143:4 na 5.

Saka mweya wangu waziya mukati mangu. moyo wangu wavhundutswa mukati mangu. Ndinorangarira mazuva ekare. Ndinofungisia zvose zvamakaita. Ndinofunga basa remaoko enyu

Dhavhidhi haafungi pamusoro pedambudziko raanaro asi anokunda dambudziko nekufunga nekurangarira mifungo yakanaka yenguva dzakare. Kufunga pamusoro pemabasa akanaka aMwari. Neamwe manzwi anofunga pamusoro pezvakanaka zvakamubetsera kukunda dambudziko. Rangarira kuti pfungwa dzako dzine chikamu chikuru mukukunda kwako.

Ndinoziva kuti ibasa raMweya Mutsvene kuburikidza neshoko ra Mwari kutiita vakundi muupenyu asi basa guru kugadzira mifungo yedu kuenderana na Mwari neshoko ravo. Tikaona sezvisina basa hatikundi.

"Musaenzaniswa nenyika ino.asi mushandure murangariro wenu uchivandudzwa kuti mudzidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza kwakakwana." (VaRoma 12:2)

Pawuro anoti kana tichida kuona kubata kwakanaka kwaMwari muupenyu hwedu, ngatishandurei mafungiro edu. Kushandura kuvei? Kushandura kuita semafungiro aMwari. Nemafungiro matsva tinoshandurwa kuva izvo Mwari vanoda kuti tive. Jesu vakaita shanduko iyi kuburikidza nokufa nokumuka kwavo. Tinokwanisa kushandura mafungiro edu.

Regai nditsinhire kuti kufunga kwakanaka hakuneyi noruponeso.

Ruponeso runouya chete kuburikidza neropa ra Jesu, kufa kwavo pamwe nekumuka. Vanhu vazhinji vanopinda denga nokuti vakabvuma Ishe Jesu samambo neMuponesi wavo,asi vazhinji vanenge vasina kumborarama upenyu hwekukunda kana kunzwa kunaka kwezvakagadzirwa na Mwari nokuti havana kushandura pfungwa dzavo sezvinotaura shoko.

Kwemakore mazhinji ndaive ndakadaro. Ndaive ndakabarwa patsva. Ndaiziva kuti ndinoenda kudenga. Ndaienda kukereke ndichitevedzera chinamato asi ndaive ndisiri mukundi nechikonzero chekuti ndaifunga zvisiri izvo.

FUNGA PAMUSORO PEZVINHU IZVI

"Pakupedzisira hama dzangu, zvose zvazvokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose zvinorumbidzwa, kana kunaka kipi nokupi, kana chingarumbidzwa chipi nechipi fungisia izvozvo." (VaFiripi 4:8)

Bhaibheri rinoziudza zvakawanda zvatinofanira kufunga. Magwaro ese akasiyana aya anotiudza kuti tinofanira kufunga zvakanaka zvinovaka kwete zvinowisira pasi.

Hunhu hwedu hunoratidza mifungo yedu. Zvose zvatinoudzwa nalshe zvakatinakira. vanoziva zvinotifadza nezvinotitambudza. Kana munhu achifunga zvakaipa anogara akasuruwara, ndakadzidza kuti munhu akasuwa anopedzisira aitawo kuti vamwe vasuwe.

Zvibvunze nguva nenguva kuti- 'Ndirikufunga nezvei?'

Kufunga pamusoro pezvaunofunga zvakakoshesesa nokuti Satani unonyengedza vanhu kuti vasaone parikubva kusuwa kwavo. Anoda kuti vafunge kuti kusafara kwavo kunokonzerwa nezvakavatenderedza asi chokwadi iri mifungi yavo inenge ichiita kuti vasuwe.

Kwemakore mazhinji ndaifunga kuti ndaisafara nokuda kwezvaiitwa kana kusaitwa nevandinogara navo. Ndaipomera murume wangu nevana. Ndaida kuti vandipe nguva yavo zhinji, vaite mabasa epamba akawanda. Ndakafunga kuti izvi zvaizondifadza.

Ndakazosangana nechokwadi, hapana chimwe cheizvi chaiunza mufaro kunze kwekuva nemufungo wakanaka. Mifungo yangu yaiita ndisuwe.

Ndichipedzisa ndinoti, funga pamusoro pemifungo yako. Uchawana pane dzambudziko ugosunongurwa nekukasika.

CHIKAMU CHEPIRI

Zvimiro Zvemupfungwa

Musumo

"Nokuti ndiyaniko wakaziva murangariro waShe kuti amudzidzise? Asi isu tinomurangariro waKristu." (Vakorinde 2:16)

Ndangariro dzako dzine chimiro chipi? Wakamboona kuti chimiro chepfungwa dzako chinoshanduka? Pamwe unogona kugadzikana, pamwe wobva watanga kutambura nekusagadzikana, unogona kuita sarudzo yaunogutsikana nayo, asi mushure menguva unogona kutambura nesarudzo yawakambogutsikana nayo?

Ndakasangana nazvo muupenyu. Pane nguva yandaitenda Mwari pasina kupokana asi pane dzimwe nguva dzandaipokana neshoko pamwe nekusatenda.

Nokuti pfungwa inoshanduka shanduka ndakave nomubvunzo wekuti nokudaro ndepapi pandinenge ndine chimiro chakanaka mupfungwa? Ndakadokwaira kuziva kuti chimiro chaicho ndechipi kuti ndizokwanisa kurwisa chimiro chakaipa.

Semuenzaniso mutendi haana pfungwa inotongera vamwe, kufungira zvisiri izvo uye kushora. Asi ndaizviita kwenguva refu muupenyu hwangu.

Zvaive zvatove muropa, nyangwe mifungo yangu yaive isiri iyo uye ndichizvipa matambudziko muupenyu handina kufunga kuti zvaive zvakaipa kufunga kudaro.

Handina kuziva kuti pane zvandingaite nemifungo yangu. Ndaive mutendi kwemakore asi handina kumbodzidziswa nezvekukosha kwemifungo yangu kana chimiro chepfungwa dzemutendi.

"Pfungwa dzedu hadzibarwi patsva norubhabhatidzo asi dzinofanirwa kushandurwa." (VaRoma 12:2)

Sezvandareva kakawanda, kushandurwa kwepfungwa kunotora nguva.

Usakuhunike ukaramba uchiverenga chikamu chinotevera chebhuku rino, asi woona chimiro chepfungwa dzako chsiri chemunhu akagamuchira Kristu saMuponesi.

Danho rekutanga redzikinguro kugona kuona dambudziko.

Ini ndakatanga kuumba ukama hwakadzama nalshe makore mashoma apfuura. Ndipo pavakandiratidza kuti pfungwa dzangu ndidzo honzeri yematambudziko angu mazhinji. Dzaive nechimiro chakaipa.

Ndakakatyamara pandakatanga kuona mifungo yangu yakashata. Ndakaedza nepose kurwisa mifungo yakaipa yandaifunga asi yaizokwa zvakare. Asi zvishoma, nezvishoma ndakasunungurwa nekudzikingurwa

Satani anaorwisa nesimba kushandurwa kwepfungwa dzako. Zvakakosha kuti urambe uchinamata nekuverenga munyaya iyi kusvika wakunda.

Ndeipi nguva yaunofunga zvakanaka? Pfungwa dzako dzinofanira kumhanyamhanya here? Kana unofanira kudzamisa pane zvaunenge uchiita? Unofanira kutsamwa kana kupishana pfungwa? Kana unofanira kudekara nekuona gwara rehupenyu?

Unofanira kutya nekusatenda? Kana kuti mwana wa Mwari anokanda mifungo yose kuna Mwari. (1Petro 5:7)

Shoko ra Mwari rinotidzidzisa kuti tine mifungo ya Kristu. Mufungo wake waive wakadii paave panyika? Kwete semwanakomana wa Mwari asi semwanakomana weMunhu.

Nekunyengetera verenga chikamu chinotevera.

Ndinotenda, meso ako achasvinudzwa kuona pfungwa yakanaka neyakaipa yemudzidzi wa Jesu akazvipira kukunda.

Chitsauko 8

Ndepapi pfungwa dzangu padzinenge ndziine chimiro chakanaka?

"Kuti Mwari walshe wedu Jesu Kristu, baba yokubwinyakukuru, akupeyi Mweya wokuchenjera nowokuzarurirwa pakumuziva, mavhenekerwa meso emwoyo wenyu, kuti muzive kuti kudana kwake kune tariro yei, nepfuma yokubwinya kwenhaka yake pakati pavatsvene." (VaEfeso 1:17,18)

Pauro anonamata kuti tive neuchenjeri nekuvhurwa kwemeso emwoyo. Ndakadzidza kuti meso emwoyo ipfungwa.

SemuKristu pfungwa dzako dzinofanira kuva nechimiro chipi? Mhinduro tinoiwana kana tikaongorora mabasa akasiyana epfungwa pamwe nemweya.

Kuburikidza neshoko raMwari, pfungwa nemweya zvinoshanda pamwechete. Ndipo patinotaura zve pfungwa ichibetsera mweya.

Kuti tinzwisisse chiga ichi ngationgororeyi kuti upenyu hwemutendi hunofamba sei.

CHIGA CHE PFUNGWA NEMWEYA

"Nokuti munhu ndoupiko unoziva zvomunhu, asi Mweya womunhu uri maari? Saizvozvo, hakuna munhu unoziva zvaMwari, asi Mweya waMwari."
(1 VaKorinde 2:11)

Kana munhu akagamuchira Kristu saMuponesi wake, Mweya Mutsvene unobva wagara maari. Bhaibheri rinotidzidzisa kuti Mweya Mutsvene unoziva pfungwa dzaMwari.Saizvozvovo mweya uri mumunhu ndiwo unoziva mafungiro ake, nokudaro Mweya Mutsvene ndiwo unoziva mufungo waMwari.

Mweya mutsvene unogara matiri, uye achiziva pfungwa dza Mwari.Rimwe basa raMweya nderekutizarurira uchenjeri hwaMwari. Uchenjeri nekuzarurirwa uku zvinopiwa kumweya yedu, mweya yedu yojekesa kumeso emwoyo dzinova pfungwa dzedu.

Mweya mutsvene unoita zvese izvi kuti tibate zvatinenge tichishumirwa pamweya.

CHOKWADI KANA NHEMA?

Sevatendi tiri mweya uye tiri venyama. Nyama hainzwisisi zveMweya, nokudaro zvakakosha kuti tijekesere pfungwa dzedu zvinenge zvichiitika pamweya yedu.

Mweya Mutsvene unoda kutijekesera asi pfungwa dzinopesana nekujekeswa uku nokuti hadzina zororo. Pfungwa dzisingazorori dzine chimiro chakaipa. Pfungwa dzakagadzikana dzine chimiro chakanaka, kwete dzisingafungi asi dzakadzikama.

Pfungwa hadzifanire kuzara nokutya, kumanikidzika, kusuwa nekutambura asi ngadzive nerunyararo, kugadzikana pamwe nekudekara.

Muchikamu chepiri chebhuku rino, muchaona zvimiro zvepfungwa zvakaipa, zvimwe iri imwe yemifungo yaunomboita.

Zvakakosha kuti unzwisise kuti pfungwa ngadzigare dzine chimiro chakanaka chinotsanangurwa muchitsauko chino.

Ukaongorora mamiriro epfungwa dzako nguva zhinji, unonzwisia sei tisingawani zvizarukiro zve Mweya Mutsvene kana uchenjeri hwedenga.

Rangarira, Mweya Mutsvene unojekesa njere dzomutendi. Mweya Mutsvene unofambisa nokupa mashoko kubva kuna Mwari kuenda ku mwuya wemunhu, naizvozvo kana mwuya nepfungwa zvichiita mushandirapamwe munhu anofamba muuchenjeri nekuzarukirwa kwedenga.

Asi kana pfungwa dzichingomhanya mhanya, unotadza kubata izvo Mweya waMwari unenge uchida kukuratidza.

INZWI RINOFEFETERA RAKADZIKAMA

"Iye akati, enda unomira pagomo pamberi paJehovha. Zvino Jehovha akapfuura po, mhepo huru ine simba ikapamura makomo, ikaputsanya mabwe pamberi paJehovha, asi Jehovha akanga asiri mumhepo. Mhepo yakati yapfuura, kudengenyeka kwenyika kukavapo asi Jehovha wakanga asiri mukudengenyeka kwenyika. Kudengenyeka kwenyika kwakati kwafuura, moto ukatevera asi Jehovha wakanga asiri mumoto, moto wakati wapfuura, kufefetera kwokudzikama kukavapo." (1 Madzimambo 19:11-12)

Ndakanamata kwemakore kuti Mwari vandizarurire zvinhu kuburikidza ne Mweya Mutsvene ari mandiri. Ndaiziva kuti ndiri kukumbira zviri mumagwaro. Ndaitenda mushoko kuti ndikakumbira ndinopiwa. Asi nguva zhinji ndainzwa kuti idambe rezve Mweya. Ndakazodzidza kuti ndirikutadza kugamuchira

zvakawanda kubva kuna Mweya Mutsvene nokuti pfungwa dzangu dzaigara dziri mubishi. Ndaitadza kunzwa mashoko aMweya.

Somuenzaniso vanhu vaviri vari mumba. Umwe achida kuzevezera kune umwe zvakavanzika mumba mune ruzha. Chero umwe akazevezera hazvinzwike nokuda kweruzha. Akasateerera, anogona kutadza kunzwa kuti pane arikutaura naye.

Ndizvo zvinoitika paktaurirana kwe Mweya Mutsvene nemweya yedu. Mweya Must've be unotaura nenzira dzakadzikama. Nguva zhinji unotaura sezvaakaita kumuporofita nenzwi rakadzikama. Naizvozvo pfungwa ngadzigare dzakagadzirira kunzwa kune Mweya.

MWEYA NEPFUNGWA

"Zvino chinyiko? Ndichanyengetera noMweya wangu uye ndichanyengetera nokufunga kwangu wo, ndichaimba noMweya wangu, uye ndichaimba nokufunga kwangu wo..." (1 VaKorinde 14:15)

Nzira iri nyore yokunzwisia chiga che "pfungwa inobetsera mweya" munamato.

Mundima iyi mupostora Pauro ainamata nepfungwa nemweya. Ndinozviita nguva zhinji, nokudaro ndinonzwisia zvirikutaurwa na Pauro.

Nguva zhinji ndinonamata nemweya (nendimi), mushure mekunamata nendimi ndinobva ndatanga kunamata nechirungu (mutauro wangu). Ndinotenda pfungwa inenge ichibetsera mweya. Zvinoshanda pamwechete kundipa uchenjeri nezivo zvaMwari nenzira yandinonzwisia.

Pane dzimwe nguva dzandinenge ndichida kunamata. Panenge pasina kubvongodza mumweya wangu. Ndinonamata nepfungwa dzangu. Ndinonamatira zvinhu zvandinoziva. Dzimwe nguva minamato iyi yakatonhora. Pasina rubetsero rwemweya ndinotambura kunamata.

Ndikaenderera mberi ndichinamata nenzira iyi, Mweya mutsvene uri mandiri unonditungamirira panyaya inenge ichida kunamatirwa.

Kana zvadaro ndinowana gwara rekunamata kwete kuedza kuda kunamata. Pfungwa nemweya zvoshanda pamwechete kuzadzisa chido chaMwari.

NDIMI NEDUDZIRO

"Saka unotaura nerumwe rurimi ngaanyengetere kuti adudziredo. Nokuti kana ndichinyengetera norumwe rurimi, mweya wangu unonyengetera asi kufunga kwangu kunoshaiwa zvibereko." (1 VaKorinde 14: 13-14)

Chipo chekududzira ndimi ndiwo umwe muanzaniso wemweya nepfungwa zvichishanda pamwechete.

Kana ndichitaura nendimi, pfungwa dzangu hadzina zvibereko, kunze kana Mwari vandipa kana kupa umwe kunzwisia kwezvandinenge ndichitaura. Ipapo pfungwa dzinowana zvibereko.

Nzwisia kuti zvipo zvekududzira ndimi hakusi kungoisa kune umwe mutauro asi kududzira zvichipa udzamu nokunzwisia zvinenge zvataurwa, kuburikidza nenzira dzemududziri.

Semuenzaniso, muzvare Smith vanogona kusimuka pakereke vopa shoko nendimi sekupiwa kwavanenge vaitwa nemweya. Ivo kana umwe hapana anogona kunzwa nokuti zvava zveMweya. Asi Mwari vanogona kundipa nzwisiso yeshoko iri nenzira iri nyore. Nokutenda ndinodudzira shoko zvinonzwisiswa nemunhu wese. Asi ndinodudzira nenzira yandinenge ndapiwa nayo

Kunamata mumweya (nendimi) nekududzira (ndimi) inzira inoshamisa yekunzwisia kushanda kwefungwa nemweya pamwechete. Mweya unotaura zvimwe, pfungwa ichipa kunzwisia.

Pafunge, kana muzvare Smith vakataura nendimi, Mwari votsvaga angadudzira. Kana pfungwa dzangu dziri mubishi dzisina kugadzikana Mwari vanondipfuura. Nyangwe vakada kundipa dudziro handigamuchiri

Ndichiri kukura munalshe, ndichirikudzidzira zvipo zve Mweya ndainyanyonamata nendimi. Mushure menguva, kunamata uku kwakatanga kusandifadza. Pandakataura nalshe vakandiudza kuti handisikufara nokuti handisikunzwisia zvandiri kunamatira. Ndinoziva kuti handifanire kunzwisia zvose pandinonamata mumweya, asi ndakadzidza kuti ndikashaya chimwe chandinonzwisia mumunamato uyu hauna zvibereko zvakanyanya.

PFUNGWA YAKADZIKAMA, YAKAPINZA

"Une mwoyo wakasimba muchamuchengeta murugare rukuru, nokuti unovimba nemi." (Isaya 26:3)

Ndinovimba urikuona kuti pfungwa nemweya zvinoita mushandirapamwe. Zvakakoshesesa kuti pfungwa dzigare dzine chimiro chakanaka, nokuti dzinotadza kubetsera mweya.

Satani anoziva kukosha kwenhau iyi nokudaro anokurwisa mupfungwa. Anozadza pfungwa dzako nemifungo yakaipa kuti dzigare dzichishanda ushaye nguva yokunzwa zvinotaura Mweya Mutsvene.

Pfungwa dzinofanira kugara murunyararo. Muporofita Isaya anotaura kuti kana pfungwa dzine chimiro chakanaka, dzinova nezororo. Panguva imwechete, pfungwa ngadzive dzakapinza kuziva kupatsanura zvakanaka nezvakaipa.

Fungisia: Pfungwa dzako dzinopedza nguva yakadii muchimiro chakanaka?

Chitsauko 9

KUMBEYA MBEYA NEKUSHUSHIKANA KWEPFUNGWA

"Saka zvisungeyi zvivuno zvendangariro dzenyu..." (1Petro 1:13)

Takatsanangura muchikamu chapfuura kuti pfungwa dzinogara dziri mubishi hadzina kunaka.

Pfungwa inombeya mbeya yakashata. Kutadza kudzikamisa pfungwa mucherechedzo wekurwiswa kwepfungwa neWakaipa.

Vanhu vazhinji vakapedza makore vachibvumira pfungwa dzavo kuti dzimbeye mbeye nokuti havana kudzidza kuti pfungwa dzinofanira kuita hunhu hwakanaka.

Vanhu vazhinji vanotadza kudzikamisa pfungwa, vanofunga kuti vane dambudziko repfungwa. Asi zvinogona zvichikonzerwa nemakore ekutadza kudzora pfungwa. Uchirega dzichifunga zvadzinoda padzadira.

Rimwe dambudziko rekutadza kudzikamisa pfungwa rinokonzerwa nekushomeka kwe Vitamin B mumuviri. Pane kudy kune Vitamin B, kunopa simba kupfungwa, nokudaro kana une dambudziko rekutadza kudzikamisa pfungwa, imbocherechedza zvaunodya.

Kuneta kwakanyanya kunoitawo kuti pfungwa dzisadzikame. Ndakacherechedza, kuti Satani anoedza nepese kundirwisa mupfungwa pose pandinenge ndakaneta zvikuru. Anoziva zvinonetsa kumurwisa pakadayi. Wakaipa anoda kuti tifunge kuti tine ndonda dze pfungwa, nokudaro anoita zvaanoda nesu. Anoda kuti tibvume manyepo aanotaura.

Mwanasikana wedu aive nedambudziko rekudzikamisa pfungwa paaikura. Ainetsekana kuverenga nokuti aive nedambudziko rekubata nekunzwisisa. Vanhu vazhinji, vakuru nevadiki, havanyatsonzwisisi zvavanoverenga. Maziso avo anongoona mavara akanyorwa pabepa asi pfungwa dzisinganzwisisi zvavanenge vaverenga.

Nguva zhinji kutadza kunzwisia kunokonzerwa, nekutadza kudzikamisa pfungwa. Ndinogona kuverenga chitsauko kana ndima mu Bhaibheri kana rimwe gwaro, chiriporipotyo, ndokanganwa zvose zvandinenge ndaverenga. Ndikadzokorodza kuverenga zvinobva zvaita zvitsva zvakare, chero mavara acho ndamboaverenga. Nguva zhinji kutadza kunzwisia kunokonzerwa nepfungwa dzinombeya mbeya.

PFUNGWA INOMBEYA

"Ngwarira rutsoka rwako..." (Muparidzi 5:1)

Ndinotenda mashoko ekuti "ngwarira rutsoka rwako" zvinoreva kuti usadonhe, kana kubuda mugwara, zvinoreva izvo kuti pfungwa dzinofanira kudzikamiswa pane zvaunenge uchiita.

Ndaive nepfungwa dzinombeya, asi ndakadzidza kudzidzora. Zvaive zvakaoma, dzimwe nguva ndinombokundikana. Ndichida kuedza kупедза basa, pfungwa dzinogona kumbeya kuenda kumwe kusineyi nebara randinenge ndichiita.

Handisati ndachibata chekukwanisa kudzikamisa pfungwa zvachose, asi ndinoziva kukosha kwekudzora pfungwa kuti dzisamhanye mhanye kwose kwose kwadzada.

Duramanzwi re Webster rinotsanangura kumbeya se:

1. Kungofamba zvisina mwero
2. Kuenda kwaunenge usina kufunga kana kusina gwara
3. Kutenderera tenderera zvinganzwisisiki
4. Kutaura kana kufunga zvisina hochekoché

Dzimwe nguva unogona kuti wakagara mukereke wakadzikamisa pfungwa, uchiteerera mharidzo, pfungwa dzongotanga kumbeya. Unozopepuka pasina kana chimwe chawabata. Muviri wako unenge uri mukereke, asi pfungwa dziri kure, kumba kana kuchitoro.

Hondo yepamweya inorwiwa mupfungwa. Wakaipa anorwisa pfungwa. Anoziva kuti chero ukaenda kukereke anokutadzisa kunzwisia mharidzo. Wakaipa anoziva kuti munhu haakwanise kупедзisa basa raanotanga kana asina kuzvidzora mupfungwa.

Kumbeya kwefungwa kunoitika zvakare pahrukuro. Pane nguva yekuti, murume wangu, Dave, anotaura neni ndoteerera kwechinguva, asi ndozoona pasina kana chimwe chandanzwa pane zvaanenge ataura. Sei? Ndinenge ndatendera pfungwa dzangu kumbeya kune zvimwe. Ndinenge ndiripo panyama asi pfungwa dzisipo.

Kwamakore mazhinji pazvaiitika, ndainyepera kuita sendanzwa zvatura Dave, asi ikozvino ndinomuudza kuti "dzokorora handina kunzwa nokuti pfungwa dzangu dzanga dzisipo". Kutotaura nekugadzirisa dambudziko iri ndicho chombo chekurwisa dambudziko nekukunda. Kana Wakaipa achindirwosa mupfungwa ndakaona kuti pane zvakakosha zvandinenge ndichifanira kunzwa.

Imwe nzira yokukunda dambudziko kuteerera mharidzo kana mashoko zvakatapwa pamisihina zvinogadzirwa neamwe masangano. Kana usati wakugona kudzora pfungwa dzako kudzamisia pamharidzo yemukereke unogona kutenga mharidzo dzakatapwa pamishina (macassettes kana ma CD), woteerera kusvika wanzwisia shoko.

Ukaramba wakatsunga, Wakaipa anomira kukurwisa.

Rangarira, Satani anoda kuti ufunge kuti une chirwere chepfungwa. Une dambudziko. Chokwadi ndecekuti unofanirwa kudzidza kudzora pfungwa dzako. Dzisamhanye mhanye kwose, kufunga zvese zvese.

Tanga nhasi kudzamisa pfungwa pane zvaunenge uchiita. Ramba uchizvidzidziea kwenguva. Zvinotora nguva kупedza tsika nehunhu zvakare kuti utange zvitsva, asi mukupedzisira unokunda.

PFUNGWA INOSHUSHIKANA

“Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe unoti kugomo iri, simudzwa, ukandwe mugungwa, asinganyunyuti mumoyo make, asi achitenda kuti zvaanoreva zvichaitika, uchava nazvo. Saka ndinoti kwamuri Zvinhu zvose zvamunonyengetera nokukumbira tendayi kuti mazvigamuchira mugova nazvo.” (Marko 11:23,24)

Nguva zhinji ndinogara ndichishushikana:

Ko mangwana kunze kuchafuma kwakadi?

Ko ndichapfekeyi kuenda kumabiko?

Ko mwanakomana wangu Danny achabudirira here pazvidzidzo zvake?

Vanhу vangani vachauya kumusangano?

Duramanzi rinoti kushushikana zvinoreva kusatenda kana kusagutsikana. Ndakadzidza kuita sarudzo yakanaka pane kупedza nguva ndichishushikana. nguva dzose. Pane kutambura kuti mwanakomana wangu achabudirira here, ndinotenda kuti anobudirira. Ndinosarudza zvekupfeka kumabiko pane kushushikana kuti ndichapfekeyi. Pane kutambura nezvemamiriro ekunze kana kuti vanhu vangani vanouya kumusangano, ndinongoudza Ishe vanoita zvose mukunaka kwavo.

Kushushikana kunokutadzisa kuita sarudzo, wopedzisira pfungwa dzave kupishana. Zvose zvinoita utadze kugamuchira mhinduro yomunamato, kana zvaunoda nokutenda, kubva kuna Mwari.

Muna Marko 11:23,24 Jesu havana kuti chose chaunokumbira nekunya engetera, shushikana kuti uchachipiwa. Asi vanoti chose chaunokumbira nekunya engetera tenda kuti unopiwa, zvirokwazvo uchapiwa! SemaKristu sevatendi, tinofanira kutenda kwete kupishana pfungwa!

Chitsauko 10

Pfungwa Inopishana

"Zvino kana umwe wenuy achishaiwa kuchenjera ngaakumbire kuna Mwari, unongopa vose asingazotuki, uchapiwa hake. Asi ngaakumbire nokutenda, asinganyunyuti napaduku nokuti munhu anonyunyuta wakaita sefungu regungwa rinosundwa nemhepo richimułswa mutswa. Munhu uyu ngaarege kufunga kuti achazowana chinhu kuna She. Munhu une moyo miviri unoshanduka shanduka panzira dzake dzose." (Jakobho 1: 5-8)

Kushushikana nekupishana pfungwa zvinofambidzana. kutadza kuita sarudzo nekunetseka pfungwa zvinoita kuti pfungwa dzipishane. Jakobho 1 :5-8 inoita kuti tinyatsonzwisa kuti tinokunda sei. Kushushikana mupfungwa, kusatenda pamwe nekupishana pfungwa zvinotidzivisa kugamuchira kubva kuna Mwari.

Ndinoona munhu wemifungo miviri, ari munhu anotadza kuita sarudzo. Pfungwa dzake dzinotenderera mberi neshure, asingamiri panzvimbo kuita sarudzo. Pose paanoti aita sarudzo, anotanga kushushikana zvakare, otanga mifungo miviri.

Ndakambozviita muupenyu hwangu, handina kuziva kuti Wakaipa arikundirwisa mupfungwa. Ndaishushikana nekupishana pfungwa pane zvose, ndisingazive chikonzero.

KUFUNGISISI KUNOITA KUTI PFUNGWA DZIPISHANE

"....imi vokutenda kuduku, munorangana pakati penyu nemhaka yeiko, kuti hamune zvingwa?" (Mateo 16:8)

Takatsanangura zvekushushikana kwepfungwa, tichazokurukura nekusatenda muchikamu chinotevera. Ikozvino ndinotsanangura kupishana kwepfungwa. Sei vanhu vakawanda vachipishana pfungwa? Zvimwe zvinokonzerwa nekushushikana mupfungwa nekufungisisa

Duramanzwi rinoti kufungisisa zvinoreva kuedza kuona gwara rezvese zvinoitika.

Unofungisisa nguva dzose dzaunoda kunzwisia kuti sei?

Kufungisia kunotenderedza pfungwa nekuda kunzwisia chose chirikuitika. Tinofungisia pose patinoda kunzwisia mharidzo kana shoko kuti togamuchira kana kwete.

Satani anotibira zvose zvedu zvatinofanira kipiwa na Mwari nokuda kwekfungisia.

Mwari vanogona kutipa basa rokuita, asi tikaona sezvisina gwara, tinogona kurega kuriita. Mwari vanogona kukutuma kuita zvinhu zvisina gwara mumufungo wako. Unogona kuzvitenda pa Mweya asi pfungwa dzoramba. Zvinowanzoitika kana vakakutuma zvisina kujairika.

USAFUNGISISE; TENDA NOKUTEERERA MUMWEYA

"Zvino munhu sezvaakaberekwa haagamuchiri zvinhu zvo Mweya wa Mwari, nokuti vupenzi kwaari haazvinzwisisi, nokuti zvinonzwisiswa no Mweya."

(1VaKorinde 2:14.)

Ndokupayi muenzaniso unobatika,

Nerimwe zuva ndichigadzirira kunoshumira, kumusangano wepavhiki munzvimbo yandinogara, ndakafunga pamusoro pemudzimai akatendeka anotibetsera nguva dzose muhushumiri. Ndakanza chidokwadokwa chekumuitira chimwe chinhu chakanaka.

Ndakanamata " Baba, Ruth Ann chikomborero muupenyu hwedu. Ko ndingamuitireivo?" Nenguva iyoyo meso angu akagara pa rokwe rangu dzvuku idzva. Ndakaziva kuti Ishe vanoda kuti ndipe Ruth Ann rokwe iri. Ndaive ndisina kumboripfeka. Ndaive ndaritenga mwedzi mitatu yapfuura. Ndairida zvikuru asi pose pandaifunga kuripfeka zvairamba.

Rangarira kuti pandakaona rokwe iri ndakaziva kuti ndinofanira kupa Ruth Ann. Zvisinei, ndaive ndisingadi kuplesana nerokwe rangu. Ndakatanga kufungisia kuti kwete Mwari havasi kutaura kuti ndipe munhu rokwe rangu idzva, rinodhura randisina kumbopfeka.

Dai ndakangoteerera mwuya waMwari ndisina kumboita dambudziko. Asi isu sevanhu tinozvinyengera nekufungisia pose tisingade kuita zvinotaurwa na Mwari.

Muchinguva chipfupi ndaive ndatokanganwa nezvenyaya yacho, ndakaenderea mberi nebara rangu. Ndaive ndisingadi nerokwe rangu. Ndakafunga kuti havasi Mwari asi Satani anoda kunditorera chandinofarira.

Mushure memavhiki, ndichigadzirira kuenda kumusangano, zita ra Ruth Ann rakadzoka zvakare ndikatanga kumunamatira. Ndakaona rokwe riya zvakare. Ndakadzokorora chiitiko chokutanga. Nguva iyi handina kupokana

ndakangoita izvo Mwari vaida kuti ndiite. Mwari ndinovadisa zvekuti hazviite ndisavateerere.

Pekutanga ndakaedza kufungisisa, ndikatadza kuita zvaiidiwa na Mwari. Nokuti rokwe raiva idzva ndakafunga kuti handisi kunzwa kuna Mwari. Ndakanzwisia kuti Bhaibheri haritaure nezvekupa zvinhu zvitsaru. Kwaive kuzvipira kukuru kupa Ruth rokwe asi kwaari chaise chikomborero chikuru.

Pandakazarura moyo wangu kuna Mwari, vakandiratidza kuti ndaive ndatengera Ruth rokwe iri sezvo ndisina kumboripfeka. Ishe vaida kundishandisa kuti vakomborere Ruth, asi ndaifunga zvime pamusoro perokwe iri. Ndaifanira kutsveta mufongo wangu, ndobvumira mwuya atungamire.

Chiitiko ichi chakandidzidzisa zvakawanda. Pfungwa dzedu dzinotitadzisa kuita zvatinoudzwa na Mwari. Kubva ipapo handinyanyofungisise nebara Mwari.

1 VaKorinde 2:14 inoratidza kuti munhu sezvaakazvarwa haanzwisisi munhu wemwuya. Munhu wenyama aisanzwisia chikonzero chekuti ndipe Ruth Ann rokwe asi munhu wemwuya ainzwisia.

Ndinovimba uchanzwisia nhau iyi kubva pamuenzaniso uyu, wofamba mukunzwisia mabasa aMwari.

Dzimwe nguva urikushushikana kuti ndakazopa Ruth Ann rokwe here? Hongu ndakamupa, ikozvino ave kushanda muhofisi yedu anotombouya akapfeka rokwe iri kubasa.

IVA MUITI WESHOKO

"Asi ivai vaiti veshoko, musava vanzwi yoga, muchizvinyenger."
(Jakobho 1:22)

Pose patinonzwa zvinotaura shoko, tichiramba kuita zvarinoreva, tinenge tafuririka nekufungisisa. Hatingapedzi nguva tichiedza kuda kunzwisia zvose zvakataurwa mushoko. Kana mwuya uchitipupurira, tinongoita zvataurwa naMwuya. Ndakaona kuti Mwari vanoda kuti ndivateerere, ndichida kana ndisingadi. Kana Mwari vataura hatifaniri kufungisisa kuti zvine musoro here kana kuti kwete.

VIMBA NAMWARI KWETE NJERE DZEMUNHU

"Vimba na Jehovah nemwoyo wako wose, urege kuzendama panjere dzako." (Zvirevo 3:5)

Usazendame panjere dzako, pakufungisisa kwako. Kufungisisa kunounza kunyengerwa nekupishana pfungwa.

Ndakabvunza Ishe kuti sei vanhu vazhinji vane pfungwa dzinopishana. Ishe vakati "vaudze varege kuda kuziva zvose. Pfungwa dzavo dzinogadzikan. Ishoko rechokwadi, kuda kufungisisa nokuziva zvose zvinoita upishane pfungwa.

Tinoita mirangariro mumwoyo tounza pamberi paMwari. Kana vachida tizvinzwisise. Asi tinozorasika tikazofungisisa nekupishana pfungwa. Kufungisisa kune zvikonzero zvakawanda kwazvakaipira asi chimwe chacho unogona kупедза nguva uchifungisisa zvinhu zvaunoti zvine musoro asi wakatorasika.

Pfungwa dzemunhu dzinoda zvinhu zvine gwara uye zvine chikonzero chinobatika. Nguva zhiji tinoronga zvinhu mumusoro medu asi takarasika gwara.

Muna VaRoma 9:1 Pauro anoti..." **Ndinotaura zvirokwazvo muna Kristu. Handirevi nhema, hana yangu ichindipupurira muMweya Mutsvene".**

Pauro ainzwa kuti aiita zvinhu chaizvo nemazvo nokuti mweya wake waipupura.

Takaona kuti nedzimwe nguva, pfungwa dzinobetsera mweya. Pfungwa nemoyo zvinoita mushandirapamwe, asi mweya wakakosha kudarika pfungwa nokudaro unofanira kukudzwa.

Kana tichiziva pamweya chinhu chakaipa, tisatendere kufungisisa kutore chikuriri. Uyezve kana tichiona chakanaka, mufungo usatitadzise kuita chakanaka.

Mwari vanoita tinzwisise zvinhu zvakawanda, asi hatifaniri kunzwisisa zvose kuti tifambe nalshe nokuvateerera.

Nguva zhiji Mwari vanoita kuti tive nemibvunzo muupenyu hwedu nedonzvo rekusimbisa kutenda kwedu. Kushaya mhinduro kunouraya munhu wenyama. Zvinonetra kungovimba naMwari wosiya kufungisisa. Asi kana zvagoneka, pfungwa dzinozorora.

Kufungisisa kunotadzisa kugamuchira nekuoneswa zveMweya. Pane mutsauko mukuru paruzivo rwepanyama neruzivo rwedenga.

Handikuzivi, asi ndinoda Mwari vandizaruire zvokuti ndizive kuti zvandakapihwa mupfungwa ichokwadi. Handidi kutenderera pfungwa kusvika ndaneta ndave kupishana pishana. Ndinoda kuwana kudekara

mupfungwa nemumoyo zvinobva mukuvimba na Mwari, kwete zvemupfungwa nekunzwisia kwangu.

Iwe nenii tino fanira kukura kusvika patinoziva nekugutsikana nalye anoziva chero isu tisingazive.

ZVIPIRE KUZIVA KRISTU CHETE

"Zvino imi hama dzangu, pakuvuya kwangu kwamuri, handina kuvuya ndichikuparidzirai vuchapupu hwaMwari nokunaka kwemashoko, kana kwouchenjeri. Nokuti ndakati handingazivi chinhu pakati penyu asi Jesu Kristu, iye akaroverwa pamuchinjikwa." (1 VaKorinde 2 : 1,2)

Pauro akashandisa nzira iyi kuuraya zivo nenjere dzake. Ndakaona zvichishanda zvikuru, chero hazvo zvakanditorera nguva refu. Ndakanzwisia kuti ndinofara zvikuru, ndikaziva zvishoma. Kuda kunzwisia zvakawanda zvinotitambudza mupfungwa.

Ndaive munhu anoda kunzwisia zvikuru. Ndaida kugutsikana nezvose zvirikitika. Mwari vakatanga kundiratidza kuti ndaitadza kugamuchira kwavari nokuti ndaida kunzwisia nekufungisisa.

Ishe vakati "Joyce unofanira. Kutsveta pasi mufungo wepanyama kana uchida kuwana dudziro yezemweya." Ndakaona kuti ndaida kunzwisia mafambiro ezvinhu kuti zvichazovei muhupenyu. Ndaitya zvikuru pandaitadza kunzwisia. Pane chandaishaya. Ndaive ndisina runyararo nekugadzikana mupfungwa. Ndaigara ndakaneta nekufungisisa. Kufungisisa kunoita kuti muviri unete nokurukutika. Mwari vaida ndizviregedze.

Ndinokutaurira kuti rega kufungisisa. Tinogona kubatirira ku mifungo yakaipa sezvinoita vanoshandisa zvinodhaka.

Ndaibatirira mukufungisisa. Pandakazvirega ndakamboita zviratidzo zvekurwadziwa. Ndakaty, ndakasuwa. Ndakapedza nguva refu ndichibatirira pamufungo wangu. Ndaifanira kuzojaira kuti pfungwa dzinofanira kugadzikana. Mazuva ekutanga ndaitambudza pfungwa dzangu nekufungisisa pamwe nekumbeya kwese kwese.

Mwari havadi kuti pfungwa dzedu dzigare dzichingifungisisa. Ziva kuti pose paunoda kufungisisa nekunzwisia hazvina mweru wakanaka. Hazviitwe nemutendi anoda kukunda hondo yemupfungwa.

Chitsauko 11

Pfungwa Dzisingatendi

“...Iwe wekutenda kushoma, sei wakahadzika?” (Mateo 14:31)

“Akashamiswa nekusatenda kwavo...” (Marko 6:6.)

Tinowanzotaura nezve kusatenda nekuva nepfungwa dzisina chokwadi nechimwe chinhu sekunge chinhu chimwechete. Kunyangwe zvinhu zviviri izvi zvakafanana, zvakatosiyana.

Duramanzwi re Vines rinotsanangura manzwi emutestamende itsva rinotsanangura “kuva nepfungwa dzisina chokwadi nechimwe chinhu” sekuva zvakafanana nekuva pamhararano usingazivi kuti woenda divi ripi. Rotiwo nezvevatendi vane kutenda kushoma... kuva nekusagadzikana kunokonzerwa nemafungiro ekuva pakati pekutenda nekutyaya....

Duramanzwi rimwechete rinodudzira rimwe remavara maviri echi giriki anoreva kusatenda mubhaibheri rakavandudzwa re King James nderekuti ‘kusateerera’

Tichitarisa zvino zombo zvine simba zviviri zvemuengi tinoona kuti kusava nechokwadi nechimwe chinhu kunoita kuti munhu adzungaire pakati pekutenda nekusatenda uye kusatenda kunoita kuti munhu azova anosvika pakusateerera.

Ndinofunga kuti zvakakosha kuti tinyatsoziva zviri kuedza kuitwa nasatani mukutirwisa. Tiri kurwisana nekusanyatsotenda zvime zvinu here kana kuti kusatotenda?

KUSAVA NECHOKWADI NECHIMWE CHINHU

**“...Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvika riniko? ...”
(1 Madzimambo 18:21**

Ndakanzwa imwe nyaya inonyatsotsanangura nyaya yekusava nechokwadi nechimwe chinhu.

Paiva nemurume airwara aitaura shoko raMwari pamsoro pemuviri wake, aitaura magwaro anecheckuita nekupora kwake achitenda kuti anopora. Achiita izvi akatanga kusava nechokwadi nezvaitaura uye kuti aizopora here.

Mushure mekupindana nenguva yakaoma uye asisina tariro, Mwari vakazarura meso ake emweya. Akabva atanga kuona dhimoni richimuudza manyepo, raimuudza kuti haizoporeswa uye kutaura shoko raMwari pamsoro pemuviri wake hazvaizoita kuti apore. Panguva imwechete iyoyo akaona zvakare kuti pese paitaura shoko raMwari pamsoro pemuviri wake, paibuda chiedza chaiita kunge munondo raityisa dhimoni iroro robva radzokera kumashure.

Achipiwa chiratidzo ichi naMwari akabva anzwisisia neyi zvakakosha kuramba achitaura shoko raMwari. Akaona kuti aive nekutenda chinova chikonzero chaita kuti dhimoni rimurwise kuti asave nechokwadi nekuporeswa kwake.

Kusava nechokwadi nezvinhu uku hachisi chinhu chakaiswa naMwari matiri. Bhaibheri rinozi Mwari wakapa munhu wese...chiyero chekutenda (vaRoma 12:3). Mwari wakaisa kutenda mumoyo yedu asi satani anoedza kudzima kutenda ikoko kuburukidza nekuita kuti tisave nechokwadi panezvatiri kutenda. Kusava nechokwadi uku kunouya sepfungwa dzinopikisana nezvinotaura shoko raMwari. Ndosaka zvakakosha kuti tive vanoziva shoko raMwari. Kana tichiziva shoko tinobva taziva apo satani anotinyepeera. Chokwadi chiripo ndecekuti anotinyepeera kuti atibile zvakatengwa naJesu pamuchinjikwa.

KUSAVA NECHOKWADI NEZVINHU, NEKUSATENDA

"Pasina kana tariro [pamaonero enyama] Abhurahama netariro akatenda uye akava baba vendudzi zhinji, sezvakanga zvarehwa kwaari zvichinzi zvizvarwa zvako zvichadarowo. Haana kushayiwa simba [zvakanyanya] mukutenda kwake, paakaona kuti muviri wake wakange watofa hawo, sezvo akange ave nemakore anenge zana okuzvarwa uye [nyangwe dai aifunga nezvavzo] kuti chibereko cha Sara chakange chafawo. Asi haana kukahadzika nokuda kwekusatenda pamsoro pechipikirwa chaMwari, asi akasimbisa mukutenda kwake uye akakudza Mwari, achinyatsogutsikana kuti Mwari vane simba rekuita zvavakavimbisa." (VaRoma 4:18-21)

Kana ndiri mukurwa, ndichiziva zvivimbiso zvaMwari asi ndichirwiswa nekusatenda kana kusava nechokwadi, ndinofarira chaizvo kuverenga rugwaro urwu.

Abhurahama akange avimbisa naMwari kuti aizova nemudyi wenhaka aizobuda maari. Makore mazhinji akange apfuura pasina mwana pakati pake na Sara. Abhurama akaramba akamira pakutenda achitenda kuti zvaive zvataurwa naMwari zvaizoitika. Akamira kudaro airwiswa nepfungwa dzekusatenda nedzekusava nechokwadi dzaimudhonzeru mukusateerera Mwari. Kusateerera Mwari pakadai kunogona kungova kukanda mapfumo pasi ivo Mwari vachiti tsungirira. Kusateerera kusiya zviri kutaurwa neshoko raMwari kwatiri, hakusi kusateerera mirairo ine gumi chete. Abhurahama akaramba akatendeka. Akaramba achirumbidza Mwari. Bhaibheri rinozura kuti achiramba achiita izvi aikura mukutenda kwake.

Mwari kana vakatiudza chimwe chinhu kana kuti tiite chimwe chinhu, simba reketenda kuti chinhu ichi chichaitika rinozva mushoko raMwari. Hazvaireva chinhu kuti Mwari vatarisire kuti tiite chimwe chinhu vorega kutipia simba racho reketenda kuti tinozvigona. Satani anoziva simba ratinenge tinaro kana tiine moyo yakazadzwa nekutenda ndosaka achitirwisa nekusatenda nekusava nechokwadi kuti chinhu chinoitika.

Hakusi kuti hatina kutenda asi kuti satani arikuedza kuputsa kutenda kwedu nemanyepo.

Regai ndikupei muyenzaniso wenguva yandakadanwa kuhushumiri. Aive mangwanani akangofanana nemamwe kunze kwekuti ndaive ndazadzwa naMweya mutsvene masvondo matatu aive adarika. Panguva iyi ndaive ndichangopedza kuteerera mharidzo yangu yekutanga yakatsikiswa yaive yakaitwa namufundisi Ray Mossholder yaive nemusoro unoti "yambukira mhiri". Moyo wangu wakabatwa kwazvo uye ndaishamisika kuti munhu aikwanisa kuparidza kwe awa rese kubva parugwaro rwumwechete uye ndakafunga kuti dzidziso dzavo dzese dzaizonakidza chaizvo. Ndichiwaridza mubhedha wangu ndakatanga kunzwa shuviro yakasimba yekudzidzisa shoko raMwari. Shoko raMwari ndobva rauya kwandiri rikati,"uchaenda kwese kwese uchidzidzisa shoko rangu uye uchava nehushumiri hwakakura kwedzidziso dzakatsikiswa.

Hapana kana chikonzero panyama chaivepo chekuti nditende kuti Mwari vaive vataura neni, kana kuti ndaizokwanisa kuita zvandaifunga kuti ndanzi ndiite. Ini ndaitova nematambudziko mazhinji mandiri zvekuti ndaisataridzika semunhu angapinda muhushumiri asi "Mwari vanosarudza zvakazvidzika zvenyika ino kuti vaninipise zvakachenjera. (1 vaKorinde 1:27) Anotarisa moyo wemunhu kwete nyama. (1 Samero 16:7) Kana moyo wakarurama Mwari vanozoshandura nyama. Kunyangwe zvazvo panyama paive pasina chikonzero chekuti ndive nekutenda pandakanza ndichisundwa. Ndakazadzwa nekutenda kuti ndaikwanisa kuita izvo Mwari vaida kuti ndiite. Mwari vakakudana, vanokupa chishuviro chekuda kuita zvwadaniwra, vokupa kutenda nekugona kuriita basa racho. Asi ndinodawo kuti muzive kuti pamakore andakamira ndichidzidzira nekumirira nguva, satani aigarondirwisa nekusatenda nekusava nechokwadi chezvinhu izvi.

Mwari vanoisa zviono nezviroto mumoyo yevanhu vake; izvi zvinotanga "setwumhodzi" tudiki. Kufanana nembeu inoiswa mumudzimai paanozvitakura, nesuko tinozvitakura nezviono nezviroto zvatinopiwa naMwari neshoko ravanotaura pamsoro pedu. Panguva yatinenge takazvitakura iyi satani anoedza chaizvo kutisvodzesza zviono nezviroto izvi. Anoshandisa zvombo zvinoti kusatenda nekusava nechokwadi kuti zvichaita. Zvombo izvi zvinorwisa pfungwa.

Kutenda chibereko chemweya; chinosundwa naMweya Mutsvene. Muvengi haadi kuti pfungwa dzako neni dzipindirane naMweya Mutsvene. Anozviziva kuti Mwari vakaisa kutenda matiri kuti tiite chinhu totanga kutenda kuti tinochiita tinenge tamurwisa chaizvo iye nehumambo hwake.

RAMBA UCHIFAMBA PAMUSORO PEMVURA!

"Asi igwa rakange rave chinhambwe chikuru kwazvo kubva kunyika asi richitambudzwa nemasaisai nokuti mhepo yairwisana naro. Panguva yechina yousiku Jesu akaenda kwavari achifamba pamsoro pegungwa. Vadzidzi pavakamuona achifamba pamsoro pegungwa vakatyva kwazvo. Vakaridza mhere nokutyva vakati "hero dzangaradzimu" Asi pakarepo Jesu akati kwavari "musatya ndini". Petro akapindura akati "Ishe kana murimi ndirayirei kuti ndiuye kwamuri ndichifamba pamusoro pemvura". Iye akati, "uya ". Ipapo Petro akabuda mugwa akafamba pamusoro pemvura akananga kuna Jesu. Asi akati achiona mhepo ine simba, akatyva ndokubva atanga kunyura, achibva adanidzira achiti "Ishe, ndiponesei" Pakarepo Jesu akatambanudza ruoko rwake akamubata uye akati kwaari, "iwe wokutenda kushoma, sei wakahadzika. Uye vakati vapinda mugwa mhepo ikanyarara." (Mateo 14:24-32)

Ndatsinhidzira parugwaro rwekupedzisira kuti ndikuratidze mashandiro emuvengi murugwaro urwu. Petro akabuda mugwa akaita chinhu chaaive asati amboita arairwa naJesu. Hakuna mumwe munhu aive ambozviita izvi kunze kwaJesu. Zvaitoda kutenda. Petro akaita mhosho, akaita nguva akatarisa dutu ndokubva atanga kutya. Kusava nechokwadi nekusatenda zvakamukomberedza akatanga kunyura. Akadanidzira kuna Jesu kuti amununureakanunurwa. Asi wazviona here kuti dutu rakabva ranyarara apo akapinda mugwa.

Rangarira pana vaRoma 4:18-21 apo Abhurahama asina kudududza pakutenda kunyangwe mamiriro ezhvinhu aive asina kuita zvakanaka. Kusiyana na Petro, Abhurahama ainyatsoziva mamiriro ezhvinhu asi aisagara achimataura kana kuafunga nguva dzese. Ini newe tinogona kuziva mamiriro akaita zvihu asi toita kuti pfungwa dzedu dzigare dziri pane zvime zvihu zvinovaka nekusimudzira kutenda kwedu. Ndokusaka Abhurahama akagara achirumbidza nekunamata Mwari. Tinorumbidza Mwari apo tinoramba tichiita zvatinofanirwa kuita kunyangwe zvihu zvisina kumira zvakanaka. VaEfeso 6:14 inotidzidzisa kuti munguva yekurwiswa pamweya, tinofanirwa kunyatsosunga kwazvo bhandi rezvokwadi patiri.

Panouya dutu muhupenyu hwako, unofanirwa kusunga dzisimbe womira na Mweya Mutsvene woramba uri pamusoro pemvura. Kazhinji kurwiswa kunobva kwangopera apo unokanda mapfumo pasi wodzokera panzvimbayo yaunonzwa wakachengeteka.

Satani anounza dutu muhupenyu hwako kuti akutiyisidzire. Panguva yedutu rangarira kuti mundangariro ndimo mune dariro rekurwa. Usaite sarudzo maringe nezvaunonzwa kana zvaunofunga asi imbonzwa kuti Mweya Mutsvene varikutii. Ukadaro uchaona chiroti chimwechete sepakutanga chiricho chiripo.

MAFUNGA-MAFUNGA HAABVUMIDZWE!

"Kana mumwe wenyu achishayiwa huchenjeri, ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakawanda kuna vose asingatsvaki mhosva, uye achapa hake. Asi paanokumbira anofanirwa kutenda uye asinganyunyuti nekuti uyo anonyunyuta akaita sefungu regungwa rinosundwa uye richimutswa-mutswa nemhepo. Munhu uyu ngaarege kufunga kuti achagamuchira chinhu chipi zvacho kubva kuna She." (Jakobho 1:5-7)

Mufundisi wangu Rick Shelton anorondedzera kudzongonyedzeka kwaakamboita mupfungwa achiedza kuita sarudzo yekuti odii mushuremekupedza zvidzidzo zvake ku Bible College. Mwari vaive vatsimbirira chaizvopamoyo wake kuti aifanirwa kudzokera ku St Louis Missouri onotanga kereke ikoko mushure pekupedza zvidzidzo zvinova zvaiida kuita asi pakazosvika nguva yekuti adzokere aingova nemadhora makumi mashanu chaiwo, mwana nemudzimai akazvitakura. Mamiriro ake ezvinhu aive asina kutombomira zvakanaka zvachose.

Ari pakati pekupishana nepfungwa akadaidzwa nedzimwe kereke mbiri huru kuti azoshanda muhushumiri hwavo uye aizotambira mari yakawanda chaizvo. Kushandira kereke mbiri idzi kwanga kwakanaka kwete pamari chete yaaizotambira asi kuti nezita rake raitozokurawo kuburikidza nekushanda navo. Pairamba achipishana nepfungwa ipapa kusava nechokwadi chokuti odii kwaikurawo.

Pane imwe nguva ainyatsoziva kuti aida kuitei nehupenyu hwake asi apa akange akugabhabha pasarudzo. Sezvo zvaive zvisina kumira zvakanaka panguva iyoyo kuti adzokere ku St Louis, zvaita sezvaizopedza matambudzikako akangogamuchira basa kumakereke makuru aya asi zvaimunetsa kuita sarudzo. Akazobvunza mumwe wevafundisi vaive vamudeedza kubasa kukereke yavo. Murume uyu akamupindura zvinehuchenjeri akati, tsvaga nzvimbo yakanyarara uri wega wombozvipa nguva yekunzvera moyo wako woona kuti uchanzwa uchisundwa kuita zvipi woita izvozvo.

Paakateedzera zvaive zvataurwa namfundisi ava, akanzwa kuti moyo wake waida zve kereke yeku St Louis. Aisaziva hake kuti zvaizofamba sei nezvaive nazvo panguva iyoyo asi akateerera shoko raMwari zvikatozofamba zvakanaka. Kutaura kuno mufundisi Ricky Shelton ndivo muvambi nemufundisimukuru wekereke ye Life Christian Center ku St Louis Missouri. Kereke iyi ine nhengo dzinosvika zviuru zvitatu uye inobatawo vanhu pasi rese. Hupenyu hwevanhu vazhinji hwashandurwa nehushumiri hwekereke iyi. Ini ndakatomboshandawo navo kwemakore mashanu uye yanguwo kereke ye Life In The Word yakabarwawo panguva yandaivako. Imbofungawo kuti satani aive achaba zvakawanda seyi nekusatenda nekusava nechokwadi nekuti zvaizofamba seyi dai Mufundisi Shelton vakasarudza kuteerera zvaidiwanepfungwa dzavo kwete zvaive zvaiswa pamoyo wavo naMwari.

KUSAVA NECHOKWADI KUTI ZVINHU ZVICHAFAMBA SEYI ISARUDZO

"Mangwanani-ngwanani paakanga ari munzira achidzokera kuguta akanzwa nzara. Achiona muonde pedyo nemugwagwa akatsaukira pauri asi haana kuwana chinhu pauri kunze kwemashizha. Ipapo akati kwauri 'ngakurege kuva nemicherozve pauri!' Pakarepo muti uya wakabva wasvava. Vadzidzi vakati vazviona vakakatyamara vakati,' ko muonde uyu wabva wasvava pakarepo sei?' Jesu akapindura akati, 'ndinokuudzai chokwadi kuti kana muine kutenda uye musingakahadziki hamungaiti zvaitwa kumuonde uyu asi munogonawo kuti kugomo iri ',enda unozvikanda mugungwa uye zvichaitika.' Kana muchitenda muchagamuchira zvose zvamunokumbira mukunyengetera" (Mateo 21:18:22)

Vadzidzi vake pavakashamisika nekuparadzwa kwanga kwaitwa muonde na Jesu neshoko chete, akavati nemamwe mashoko " kana muine kutenda musingaiti zvekufunga kuti zvinhu izvi zvichaitika here, nemi muchagonawo kuita zvinhu zvakadai nezvinotopfuura izvi" (Johani 14:12) Tatoona kare kuti kutenda chipo chinobva kuna Mwari, saka takutoziva kuti kutenda tinako. (vaRoma 12:3). Asi kuva nepfungwa dzekuti zvichaitika here itori sarudzo. Chombo chehumhare chinoshandisa nasatani papfungwa dzedu. Sezvo uchizvisarudzira zvaunofunga, panouya pfungwa dzekusatenda kuti chinhu chichaitika here unofanirwa kugona kudziramba pfungwa idzodzo woenderera mberi nekutenda.

Sarudzo ndeyako!

KUSATENDA INZIRA YEKUSATEERERA

"Jesu akapindura akati "haiwa imi rudzi rusingatendi uye rwakatsauka, ndichagara nemi kusvika rinhiko? Uyayi nemukomana uyo kwandiri" Jesu akatuka dhimonni rikabva rabuda mumukomana uya achibva apora kubva panguva iyoyo. Ipapo vadzidzi vakavya kuna Jesu vari voga vakamubvnza vachiti "ko tanokewa sei kuridzinga?" Akavapindura achiti " nokuda kwekuti munekutenda kushoma. Ndinokuudzai chokwadi kuti dai maiva nekutenda kudiki hako semhodzi yemastadhi maigona kuti kugomo iri " ibva apa uende uko" zvichiitika, Hapana chamunokundikana kuita." (Mateo 17:14-20)

Rangarira kuti kusatenda kunoita kuti munhu asateerere.

Pamwe Jesu aive aine zvaiive adzidzisa vadzidzi vake zvavaifanirwa kuita asi kusatenda kwavo kwakaita kuti vasateedzera zvaaiive avaudza ndokupedzisira vakundikana. Nyaya iripo ndeyekuti kusava nechokwadi chekuti zvinhu zvichaitika sektaurwa kwazvakaitwa naMwari kunotidzivisa kuita zvatakatariwa naMwari. Zvinotidzivisawo zvakare kurarama murunyararo nekugadzikana kunodiwa na Mwari kuti tiwane maari. (Mateo 11:28:29)

ZORORO RESABATA

"Naizvozvo ngatishingirirei kuti tipinde muzororo iro kuitira kuti pashayike achawa nokuda kwokutevera muenzaniso wavo wokusateerera."
(vaHebheru 4:11)

Kana wakaverenga chitsauko chechina chese chebhuku reva hebheru chinotaura nezvesabata revanhu vaMwari. Pasi pe testamende yakare sabata raiva zuva rekuzorora. Pasi petestamende itsva sabata izororo repamweya. Chipo chatakapiwa sevatendi kuti tirambe kushungurudzika kana kuva nekupishana nepfungwa. Sevatendi tinokwanisa kupinda muzororo raMwari.

Kunyatsonzvera chitsauko chechina ichi kunoratidza kuti zororo iri rinopindwa chete nekutenda uye kusatenda ndiko kwega kungaite kuti tisaripinde. Kusatenda kunoita kuti tirame hupenyu hwemurenje iye Jesu akatotigadzirira kare nzvimbo yezororo rekusingaperi inogona kupindwa chete nekutenda.

KURARAMA UCHIBVA PANEKUMWE KUTENDA UCHIENDA PANE KUMWE KUTENDA

"Nekuti muvhangeri, kururama kwaMwari kunoratidzwa kuchibva pakutenda kuchienda pakumwe kutenda sezvazvakanyorwa zvichinzi "akarurama achararama nekutenda " (VaRoma 1:17)

Ndinorangarira chimwe chiitiko chinotsanangura izvi zvakanaka. Rimwe zuva ndakange ndichitenderera pamba pangu ndichiedza kuita mabasa akasiyana siyana asi ndaive ndisina kana mufaro uye mumoyo mangu maive musina kugadzikana. Ndakaramba ndichibvunza Mwari kuti chiiko chamboitika pandiri? Izvi zvaigara zvichiitika uye ndaida chaizvo kuziva kuti zvaikonzerwa neyi. Ndaive munhu aiedza kuteedzera zvese zvandaizidza murwendo rwangu rwekfufamba naJesu asi pane chaise chakashota.

Ndichipishana nepfungwa kudaro nhare yakabva yakarira. Pandaitaura parunhare ndaibata bata makhadhi angu ane magwaro emubhaibheri andakatumirwa nemumwe munhu. Ndaive ndisiri kumaverenga ndaingoma bata bata ndichitaura parunhare. Pandakapedza ndakabva ndati rega ndingosarudza rimwechete ndione kuti ringandikurudzire here. Ndakabva ndanhonga raive rakanzu vaRoma 15:13, Mwari wetariro ngaakuzadzeyi nomufaro wose nerugare pamunovimba naye, kuti muve netariro izere nesimba raMweya Mutsvene.

Ndakabva ndaona!

Dambudziko rangu raive rekusatenda nekusava nechokwadi kuti zvii zvaizoitika. Ndaive ndichizvisuwisa nekutenda manyepo asatani. Ndairarama nemifungo isiriyo. Zvaisakwanisika kuti ndirarame nerufaro nekugadzikana

kwemoyo nekuti ndaisava nekutenda. Hazvikwanisike kuti urarame uine kugadzikana nemufaro iwe uchirarama usina kutenda.

Ita sarudzo yekuvimba nezvinotaurwa naMwari kwete zvinotaurwa nasatani.

Dzidza kurarama uchibva pane kumwe kutenda uchienda pane kumwe kutenda. VaRoma 1:17 inoti iyi ndiyo nzira inozarurwa nayo kurarama kwaMwari. Mwari vakandiratidza kuti panze pekurarama kubva pane kumwe kutenda ndichienda pane kumwe kutenda dzimwe nguva ndairarama kubva pakutenda ndichienda pakusatenda ndichienda pakusatova nechokwadi chekuti zvinhu zvaizofamba seyi. Ndagara gara ndaizodzokera pakutenda uye mushure menguva pfupi ndodzokerazve pakusatenda zvakare ndichingodzugaira kudaro uye ndizvo zvaindiita kuti ndigare ndisina mufaro.

Rangarira kuti maringe nerugwaro ruri pana Jakobho 1:7,8, munhu ane pfungwa mbiri haana kugadzikana mukuita kwake kwose uye haagamuchiri zvaanoda kubva kuna Mwari. Ita sarudzo yekuti hauzovi munhu anorarama nepfungwa mbiri, usararame uri munhu asina chokwadi nehupenyu! Mwari vaakakurongera hupenyu hwakanaka. Usarega satani achikubira hupenyu uyu nemanyepo! Iva unogona kuramba uye kurwisana nechinhu chese chinozvikudza nekuzvimisikidza chichirwisana nezivo yese yaMwari woisa mifungo yese yakadai muhusungwa hwekuteerera Kristu (2 vaKorinde 10:5)

Chitsauko 12

Pfungwa Inoshushikana Nekufunganya

"...usave neshungu, zvinongoładzisa munhu." (MaPisarema 37:8)

Tinorwiswa mupfungwa kuburikidza nekushushikana nekufunganya kuti titadze kushandira Ishe. Wakaipa anoshandisa zvombo izvi kudzikisira kutenda kwedu, kuti tikundikane. Pane vamwe vanhu vanofunganya zvakanyanya zvokuti vanogara vakabatikana mazuva ose. Kana asingafunganye nezveupenyu hwake anenge achishushikana neupenyu hweumwe munhu. Ndinozvinzwisia nokuti ndaive nedambudziko rakadaro.

Handina kuwana mufaro werugare rwokufirwa naJesu nokuti ndaigara ndichishushikana pamusoro pechimwe chinhu.

Hazvikwanisiki kuve nerunyararo, panguva imwechete uchishushikana zvakare.

Runyararo harwuiswi pamunhu asi chibereko cheMweya (VaGaratia 5:22). Chibereko chinouya nekugara padzinde. Kugara zvinoreva kupinda muzororo raMwari sezvakanyorwa muna VaHeberu 4 nedzimwe ndima. MuBhaibheri mune mashoko akawanda anoreva kufunganya. Bhaibheri re King James hariti kufunganya asi " usave neshungu" (Mapisarema 37:8). Dzimwe ndima dzinotsanangura kufunganya dzinoti Mateo 6:25; VaFiripi 4:6, na 1Petro 5:7

DUDZIRO YEKUFUNGANZA

Duramanzwi re Webster rinotsanangura kuti kufunganya zvinoreva

1. Kusagadzikana
2. Kushushikana, kutambudzika
3. Kuzvishungurudza nepfungwa

Pandakaona dudziro yekuti kuzvishungurudza nekufunga ndakaita sarudzo chiriporipotyo kuti handitambudzwi zvakare. Ndinofunga vatendi vane njere dzakapinza kudarika kugara uchizvishungurudza.

Kufunganya hakuna rubetsero saka unofirei?

Imwe tsananguro yakandijekera yekufunganya ndeyekuti zvakafanana nekurumwa pahuro wozunzwa sezvinoitwa nemhuka kana kushungurudza nekuramba wakaruma kana kuramba uchirova mbama. Ndakafungisisa pamusoro petsanangudzo iyi ndakaona kuti ndizvo zvinoitwa na Satani muupenyu. Patinofunganya kwenguva shoma shoma tinonyatsonzwa sevanhu varumwa pahuro nekuzunzwa zunzwa. Kudzokorora pfungwa zvakafanana nekuramba uchirohwamwe nekurumwa.

Kufunganya kurwiswa mupfungwa na Satani. Pane zvinhu zvinotarisirwa kuti mutendi afunge asi Satani anorwisa. Haadi kuti ufunge zvakanaka, nokudaro Wakaipa anoita ugare uchingofunga zvakaipa zvokuti unotadza kufunga zvakanaka zvawakarongerwa na Mwari.

Tichazotsanangura muchikamu chinotevera zvatinofanira kufunga asi parivino rega timbodzikisa pamusoro pekfunganya kusvika tazarurirwa kushata kwekfunganya nekuti hazvina maturo.

Mateo 6; 25-34 inonyatsotsanangura zvatinofanira kuita kana rakuda kufunganya. Regai tiongorore ndima imwe neimwe tione kuti Mwari varikuti kudii nenyaya yakakosha iyi.

HAUZIVI HERE KUTI UPENYU HAUNA KUKOSHA KUDARIKA ZVINHU?

"Saka ndinoti kwamuri," Regai kufunganya pamusoro peupenyu hwenuy, muchiti ndichadyei, kana ndichanwei, kana paamusoro pemuviri wenyu, muchiti ndichafukeiko? Upenyu haupfuvuri zvokudya here, kana muviri haupfuvuri zvokufuka here?" (Mateo 6:25)

Tinofanira kuva neupenyu hwemhando yepamusoro. Muna Johane 10:10 Jesu vanoti," Mbavha inongouya kuti ibe nokuvuraya nokuparadza. Ini ndakauya kuti ave neupenyu uye ave nohwakawanda."

Satani anoedza kutibira upenyu uhwu nenzira dzakawanda, imwe yacho kufunganya.

Muna Mateo 6:25 tinoudzwa kuti hatifanire kufunganya pamusoro peupenyu - chero chii nechii zvacho. Mwari vakafigadzirira upenyu hwemhando yepamusoro hune zvinhu zvose asi tikafunganya pamusoro pezvinhu tinorasikirwa nazvo pamwe neupenyu hwaakatigadzirira.

HAUZIVI HERE KUTI WAKAKOSHA KUDARIKA SHIRI?

"Tarira shiri dzokudenga hadzirari, hadzicheki, hadzivunganidziri mumatura, asi baba venyu vekudenga vanodzipa zvekudya. Imi hamudzipfuvuri zvikuru here?" (Mateo 6:26)

Zvingatinakira tikawana nguva yekutarisa shiri. Ishe vanoraira kuti tidaro.

Nguva nenguva nyatsocherechedza kuti shiri dzinorarama sei? Hadzizive kuti zvokudya zvinobvepi asi handisati ndamboona shiri yakagara pabazi ichifunganya. Pfungwa inokoshesesa pano ndeyekuti, "Hauna kukosha kudarika shiri?" Ungadai uchinetsekana nechimiro chako asi unotenda kuti wakakosha kudarika shiri, tarisa kuti baba vako vekudenga vanodzichengeta sei?

KUFUNGANYA KUNOBETSEREI?

"Ndiyaniko kwamuri angawedzera kubhiti rimwe paurefu hwake nekufunganya?" (Mateo 6:27)

Zvabuda pachena kuti kufunganya hakuna maturo. Hapana chakanaka chinouya nekufunganya. Nokudaro unoshushikana neyi? Unotambudzikirei?

UNOSHUSHIKIRANEYI

"Munogunganyireiko pamusoro pezvokufuka? Fungai maruva ebundo, kumera kwavo, haabati, haaruki, asi ndinoti kwamuri, kunyange na Soromoni pakubwinya kwake kwose, haana kushongedzwa serimwe rawo. Zvino kana Mwari achifukidza saizvozvo vuswa hwebundo, huripo nhasi, huchikandirwa muchoło mangwana, haanga kufukidziyi, nokupfuvurisa imi vokutenda kuduku here?" (Mateo 6: 28-30)

Nemuenzaniso wekusika kwavo, Mwari vanojekesa kuti kana ruva risina charinoita richichengetwa nokushongedzwa kudarika Mambo Soromoni neukuru hwavo, zvokwadi tinofanira kutenda kuti Mwari vanotipa nekutichengeta.

NOKUDARO USAFUNGANYA KANA KUSHUSHIKANA

"Naizvozvo, musafunganya muchiti, "tichadyei? Kana tichanwei? Kana tichafukeiko?" (Mateo 6:31)

Ndinoda kusimbisa ndima iyi ndichiwedzera kuti "saka tichaitei?"

Ndinofunga kuti Satani anotumira mweya yetsvina inongoita basa rekuudza mutendi mashoko aya zuva rese. Inomupa mibvunzo yakaoma, mutendi oswera achitsvaga mhinduro. Wakaipa anogara achiira hondo yemupfungwa kuda kuti mutendi ashaye zororo.

Cherechedza chikamu che ndima 31 apo Ishe vanotisimbisa kuti musafunganya. Rangarira kuti "nokuti muromo unotaura zvizere pamwoyo" (Mateo 12:34)

Wakaipa anoziva kuti akazadza mifungo yedu nezvakaipa, tinotanga kuzvipupura nemuromo. Mashoko edu ane simba nokuti anosimbisa kutenda kana kusatenda kwedu.

TSVAKA MWARI KWETE ZVIPO

"Nokuti VaHedheni vanotsvaka izvozvi zvose nokuti baba venyu vokudenga vanoziva kuti munoshaiwa izvozvi zvose. Asi tangai kutsvaka vushe hwaMwari nokururama kwake, izvozvi zvose zvichawedzerwa kwamuri." (Mateo 6:32-33)

Zviri pachena kuti vana vaMwari vakasiyana nevenyika. Nyika inotsvaga zvinhu asi tinotsvaga Ishe. Vakavimbisa kuti tikaita izvi vachatipamhidzira zvose zvatingade.

Tinofanira kudzidza kutsvaka chiso chaMwari kwete ruoko rwavo.

Baba vedu vanofara kupa vana vavo zvinhu zvakanaka, asi kwete tichizvitsvaka. Mwari vanoziva zvatinoda tisati takumbira. Tikangoita mikumbiro yedu kwaari (VaFiripi 4:6), vanotipa nenguva yavo. Kufunganya hakubetseri. Kunotodzosera shure budiriro yedu.

ZUVA NEZUVA RINE ZVARO

"Naizvozvo musafunganya pamusoro pezvamangwana, nokuti mangwana achazvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rinokwanirwa nenhamo yaro." (Mateo 6:34)

Ndinoda kutsanangura kufunganya sekupambadza zuva ranhasi uchida kunzwisia zvamangwana. Ngatidzidzei kushandisa nguva yatapiwa naMwari kuita zvavanoda.

Ngatiraramei upenyu-izvozvi!

Tine urombo kuti vanhu vashoma vanokwanisa kurarama zuva rimwe sezvinotarisirwa. Unogona kuva uri umwe. Jesu anoti Satani akauya kuzoba upenyu (Johane 10:10). Usamutendere kuti arambe achizviita. Usapambadze zuva ranhasi kufunga zvamangwana. Zuva ranhasi rakakukwanira rine zvaro. Zvinoda udzamise pfungwa mune zvanhasi. Zuva ranhasi rine nyasha dzakarikwanira, nyasha dzamangwana dzinotouyawo muzuva rinatevera. Usapambadze zuva ranhasi.

USATYE KANA KUSHUSHIKANA

"Musafunganye pamusoro pechihu chimwe asi pazvinhu zvose mikumbiro yenu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nekukumbira pamwechete nokuvonga." (VaFiripi 4:6)

Zvakana chose kufunga gwaro iri pose paunenge wakufunganya. Ndinokurudzira kuti utaure shoko raMwari nomuromo wako. Munondo unochecka kumativi ose unoshandiswa kurwisa muvengi. (VaHebheru 4:12), (VaEfeso 6:17). Munondo wakavharirwa muhomwe mawo haushandi panguva yehondo.

Mwari vakatipa shoko ravo. Rishandise. Dzidza magwato seaya, kuti apo. muvengi akurwisa, unomudzorera uchishandisa chombo cheshoko sezkaitwa na Jesu.

PUTSA MIFUNGO YOSE

"Tichiputsa njere, nezvakakwiririra zvose zvinomutswa kuzorwa nekuziva Mwari unotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu." (2VaKorinde 10:5)

Kana uchiwana mifungo isingawirirane neshoko raMwari, taura shoko. Shoko rinobva mumuromo memutendi, richitaurwa nekutenda ndicho chombo chikuru chinoshanda kukunda hondo yekufunganya nekushushikana.

KANDA MIFUNGO YAKO KUNA MWARI

"Naizvozvo zvininipisei pasi poruvoko rune simba rwaMwari kuti akukudzei nenguva yakafanira. Kandirai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose, nokuti iye anokuchengetayi." (1 Petro 5:6-7)

Apo Muvengi anotipa dambudziko, tine mukana wekutsvena dambudziko iri kuna Mwari. Kutsvena uku kunoreva kukanda. Iwe nenii tinokanda matambudziko edu kuna Mwari, iye anogamha anoziva zvekuita nawo.

Ndima iyi inoratidza kuti ukazvininipisa haufunganye. Munhu anofunganya anofunga kuti anokwanisa kugadzirisa matambudziko ake pachake. Kufunganya ipfungwa dzinomhanya mhanya kuda kutsvaga mhinduro mumatambudziko. Munhu anozvikudza, anozvivimba asi uya akazvininipisa anovimba naMwari. Munhu anozvikudza anofunganya asi akazvininipisa anomirira.

Mwari voga ndivo vanotidzikanura. Vanoda kuti tizvitive kuti nguva dzose tivimbe navo tipinde muzororo ravo.

ZORORO RASHE

"Haiwa, Mwari wedu, hamungavatongi here? Nokuti hatine simba rokurwa navazhinji ava vanovuya kuzorwa nesu, hatizivi chatingaita, asi meso edu akatarira kwamuri." (2 Makoronike 20:12)

Ndima iyi ndinoida! Vanhu ava vakasvika pakuziva zvinhu zvitatu

1. Vaive vasina simba rokurwisa vavengi
2. Vaive vasingazivi zvokuita
3. Meso avo aifanira kutarisa kuna Mwari.

Mundima 15 na 17 yechitsauko chimwechete tinonzwa zvinotaurwa naMwari, mushure mekunge vaziva nokumugamuchira, ...Musatya kana kuvhunduka nokuda kwavanhu ava vazhinji nokuti kurwa hakuzi kwenyu asi ndokwaMwari. Imi hamungafaniri henyu kurwapo, zvigadzirireipo murambe mumire henyu, muone kuriwa kwenyu na Jehovha.

Tinotora chinzwimbo chipi? Tinofanira kugara muna Jesu nekupinda muzororo raMwari. Tinofanira kumira munaShe nguva dzose nekutarira kwavari tichiita zvose zvavanotaraira tisingafambi munyama.

Nyaya yekupinda muzororo raShe inorwiswa zvikuru.

Kuti ndinyatsotsanangura, regai ndikupeyi muenzaniso wevanotara mifananidzo vaviri. Vakanzi vatare mifananidzo yerunyararo sekunzwisia kwavanoita. Umwe akatara dziva rakadzikama pakati pemakomo. Umwe akatara rwizi rwunoyerera nemafashamo nemuti wakarerekera, pane rimwe davi pakagara shiri iri mudendere.

Ndeipi mufananidzo unoratidza runyararo? Wepiri nokuti runyararo rwunovapo mukurwiswa nekupokana. Mufananidzo wekutanga unoratidza kugadzana kana kumira panzvimbo imwechete. Nzvimbo yakanaka, munhu anofara kuenda kunozorora ipapo asi hairatidze zororo raMwari.

Jesu vanoti," Ndinokusiyirai rugare, ndinokupai rugare rwango, handikupiyi sokupa kwenyika. Mwoyo yenu irege kumanikidza, rege kutya." (Johani 14:27)

Runyararo rwake nderwepamweya. Zororo ravo rinoonekwa mukati memafungu. Jesu havana kuuya kuzobvisa zvinetso nekurwiswa kwose muupenyu asi kutipa muono wakasiyana kumafungu ehupenyu. Tinofanira kutora joko ravo nokudzidza nezvavo. Mateo 11:29. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kudzidza nzira dzake togadzirisa upenyu sezvaakaita.

Jesu aisafunganya nokudaro hatifaniri kufunganyawo.

Kana wakamirira kuti ucharega kufunganya kana usisina chekufunganya ndinokuudza kuti hazvife zvakaita. Shoko rechokwadi!

Mateo 6:34 inotiudza kuti tisafunganye nezvamangwana nokuti zuva rimwe rine zvaro. Jesu anotaura kudaro, kwete kuti aive asingatendi. Kuva nerunyararo kufara muzororo raMwari uri mukati memafungu. Zvinofadza Ishe nokuti zvinoratidza kuti nzira dzavo dzinoshanda.

KUFUNGANYA, KUFUNGANYA, KUFUNGANYA

Ndakapambadza makore mazhinji ndichifunganya pamusoro pezvinhu zvandisina simba pamusoro pazvo. Ndaizoda kudzokera kumashure, ndotarisa upenyu neimwe nzira. Asi hazvigoneki. Ukapambadza nguva yawakapiwa naMwari, hazvigoneki kudzokera kumashure kutangidza kuita zvinhu.

Nerumwe rutivi, murume wangu Dave haafunganye. Pane imwe nguva yandaimutsamwira nokuti aive asingashushikani pamusoro pangu. Aive asingatauri nenii zvose zvakashata zvaizotiwira kana Mwari vakasapindira mumamiriro eziinhu ataaive nayo.

Ndaigara mumba yokubikira ndotarisa zvose zvaida kubhadharwa, pamwe nemari yataive nayo. Ndaigumbuka zvikuru nokuti mari yaive shoma kudarika zvaida kubhadharwa. Dave aitotamba hake nevana vachiona chivhitii vhti. Ndinorangarira kuti ndaimubvnza nenzwi rine hasha kuti," Unodii kuuya kuno tionesane pane kuswerera kutamba?" Aipindura " Unoda kuti ndiite sei?" Ndaibva ndapererwa ndoshata mhinduro.

Dave aindidzikamisa nokundirangaridza kuti Mwari vachasangana nesu pazvishuwo zvemoyo yedu. Isu taiita rupandi rwedu (kubvisa chegumi, kupa mupiro, kunamata nekuvimba naye), uye kuti Mwari vanoramba vachiita rupandi rwavo. Dave aiona ini ndichifunganya. Ndaingotandara nemhuri kwechinguva chidiki, asi mifungo iya yodzoka zvakare. Tichaiteyi? Ko tobhadhara nei zvikwereti? Zvocoita sei? Ko tikakundikana? Ndaiona matambudziko ese akawanda achiitika. Imba ichitorwa, motokari ichitorwa, tichinyadziswa pamberi pehama neshamwari kana tikava kwereta mari.

Wakambozviitawo here izvi? Kutambudzika kudaro.? Ndinovimba zvakamboitika nokudaro urikuverenga bhuku rino.

Neshungu mushuremekufunga mifungo yaiiswa neWakaipa ndaitangidza kunyora pasi zvakare zvaida kubhadharwa. Ndaiwedzera kugumbuka nokuti svomhu dzacho dzaisawirirana. Ndaipopotera Dave nevana kuti varikunakidza ini ndichitambudzika.

Ndaive ndisingaiti rupandi rwangu, asi ndaishushikana izvo Mwari vanoti tikande kwavari.

Ndikatarisisa izvozvi, ndinoona kuti ndakapambadza nguva mumakore angu ekutanga ewanano. Nguva yatinopiwa naMwari yakakosha asi ini ndakaipa kune Wakaipa. Nguva yako ndeyako ishandise zvakanaka, haidzoki zvakare.

Mwari vakasangana nezvishuwo zvedu nenzira dzakasiyana. Havatisye tega kana musi umwe. Mwari vakatendeka.

USAFUNGANYA - VIMBA NAMWARI

"Musakarira mari pamugariro wenyu. Tendai nezvamunazvo, nokuti iye amene wakati. Handingatokuregerei, handingatongokusiyi."
(VaHebheru13:5)

Iri gwaro rakanakisisa chose kukusimudzira pose paunofunga kuti Mwari vanozadzisa here zvishuwo zvemwoyo wako.

Mundima iyi, Ishe varikutiudza kuti hatifanire kugara tichingofunga zvemari, tichitambura kuti tozvichengera sei nokuti iye unogadzirisa zvose. Akativimbisa kuti haatisiye toga.

Ita rupandi rwako, asi usaedze kuita rupandi rwa Mwari. Mutoro unorema ukasangwarira, nokudaro unokwanisa kudonha ukakundikana.

"Usafunganya. Vimba (zembera, iva nekutenda) na Jehovha uite zvakanaka. Gara panyika ushingaire kutendeka. "(Mapisarema 37:3)

Ichi chivimbiso!

Chitsauko 13

Pfungwa inogara ichifungira nekushoropodza

"Musatonga, kutimurege kutongwa." (Matewu 7:1)

Kushungurudzika kwakanyanya kunoitika nokuda kokufungirana, kushorana, nekumhurana. Hukama nehushamwari hunoputsika nekuda kwemanhu idzi. Zvakare, pfungwa dzedu honzeri -ndidzo dzine mhingu dzose idzi. Mukufunga kwedu kungoti ndinofunga kuti-chinogona kuve chombo chinoshandiswa newakaipa kuputsa ukama.

Ndinogona kunatsanangura izvi nekupa muanzaniso weumwe mudzimai wandaiziva aive nemurume wake aive nepfuma zhinji kwazvo. Murume uyu aiva akanyarara kwazvo, asi mudzimai wake aida kuti agare achitaurawo zvinoita vamwe. Murume uyu aiva nehuchenjeri muzvinhu zvakawanda. Pavaifamba vose, airamba akangoti mwiro vamwe vachitaura zvairwadza mudzimai wake. Chainyanyorwadza mudzimai wake ndecheckuti murume wake uyu ainyararawo kana pachitaurwa nyaya nehurukuro dzinobata nyaya dzaaive neruzivo rwakanyanya. Mudzimai uyu aifunga kuti murume wake aifanirwa kuwana mukana wekupa pfungwa dzake kuti vanhu vaoone kuti murume wake anoziva chaizvo.

Mumwe musi vachibva kumabiko mudzimai uyu akasvora chaizvo maitiro emurume wake achiti "Seiko muchinyarara musingataure nekuudza vanhu pamusoro pezvinhu zvakawanda zvamunoziva?" Munongonyarara pachitaurwa makangoti tuzuzu? "Ndinoziva zvandinoziva asi ndinoda kwazvo kudzidzawo kubva kune vamwe vanhu!" Ndakatanga kuona kuti sei murume uyu ainge akapfuma- ainge ane huchenjeri. Vanhu vashoma vanowana pfuma vasina huchenjeri. Uye vanhu vashoma vanoumba hukama kwakasimba vasina huchenjeri, asika kuputsa hukama kunouya nekufungira vamwe zvakaipa, kuva nemaonero akaipa nekushoropodza vamwe.

Satan anoda kuti iwe nenii tisurikirwe, tisendekwe nehamma kuti iye agowana mukana wekushungurudza pfungwa dzedu. Ndinovimba kuti chitsauko chino chichabatsira kutionesa mhosvo dzedu nekutidzidzisa kukunda kufungidzirwa nekushoropodzwia.

Kumhura vamwe kunotsanangura neDuramazwi re'An Expository Dictionary of New Testament Words', nerimwe vara rechiGiriki rinoureka kumhura vamwe vanhu, rinoureka kutora danho rinonangana zviito zhevamwe uye kumhura. Duramazwi rimwewo rinoiti kuita uku kunosanganisira kutongera vamwe nekufungira vamwe. Mwari ndivo chete vane kodzero yekutonga zviito zhevamwe, naizvozvo patinomhura vamwe vanhu tiri kuzvita isu Mwari.

Handikuzive hangu asi pfungwa iyi inoita kuti munhu atye Mwari. Ini ndiri munhu ane ndine chivindi asi handidi hangu kuedza kuva Mwari. Nyaya dzekumhura idzi hadzimbondishungurudza, uye ndinovimba kuti

ndingabatsirane newe kukunda nyaya dzokutongera vamwe nekuvamhura. Kushora, kuve vemiono yakashata, nekumhura vamwe zvinodyidzana chaizvo nokudaro tichazvikurukura sechinhu chimwe chete.

Ndaingoshaya kuti sei ndaingoona zvakashata chete nguva dzose. Muhupenyu pane vamwe vanhu vanongoona zvakaipa chete. Asi rimwe boka revanhu vamwewo rinogara vakafara, chikwata ichi hachinyani kutarisa zvinokanganisa mufaro wavo. Asi kune boka revanhu rinogara rakanruwara, neavo vanoda kuva nechisimba pamusoro pevamwe, ava vanongogara vachiona zvakanyanya huipi hwevamwe vanhu.

Tinofanirwa kugamuchira kuti tine mafungiro akasiyana-siyana. Nyangwepo tichida zvakanyanya kuudza vamwe maonero ationoita zvakatinakira, asi zvinogona kunge zvisina kunakira vamwewo vanhu. Tinoziva chose kuti kusaba kwakanakira zviuru zvevanhu, asi ndiri kutaura pamusoro pezvinhu zvizhinji zvatine mafungiro mazhinji pamusoro pazvo. Regai nditi mifungo yandinotaura iyi munhu ane kodzero dzekuita zvaanoda asina kukanganiswa nevamwe vanhu.

Ini nemurume wangu tinemafungiro akasiyana pamusoro pezvinhu zvakawanda. Semuenzaniso, nyaya zhaiyo yekurongedza nekugadzira pamba inotoratidza chose kusiyana kwepfungwa dzedu.

Izvi hazvireve kuti hatifariri zvinofanirwa nemumwe, asi kuti patinoenda kunotenga zvinhu Dave anoda zvime zvinhu ini ndichifarira zvime. Zvakanditorera makore kuti ndinzwisise kuti hapana chainge chakashata pakuita kwaDave, nekuti aisava nemaonero akafanana neangu. Asi nguva dzose ndaimuudza kuti kuva nemafungiro akasiyana neangu kwaaita kwaiva kwakaipa. Chokwadi muono wangu uyu waiita kuti pave nemakakatanwa pakati pangu naDave nguva zhinji uye zvaikanganisa hukama hwedu.

KUZVIDA IDAMBUDZIKO RECHINDINI

"Nokuti nenyasha dzandakapiwa, ndinoudza mumwe nemumwe uri pakati penyu, kuti arege kuzvifunga mukuru kupfuura paanofanira kufuna napo: asi afunge nekufunga kwakachenjera, mumwe nomumwe nechiyero chokutenda sezvaakagoverwa naMwari." (VaRoma 12:3)

Kushoropodza nekumhura vamwe zvinobva padambudzio rakadzama rekuvida. Chindini chakakurisa chinokonzeresa matambudziko makuru. Bhaibheri rinotiudza pamusoro pekuvitutumadza. Kubudirira kwako neunyanzi mune zvese zvationoita zvinogoneka chete nekuti Mwari vatipa chipo chenyasha chekuti izvi zvititike. Kana tiri vanhu vanozvitutumadza izvi zvinoita kuti titarisire pasi vamwe vanhu. Tonoona vamwe vanhu sevakazvidzika vari pasi pasi pedu. Mafungiro aya akashatisa pamberi paMwari uye anozarura masuwo yekuti wakaipa apinde muupenyu hwedu.

KUTYA MWARI

"Vadikani kana umwe wenyu akundikana nekuda kwechivi, kana kutadzira Mwari nenzira ipi zvayo, vanotungamirirwa neMweya waMwari ngavamubatsire. Izvi zvanofanirwa kumubatsira kuti azvigadzirise vanenge vachimubatsira vasingaiti izvi vachizvitutumadza asi nehunyoro. Izvi zvinodawo kuti iwe ucherechedze kuti iwe hauzotadzizve. Ngaticherechedze kutakurirana mitoro, uye tibatsirane mukuedzwa nekutadza kwose, kungasanganisira nepatinotadza nesu. Izvi zvinobatsira kuti ticherechedze mirayiro yaKristu nekuizadzisa patinokundikana. Munhu akazvisimudzira iye asiri munhu akakoshesa (akangokosha pakufunga kwake) munhu iyeye anozvinyepera.

Hama dzangu nyangwe munhu akabatwa panokumwe nokumwe kudarika, imi vo vemweya mudzose kwakadai nomwoyo munyoro, uchizvichenjereraiwe kuti urege kuidzwa vo." (VaGaratia 6 1:3)

Magwaro ayo anotibatsira kuti toitasei patinocherechedza kukundikana kwevamwe zvinotiratidza zvatinofanira kuita nekufunga kana vamwe vanhu vatadza -tinofanirwa kutyu Mwari totya kuzvitutumadza uye tocherechedza kuti tisamhure vamwe vanhu nekuvatongera pazviito zvavo.

TISU VANANI KUTI TITONGERE VAMWE VANHU?

Iwe ndiwe aniko unopa muranda woumwe mhosva (VaRoma 14:4).

Funga nyaya iyi nenzira yekuti muvakidzani wako anouya mumba mako otanga kukuudza kuti vana vako vopfekei kuchikoro uye kukuudza nezvidzidzo zvavangatore kuchikoro. Ungazvitore sei? Kana kuti muvakidzani wako anouya okuudza kuti mushandi webasa mumba mako haagoni ungazviite sei? Iwe uchigutsikana nemushandi uyu? Ungazvitore sei?

Ndiyo pfungwa iri kutsanangurwa nemagwaro amubhaibheri. Isu tese tiri vana vamvari Nyangwe tiine kukundikana. Mwari anotigonera nekumira nesu kuti tiitirwe zvakanaka. Kana tichikundikana tinotsanangura zvese kuna Mwari kwete kune umwe munhu, hatifanire kutongana nekumhurana.

Satani ari mubishi rekutuma madhimoni ake kuti aiise pfungwa dzekushorana matiri. Ndinorangarira nguva yapfuura pandainogara pamberi pezvitoro ndigotarisa vanhu mapfekero avo, mafambiro avo zvese izvi ndichizviitira kuti zvingondifadza nekundivaraidza. Izvi ndaizviita neti ndiumbe mafungiro angu pamusoro pevanhu ava. Kana tiine miono nemafungiro atiinawo pamusoro pevanhu hataifanirwi kuzvitraura kana kuzvishambadza. Ndinofunga kuti tinongoona mikana yekutura zvakaipa sekuti yakawanda, tichisara tisina mikana yakawanda yekuita zvakanaka.

Pandinoona nyaya dzevanhu ndinogara ndichizviti "Joyce, hazvineyi newe". Idambudziko guru kugara uine miono wako mupfungwa kusvika watove nemutongo nemaonero pamusoro peumwe munhu. Dambudziko rinonyanya kukura kana ukatanga kukudza pfungwa iyi wotanga kutoishambadza nemaonero aya kuvanhu vakasiyana siyana. Pfungwa iyi inogona kutoputika

yopwanya ukama kana wanano. Unogona kuzvibatsira kubva kudambudziko iri nekuti "handineyi nazvo"

Kushorana nekumhurana kuriko chaizvo mumhuri yangu, ndakakura mazviri. Kana izvi zvaiitika pakukura kwako kurarama kunenge kutamba bhora negumbo rakatyoka. Ndaiedza kutamba bhora nemakumbo akatyoka. Ndaiedza kuita zvinoda mwari asindaitadza, ndaikundikana. Zvatora makore mazhinji kuti ndirwise mwuya yose yaibata pfungwa dzangu zvakazoita kuti zvinhu zvishanduke muupenyu hwangu.

Rangarira kuti hapana chinoshanduka kana pfungwa dzisina kushanduka!

"Musatonga kuti murege kutongwa; nokuti kutonga kwamunotonga nako, muchatongwa nako, nechiyero chamunoyerwa nacho, muchayerwa nacho. Unotarire rubanzo ruri muziso yehama yako, asi hauoni danda riri muziso rako. Kana kuti ungataure sei kuhama yako, rega ndibvise rubanzu muziso rako, iro danda riri muziso rako? Iwe munyeneri tanga wabvisa danda muziso rako, ugoona kubvisa danda riri muziso reumwe." (Mateo 7:1-6)

Muenzaniso yemagwaro awa inotsanangura nyaya yekumhura vamwe nekushoora. Kana vine dampudziko iri verenga mamwe magwaro akawanda pamusoro penyaya iyi. Pakuverenga magwaro aya, chiwashandisa sechombo kurambidza wakaipa ari kuvaka masvingo mupfungwa dzako. Wakaipa anogona kushungurudza pfungwa dzako nerusvingo rwaakavaka kare kare. Ngatitarisei ndima idzi neudzamu.

KUDYARA NEKUKOHWA

"Usashoropodze nekumhura vamwe kuti iwe usamhurwe nekushoropodzwawo. Shoko rinoti kana ukashora nekushoropodza iwe unomhurwawo nechipimo chimwe chete ichocco. "(Mateo 7:1:2)

Shoko iri rinotiudza kuti munhu unokohwa chawadyara. (VaGaratia 6:7)

Kudyara nekukohwa hakurevi nyaya yevhu nekurima kana kunongedza nyaya dzemari, zvinorevawo nyaya dzekunamata. Tinogona kudyara nekukohwa maererano nemifungo yedu sekudyara kwatinoita mbeu. Mumwe mufundisi anoti akanzwa kuti pane vari kumureva nekumuitira makuhwa anozvibvunza kuti vari kudyara kana kuti iye ndiye ari kukohwa pane zvaakaita. Dzimwe nguva tiri kukohwa zvatakadyara kare.

URICHIREMBA, ZVIPORESE!

"Unotarirei banzu riri muziso mehama yako, asi hauoni danda riri muziso rako? Rega ndibvise rubanzu danda riri muziso rako, Iwe munyengeri tanga wabvisadanda muziso rako ugovona kwazvokubvisa rubanzu muziso yehama yako."(Mateo 7:3-5)

Wakaipa anoda kuti tibatikane tichingoshora vamwe nekuda kwaizvozvo hatigone kuona patinotadza isu. Hatigone kushandura vamwe asi Mwari

vanogona kutichinja, isu hatigone kuzvichinja asi tinogona kufamba naMweya Mutsvene atishande. Danho rektunga kuona Mwari zvavari kuda kuita.

Nguva zhinji patinenge tichitaura rekumhura zviito zvavamwe tiri kurasikirwa nemukana wekuita ongororo pamusoro pezviito zvedu. Naizvozvo Jesu anoti hatifanirwe kubatikana neupenyu nezviito zvevanhu, asi tione zvitadzo zvakawanda sevanhuwo.

DANANA

"Musapa imbwa zvinhu zvitsvene, vuye musakanda maparera enyu pamberi penguruve, kuti dzirege kuatsika netsoka dzadzo ,dzikatendevuka dzikakubvambura." (Mateo 7:6)

Ndinotenda kuti shoko iri rinoureka kudanana kwedu nevamwe vanhu. Iwe nenii tinogona kuda vamwe uyezve takapihwa murairo uyu, kunze kwekushora ngatiite zvatinofanirwa kuita pane kutora chingwa chevana tichirasira kuimbwa anove madhimoni. Takatendera madhimoni kuti apinde munzvimbotsvene dzedu obva atiputsira pasi. Tinofanirwa kucherechedza kuti kufamba murudo kunodzingira kure madhimoni akaipa. Ndinotenda kuti mnhu anofamba murudo haangoshandisa newakaipa.

Pandakaita pamuviri pemwana wangu wechina ndave ndakura pakunamata uye ndaishandira Mwari, ndakazadzwa neMweya mutsvene ndabhabhatidza uye ndaiva mudzidzisi weshoko raMwari. Ndainge ndadzidza zvakawanda pamusoro pekushanda kutenda kwangu kuti kubatsire pakuporesa muviri wangu. Nyangwe zvakadaro mwedzi mitatu yekutanga yepamuviri apa ndaingorwara. Ndakaondoroka ndichipera simba ndaipedza nguva zhinji ndakangorara ndichirutsa pasina chandaigona kuita.

Izvi zvaindivhiringidza chaizvo nokuti ndainge ndisina kumbotambudzika nepamuvi pangu pekutanga. Panguva iyi yekutamga iyi ndaisaziva shoko rakawanda raMwari, nyangwe ndaive mukereke. Asi ndaisanyatsoshandisa shoko raMwari zvihinji. Pandaiva nepamuvi paindirwadza zvaininge zvasiyana sezvo apa ndaine ndakura mushoko raMwari, ndichiziva zvipikirwa zvaMwari zvose asi hapana damdudziko asi hapana caishanduka nyangwe ndaituka madhimoni.

Rimwe zuva ini ndichirwara ndakanzwa vana vangu nemurume wangu vachifara havo kuseri kwemba, ini ndakarara hangu. Ndakabvunza Mwari nehasha kuti "Ko ini dambudziko rangu chii?" Sei ndichingorwara? Sei ndisiri kupora?

Mweya Mutsvene akanditungamira kuverenga Matewu 7, ndakabvunza Mwari kuti ndima iyi yairevei kuupenyu hwangu neutano hwangu. Ndakangoramba ndichingoda kuiverenga nguva dzose. Nekufamba kwenguva Mwari vakazarura ndangariro dzangu kune chimwe chiiitiko chainge chakamboitika.

Ndainge ndambodzidzisa pane imwe ungano zvidzidzo zvebhaibheri pakauya mumwe mukadzi anonzi Jane. Jane akauya kuzvidzidzo izvi nemwoyo wese

kusvika panuva yaakaita pamuviri. Ndakarara pamubhedha musi uyu ndakarangarira mumwe mutendi wandainyeya nokureva naye Jane ndichiti ainge asina kushingirira pazvidzidzo zvakakwana. Hatina kumboyedza kumubatsira nepadiki. Takangoita mufungo yekumhura yekuti aizviitisa achishandisa pamuviri pake kuita nungo.

Iye zvino ndainge ndava munyaya imwe chete. Mwari vakandirakidza kuti nyangwepo ndainge ndakagwinya mwedzi mitatu yekutanga ndaiinge ndine utano hwakanaka asi ndakazarura musuwo wakaipa, nokuda kwekushoropodza. Ndakange ndatora chikoshiwa changu (kuda kwangu Jane) ndikapa kuimbwa, asi zvino imbwa idzodzo dzainge dzandidzokera nekundibvarura muzvidimbu dimbu. Ndakakurumidza kutendeuka. Pandakatendeuka, hutano hwangu hwakadzoka panzvimbo. Ndakapora mazuva akatevera epamuviri pangu. Pachiitiko ichi ndakadzidza chidzidzo chakakosha, kusashoora nekutongera vamwe pazviitiko zvavo. Kubva panguva iyi handinazve kutadza nemutowo uyu, asi kutadza kumwe ndaingopfurira mberi Mwari vachindiranga. Ndinovatenda Mwari tese tinotadza tese tine hukundikani. Shoko rinoti hatifaniire kuva nemwoyo mukukutu, mwoyo unoshora, asi tive netsitsi kune umwe neumwe

Muitirane mwoyo munyoro, munzwirane tsitsi, mukanganwirane, sezvamakakanganwirwa naMwari. (vaEfeso 4:32)

KUTONGERA UMWE KUNOUNZA KUTONGWA

"Saka haunepembedzo iwe munhu upi noupi, unotonga vamwe; nokutipachinhu chaunotonga mumwe nacho, unoziipa mhosva iwe, nokuti iwe unotonga, unoita zvinhu izvozvo." (VaRoma 2:1)

Nekumwe kutaura zvinhu izvozvo zvatinoshora zvichiitwa nevamwe tinozviitawo. Mwari vakandipa muenzaniso kuti sei tichiita chinhu isu toona kune chakanaka asi mumwe akachiita toona kunge chakaipa. Mwari vakati Joyce paunozvitarisa iwe unoshandisa magirazi akanaka asi kana wava kutarisa vamwe unoshandisa magirazi anokudza zvakaipa zvavo.

Isu tinopa tsananguro yekutadza kwedu, asi umwe akaita chimwecho tinomhura nechisimba chaicho. (Mateo 7:12) Shoko iri rinotibatsira kuti tisashora kana kumhura vamwe.

Pfungwa dzekushora ipfungwa dzakashata dzinoita kuti ungoona zvakashata chete. Chionawo zvakanaka kwete kungoona zvakashata.

Vamwe vanobatsirkana asi kunyanya iwe.

CHENGETEDZA MWOYO WAKO

"Chengeta mwoyo wako kudarika zvose zvinofanirwa kurindwa, nokuti mukati mawo ndimo mune zvitubu zvoupenyu." (Zvirevo 4:23)

Kana uchida kuti upenyu huyendeke kwauri uye kunevamwe chengetedza mwoyo wako. Pane imwe mifungo isingatarisirwe kumutendi kunya kushora. Zvese zvaanotidzidzisa Mwari zvakatinakira isusu. Kutevera nzira dzaMwari kunobara michero yakatinakira. Kutevera nzira dzaSatani kunounza kuora mumwoyo.

USABVUMIRA KUNGOFUNGIRANA

"Zvino kutenda, netariro, norudo, zvitatu izvi, ndizvo zvinogara; asi chikuru pakati pazvo ndirwo rudo." (1VaKorinde 13:7)

Ndinopupura kuti ndima iyi yakandiomera kuitevedza muupenyu hwangu. Ndakangozvarwa ndichingofungira vamwe. Ndakadzidziswa kusavimba nevanhu, kunya vaye vanotanga kuita kunge vanondifarira zvakanyanya ndinobva ndafungira kuti pane chavari kuda kwandiri.

Kunze kwekungofungira vamwe nekushoora zviito zvavo, ndakasangana nehunhu hwakawanda hunoshoreka hunoitwa nevanhu. Izvi hazvibatiwo nguva iyo ndainge ndisati ndatendeuka, asi zvinobata hupenyu hwangu mukunamata. Asi mushure mekuzyirovedzera mushoko rerudo nekucherechedza kuti rudo runoda chakanaka zvakandibatsira.

Kana pfungwa dzako dzakazadza nekushora nekumhura vamwe kana kutoti satani akabata pfungwa idzi senhapwa, pfungwa idzi dzinoda kuvandudzwa. Izvi zvinogoneka chete nekudzidza shoko raMwari nekutora nguva uchifungisia pamusoro paro.

Tine Mweya Mutsvene wakanaka unotiratidza pose patinokanganisa mukufamba kwedu. Mwari vanondibatsira pandinokundikana ndichifungira vamwe kunze kwekuti ndiite pfungwa dzakanaka. Munhu wenyama anoti ndikavimba nemunhu achandishandisa asi chokwadi kuvimba nevanhu kunogona kuuyisa zvakana zvakawanda.

Kuvimbawo nevamwe vanhu kunounza mufaro uye kunobatsira hukama kuti hukure kusvika padanho repamusoro-soro. Kufungirana kunouraya hukama nekuhuputsa. Chokwadi ndechekuti nzira dzaMwari dzinoshanda asi nzira dzevanhu hadzishande muupenyu hwedu. Ida zvinodiwa naMwari wovenga zvingadiwe naMwari. Bvumira zvinodiwa naMwari woramamba zvingadiwe naMwari.

Iva munhu anogona kuenzanisa zvese zvaunosangana nazvo muupenyu. Izvi hazvireve kuti tisashandise njere neudzamhu weruzivo nekunzvera zvatinosangana nazvo mukuyanana nevanhu. Hazvirevewo kuti tingozvikandidzira kuvanhu vatinene tichangosangana navo, izvi zvinogona kuti kanganisa chose. Asi hatifaniwe kungoona munhu wese neziso rakashata, tichingofunga kuti vanhu ava vanoda kuti shandisa.

VIMBA NAJEHOVA NEMWOYO WOSE, WOVIMBA NEVANHU MUCHIVANDE

"Zvino nguva yaakanga ari Jerusalem pamutambo wepasika, vazhinji vakatenda kuzita rake, vachiona zviratidzo zvaaiita. Asi Jesu haana kuzviisa mumaoko avo, nokuti wakanga achivaziva vose. Wakange asingatsvaki kuti munhu nemunhu apupure zvomunhu; nokuti aiziva iye zviri mumunhu."

(Johani 2:23;25)

Pane nguva yandakasangana nedambudziko mukereke Mwari vakandidondedza shoko iri. Jesu ari kutaura pamusoro pehukama hwake nevadzidzi vake. Rinoburisa pfungwa yekuti haana kunyanya kuvavimba. SHoko iri haritaurekuti aisavimba nevadzidzi vake kana kuti aivafungira-asi rinotiudza kuti ainzwisia kuita kwemunhu wenyama. Haana kuvavimba nekuti ainzwisia kuita kwavo munyama.

Ndakadzidza chidzidzo chakanaka. Ndainge ndakanganisirwa mune rimwe gungano remadzimai ndikatadza kunzwisia kuti vanhu vanhu izvi zvakaita kuti tizarure mukova kune wakaipa.

Shoko raMwari rinoti kuna 1Petro 5;8, tive vanocheredza mafungiro edu nguva dzose, nekuti wakaipa aripo kutiedza nguva dzose. Anodzvova nguva dzose kuti aone wekuedza nekuparadza.

Ndakadzidza kuti ndainge ndaisa vanhukadzi vandaiwadzano navo pachidanho chaMwari.Hatigone kuita izvi nevanhu. inzvimbo yaMwari chete. Tikatadza kuva nehuchenjeri munyaya idzi tinosangana nematambudziko, torwadziswa.

Isa ruvimbo rwakaperera muna Mwari chete. Kuita izvi kunopa Mweya mutsvene mukana wekuti akudzore kana wave kukanganiska.

Vamwe vanhu vanofunga kuiti vane chipo chamweya chekunzvera ivo vari vanhu vanongonyumwa chete. Pane chipo chaMweya chinonzi chipo chekunzera mwuya yose. Zvinonzi kunzvera yakaipa neyakanaka kwete kungonzvera yakaipa chete. Kunyumwa kunobva mupfungwa isina kurongwa patsva, asi kunzera kunobva pafungwa yakaringwa patsva.

"Mumwe kuita mabasa esimba: mumwe kuporofita, mumwe kuzivisamweya; mumwe marudzi endimi; mumwe kududzira ndimi." (VaKorinde 12:10).

Namatirai zvipo zvechokwadi -kwete kuita zvenyama inoiita sekuti zvipo zvaMweya.

Mweya wechokwadi wekunzvera unoita kuti vanhu vanamate kwete kuita makuhwa. Kana dambudziko richinzverwa nemweya wechokwadi, zvinofanirwa kufambidzana nenzira dzaMweya Mutsvene, kwetenzira dzenyama dzinokudza dambudziko.

MAZWI AKANAKA ANOPODZA

**"Mwoyo wowakachenjera unodzidzisa muromo wake, mashoko akanaka
akaita semusvi wenyuchi, zvinotapira kumweya zvichiporesa mapfupa"**
(Zvirevo 16:23, 24)

Nokuti shoko raMwari ibenyu, rinesimba, rinopinza kudarika munondo unopinza unocheka mativi maviri rinopinza kusvika panoparadzanisa mwoyo nemweya, namafungo nemwongo. (vaHebheru 4:12.)

Mifungo yedu yakafanana nemashoko akanyarara anonzwika chete naMwari, asi mazwi anogona kukuvadza munhu wemukati, mufaro wedu, nemaonero edu. Zvinhu zvatinofunga zvinobuda nemumuromo wedu. Zvinorwadza kuti dzimwe nguva zvinhu izvi zvinoita kuti tive mafuza. Kutongera vamwe, kushoora nekufungira vamwe zvakaipia hazviuyise mufaro.

Jesu akauya kuti tizove nemufaro uye tifare muupenyu hwedu. (Johane 10:10). Tanga kufamba munzira nekuda kwepfungwa dzaMwari, unozopinda muchiyedza chitsva chekurarama.

Chitsauko 14

Mufungo usinahany'a

"Vanhu vangu vanoparara nokushaya zivo" (Hosea 4:6)

Chirevo ichi chinova chechokwadi munyaya yekushaya chekuita. Makristu mazhinji haazivi chirevo ichi, uye havazivi zviratidzo zvacho.

Kushaya hany'a kunopesana nekuva neshungu. Idambudziko hombe nekuti shoko raMwari rinotidzidzisa kuti tive vakangwarira uye takachenjera. (1 Petro 5:8) – kuti tinofanira kufuridza moto, tokuchidzira chipo chiri matiri. (2 Timotio 1:6.)

Ndakaverenga dudziro dzakasiya siyana pamusoro 'pekushaya hany'a. Ndingangodudzira ndichiti,- kusanzva uchida kuita chinhu, kusaita shungu, kutonhora, usimbe. Mweya yakaipa inowanikwa mukushaya zvekuita. Wakaipa anozviziva kuti kushaya chekuita nekusashandisa simba rekuita chinhu ndizvo zvinounza kukundwa kwemutendi. Kana munhu akatarisana newakaipa achishandisa simba rake rokuita chinhu kumudzivisa, muvengi haakundi muhondo iyi. Asi kana akasvika apo anenge asina chaari kuita, anopinda nhamo huru.

Vatendi vazhinji vanotongwa mumanzwira avo zvekuti kushaya hanya ndiko chete kunodiwa kuvadzivisa kuita izvo vakadzidziswa. Vanomurumbidza kana vachinzwa kuda, vopa kana vachinzwa kuda, voita zvavanenge vataura kana vachinzwa kuda uye kana vasingade, havaiti.

PASINA CHINHU INZVIMBO!

"Usapa nzvimbo kumuvengi." (VaEfeso 4:27)

Kazhinji tinopa Satani nzvimbo isina chinhu. Hana isina chinhu iri nyore kuzadza nepfungwa dzakaipa.

Mutendi ane hana isina chainacho uye asi ngadzivisi pfungwa dzakaipa anoguma ofunga kuti pfungwa idzi ndedzake. Haazvizivi kuti wakaipa akisa pfungwa idzi maari nokuti maive nenzvimbo yakashama.

Nzira imwe yekusapinza pfungwa dzakaipa muhana, ndiko kugara muzere pfungwa dzakanaka. Wakaipa anogona kudzingwa asi unondogara munzvimbo yakaoma kwechinguva. Paanodzoka kumba yake yekare owana yakashama, bhaibbheri rinotiudza muna Ruka 11:24-26 anodzoka nevamwe, munhu ova pachinzvimbo chakaoma kudarika zvaiva. Nokuda kwechikonzero ichi hatifaniri kudzinga wakaipa kubva mumunhu kusvika tamudzidzisa kugara hana yake yakazara.

Handisi kuti munhu wose ane pfungwa dzakaipa ane mweya wetsvina. Asi mweya wakaipa unowanzowanikwa uchikonzeresa pfungwa dzakaipa. Munhu angona kuwisira pasi mifungo kakawanda, asi inoramba ichidzoa kusvika ave kukwanisa kuzadza nzvimbo isina chinhu nemifungo yakanaka. Wakaipa paanodzoka anoshaiwa nzvimbo mumunhu uyu.

Pane zvivi zvine simba kana zvivi zvekuita, uye pane zvivi zvakadzikama zvinova zvivi zvekusaita. Nekumwe kutaura, pane zvakaipa zvatinoita nezvakanaka zvatsisingaiti. Somuenzaniso vanhu vanogona kurambana nekuti munhu ataura zvisina musoro, kana kuparadzwa nekusaura mashoko erumbidzo aifana kunge akataurwa asi akaregerwa kutaurwa.

Munhu asina chaari kuita anofunga kuti haana chakaipa chanoita nekuti haana chaaita. Aratidza chaakanganisa anoti, "handina chandaita!" Kuona kwake ichokwadi asi maitiro ake haasi. Dambudziko rauya nekuti haana chaaita.

KUNDA DAMBUDZIKO REKUSHAYA HANY'A

Dave, murume wangu akamboita dambudziko irori rekushaya hany'a. Hongu, pane zvime winge zvinhu zvaaiita. Aienda kubasa mazuva ose, kutamba mutambo wegorofu nemugovera pamwe nekuona nhabvu musi weSvondo. Kunze kweizvi hazvaive nyore kuita kuti aite chimwe chinhu. Kana ndaida kuti andiisire mufananidzo kumadziro, zvaigona kutora masvondo matatu kana mana kuti aite. Izvi zvakakonzenza kusanzwana pakati pedu. Zvairatidza kwandiri kuti anoita zvaanoda, pasinazvo hapana chimwe chaaiita.

Dave aida Mwari saka paakamutsvaga nedambudziko iri, akamuratidza pamusoro pekushaya hany'a nevavazvakaipira. Akawana kuti mweya yakaipa yairunzira zvaaiita. Pane dzimwe nzvimbo dzaainge asina dambudziko asi mune dzimwe nzvimbo, kuburikidza nekusava nehanya akanga azvipa kune wakaipa. Akange akadzvanyirwa umu zvekuti akange asvika pakuti handichade, kushaya kukurudzirika kuti akwanise kuita zvime zvinhu.

Dzimwe nzvimbo dzaakange asingaite, kuverenga shoko raMwari nekunamata. Sezvo ndaiziva kuti ainge asiri kutsvaga Mwari kuti vamutungamire, zvaindinetsa kuti ndimuteerere. Ndaive nedambudziko rekuoma musoro saka wakaipa ashandisa pataiperevera kutirwisanisa. Vazhinji vakarambana nokuda kwezvinhu zvakadai. Havanyatsonzwisisa kuti dambudziko chii.

Ndaiita zvinhu nechisimba, ndaimhanya pamberi paMwari, munyama 'ndichiita zvinhu zvangu,' ndichitarisira Mwari vanozviropafadza. Dave

hapana zvizhinji zvaaiita kunze kwekumirira pana Mwari, izvi zvaindisvota. Tinoseka nhasi kana tava kufunga zvataive, asi raisave dambe ipapo uye Mwari dai vasina kutiratidza izvi, tingadai tiri kuverengwa pane vakarambana kare.

Dave aigara achinditaurira kuti ndaive mberi mberi kwaMwari ini ndopindurawo ndichiti iye ave kumashuresa kwaMwari. Ndaiita zvinhu nechisimba, iye Dave asina hany'a.

Kana mutendi akarega kushada munzvimbo yaakapiwa chipo, nzvimbo iyoyo inoshaya simba. Kureba kwenguva asina chaari kuita anoshaya simba rokuta chimwe chinhu. Muenzaniso chaiwo uri pamutambo wekusimbisa muviri. Ndiri kusimbisa muviri wangu, pandinoramba ndichiita izvi, zvinorerukawo. Pandakatanga zvainge zvakaoma. Zvairwadza nekuti ndainge ndave nenguva ndisingasimbisi muviri.

Davei akatanga kuona dambudziko rake. Pane mweya yetsvina yaairwisana nayo nekuda kwekugara pfungwa dzisina chekuita kwenguva yakareba. Mweya Mutsvene pavakamuratidza izvi, Dave akazvipira kushanda zvinesimba kwete kuva simbe nekuverengera.

Kuita sarudzo zvaive nyore asi kuchiita zvainge zvakaoma. Zvainge zvakaoma nekuti nzvimbo dzese dzaainge asiri kuita chinhu madziri dzange dzaakuda kuchishandwa kusvika dzasimba zvekare.

Akachitanga kumuka mangwanani nenguva dzeshanu achiverenga shoko raMwari asati aenda kubasa. Hondo yainge yatanga. Wakaipa haadi kuregedza nzvimbo dzaange ambokunda uye haaregedzi asina kurwisa. Dhevhi aimuka owana nguva naMwari asi aibva arara pakare pachigaro. Kunyange pane nguva dzaairara idzi, pane zvaitoitika nekuti aitokwanisa kutombobuda mumagumbezi oedza kuvaka upenyu hwekunamata.

Pane nguva dzaairasa tariro. Aifunga mamwe mazuva kuti hapana zvaari kuita, ainge asinganzwisisi zvaaverenga kana kuti minamato yake yainge isiri kusvika. Zvakadaro akaramba akashinga nekuda kwezarukiro yaainge apiwa neMweya Mutsvene nenyaya "yokushaya hany'a."

Ndakatanga kuona kuta kana ndaida kuti aturike mufananidzo kumadziro aibva azviita ipapo. Ainge atanga kufunga pamwe nekuita sarudzo dzakanaka. Nguva zhiji ainzwa asingadi kuzviita. Asi akakwanisa kukunda zivi achiita zvaitarisirwa. Pese paaita chinhu maringe nezvaaziva kuti ndizvo, ipapo akatanga kuwana rusununguko.

Rega ndikuudze kuti zvaisava nyore kwaari. Ainge asina kusununguka mazuva kana masvondo ekutanga. Ichi chekugara usina zvaaurikuita chinhu chinonetsa kukunda chose, sezvandamboreva hapana chimwe chinokupa rubatsiro.

Dave akaramba achitsvaga Mwari kusvika iye zvino zvave kuendeka. Ndiye anoona nezvekufambisa kwebasa ku'Life in the Word', zvirongwa

zvedzinhepfenyuro zvinoenda pasi rose, pamwe nezvinechekuita nemari muhushumiri hwedu. Tinofamba tese kwandinoenda uye ndiye anogadzira dzese nzendo dzatinoenda. Ndibaba vemhuri vemandorokwati. Anonamata nekuwana nguva naMwari mushoko ravo. Muchidimbu murume anofanira kuremekedzwa nokurumbidzwa.

Achiri kutamba gorofu nekuona mitambo, asi anoitawao zvime anotarisirwa kuita. Kumuziva iyezvino nekuona zvose zvakakwanisa kuita, hapana angaziva kuti aimbove munhu ainge asina hanya nezvaaita.

Kuva munhu asina hanya uku kunokwanisa kukundwa. Nhanho yekutanga kukunda mupfungwa. Dave haana kukwanisa kuenderera mberi kusvika asandura mafungire ake.

KUITA KWAKANAKA KUNOTEVERA KUFUNGA KWAKANAKA

“Musaenzaniswa nenyika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kuti muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza, kwakakwana.” (VaRoma 12:2)

Pane chimwe chiga chinoratidzwa mushoko raMwari, uye hakuna munhu angafamba mukukunda kana asina kunzwisia izvi: *kuita kwakanaka kunotevera kufunga kwakanaka.*

Regai ndiise neamwe mazwi kuti hauzosanduri maitiro ako kusvika wasandura mafungiro ako.

Muhuronwa hwaMwari, kufunga kwakanka kunotanga, tevere kuita kwakanaka. Ndinotenda kuti kuita chakanaka kana kuita kwakanaka, chibereko chekufunga kwakanaka. Vatendi vazhinji vanonetsekana kuita zvakanaka, asi chibereko hachibvi kukunetsekana. Chibereko chinobva mukugara mumuzambiringa. (Johani 15:4 KJV.) Uye kugara mumuzambiringa zvinotora kuteerera. (Johani 15:10 KJV.)

Ndinogara ndichishandisa rugwaro rwuri pana Vaefeso 4:22 kana ndichidzisa pamusoro pechiga ichi. Vhesi 22 yoti, “*kuti pamufambire wenyu wokutanga mubvise munhu wekare, unovodzwa nokuchiva kwekunyengera.*”

Vhesi 24 yoenderera mberi ichiti, “*mufuke munhu mutsva, wakasikwa akafanana naMwari pakururama, noutsvene bwezvokwadi.*” Saka tinoona kuti vhesi ya22 inotiudza kuti tirege kuita zvakaipa, vhesi 24 yotiudza kuti titange kuita zvakanaka. Vhesi 23 ndiyo yandingati zambuko. Inotiudza kuti tingabve sei kuvhesi 22 (kuita zvakaipa) kuenda kuvhesi 24 (kuita zvakanaka): Muvandudzwe muweya wokurangarira kwenyu.

Hazvigoneki kuti ubve mukuita zvakaipa kuenda mukuita zvakanaka usina kusandura mafungiro ako. Munhu asina hanya angade kuita zvakanaka asi haakwanisi izvi kana asina kuvhura pfungwa dzake odziisa pasi peshoko nechido chaMwari.

Muenzaniso, murume akambouya pamutsetse wekunamatirwa apo ndaishumira. Aiva nedambudziko reruchiva. Aida mudzimai wake chose uye aisada kuti wanano yavo iparare asi dampudziko rake raida kugadziriswa nokuti pasina izvi wanano yake yaizoparara.

"Joyce, ndine dampudziko reruchiva," akadaro. "Ndiri kutadza kusaita zvemamwe madzimai. Ungandinamatirawo kuti ndidzikanurwe? Ndakambo namatirwa kakawanda asi hapana chiri kusanduka."

Izvi ndizvomweya mutsvene akati dimuudze, "Hongu dinokunamatira asi unofana kumirira zvose zvaunotendera kuti zvipinde mupfungwa dzako. Haungarambi uine mifananidzo yevanhu vakashama mupfungwa kana kuzvifunga uine vamwe vakadzi iwe uchida kuva nerusununguko."

Somurume uyu vamwe vakazoziva sei vasingakwanisi kuwana bvovorero chero vachida kusununguka: vanoda kusandura maitiro asi kwete mafungiro.

Mupfungwa ndiyo nzvimbo zhinji vakawanda 'mavanotamba nechivi.' Jesu akati muna Mateo 5:27-28,' Makanzwa kuti zvakanzi nevakare usaita vupombwe. Asi ini ndinoti kwamuri, mumwe neumwe unotarisa mukadzi achimuchiva, watoita upombwe naye mumwoyo wake.'

Kuita chivi kunotanga mukufunga chivi.

Mumwe mudzimai akambouya kuzvidzidzo zvangu zvekutanga zvebhaibheri zvandaitira kumba ainge agashira Jesu uye achida kuti mhuri newanano yake zvigadziriswe. Zvese muupenyu hwake zvaive madhisinyongoro, imba, vana, wanano, zvemari kana zvaive ari nezvimwe zvihinji. Akabuda pachena akati asada murume wake: aive akamuvenga chose. Achiziva kuti maitiro ake aisava nehumwari, aida kuda murume wake asi aisakwanisa kuva pedyo naye.

Takanamata, akanamata, munhu wese akanamta. Takagoverana naye magwaro tikamupa mashoko ekuzonoteerera. Takaita zvose zvataiziva asi kunyange aiita zvose zvataimuudza haana kukwanisa kukunda. Chii change chakakanganiska? Pane imwe nguva apo taibatsirana naye zvakabuda pachena kuti munhu airotomoka upenyu hwake hwose. Aigarozvifunga iye ari mwanasikana wamambo, uko kwaizouya mwana wamambo akabata maruva netunotapira achimupra rudo rwakadzama.

Aigara mazuva mazhinji achifunga seizvi saka paiuya murume wake obva kubasa akaneta, achinhuwha dikita akasviba aine mavende, aibva amuvenga.

Chimbofungisisa nenyaya iyi kwechinguva, mudzimai uyu aive akapona muna Mwari, asi upenyu hwake aive manyama amire nerongo. Aida kuteerera Mwari nokumuraramira, uye aidawo kuti ade murume wake nokuti aiziva kuti zvaive muhurongwa hwaMwari. Aida kwazvo kuti ave nekukunda muupenyu nemuwanano yake asi pfungwa dzake dzaimukunda. Hapana paazokwanisa

kubvisa kuvenga kwake murume wake kusvika atanga kushanda nepfungwa dzakanaka. Mupfungwa dzake airarama humwewo upenyu husingazoraramike. Saka ainge asina kugadzirira kutarisana nechokwadi cheupenyu hwake. Aive nemufungo usina chinhu saka sezvo aisagona kufunga maringe neshoko raMwari, mweya yakaipa yaiisa pfungwa dzakaipa maari.

Kana airamba achifunga kuti ipfungwa dzake uye zvichimunakidza, haaizombokwanisa kukunda. Akazosandura mafungiro ake upenyu hwake hukatanga kusanduka. Akasandura pfungwa dzake pamusoro pemurume wake, murume akatanga kusanduka mukuona uye nemumaitiro ake kwaari.

PFUNGWA DZAKO NGADZIVE PAZVINHU ZVEDENGA

"Naizvozvo kana makamułswa pamwechete naKristu, tsvakai zviri kumusoro uko kunaKristu ugere kurudyi rwaMwari. Fungai zviri kumusoro musafunga zviri pasi." (VaKorose 3:1-2)

Tinoona zvekare chiga chimwe chete: Kana uchida kurarama upenyu hwerumuko urwo Jesu Kristu akatipa, zvino, tsvaga hupenyu hutsva hune simba nokuisa pfungwa dzako dzorambo dziri pazvinhu zvekumusoro, kwete zvepasi rino.

Muapositora Pauro ari kuti iwe nenii kana tichida upenyu hwakanaka tinofanira kuramba pfungwa dzedu dziri pazvinhu zvakanaka.

Vatendi vazhinji vanoda upenyu hwakanaka asi vakagara pasina zvavari kuita vachishuvira kuti chimwe chinhu chakanaka chichaitika kwavari. Nguva zhinji vanoitira godo avo vari kufambirwa neupenyu vovavengera kuti hwavo upenyu hwakaoma.

Kana uchishuvira kukunda matambudziko ako, kana uchida kurarama zvirokwazvo upenyu hwerumuko, unofanira kuva wakasimba kwete kufunganya! Iva nezvaunoita nazvo kwete kungogara. Kuita zvakanaka kunotanga nekufunga zvakanaka. Usagara usina chauri kufunga. Tanga nhasi kusarudza pfungwa dzakanaka.

Chitsauko 15

Mundangariro MaKristu

"Nokuti ndianiko akaziva murangariro walshe, kuti mudzidzise? Asi isu tinomurangariro waKristu nemifungo yemwoyo wake." (1 VaKorinde 2:16)

Ndinoda kutenda kuti parizvino waita sarudzo yezvakakukoshera, zvino tinoda kuti tichitarisa mhando nemhando yemifungo inova inokodzera kuva yakanaka pamberi paMwari. Kune mifungo yakasiyana siyana yekuti yaigona kushamisa vazhinji, ingaita seisina kufanira, kungangwe kunajesu, pamazuva aainge achiri pano panyika. Kana tiri vanhu vane chishuvo chokuteera tsoka dzake, tinofanira kutanga nekuteedzera mafungiro aaiita. Tiri ipapa, zvichida uri kutokahadzika kuti, "Hazvigoneke izvozvo, Joyce, Jesu wakarurama, haana gwapa. Ndinogona kuzamawo kururamisa pfungwa dzangu nepandinogona napo, asi handingambokwanisi kusvika pakufunga saJesu." Zvirokwazvo, Bhaibheri rinotiudza kuti tine mifungo mimwechete naKristu uyewo nemoyo mutsva, pamwechete nemweya mutsva, muna Kristo.

MWOYO MUTSVA NEMWEYA MUTSVA

"Ndichakupaiwo moyo mutsva, nekuisa mukati menu mweya mutsva, ndichabvisa moyo webwe panyama yenu, ndikupei moyo wenyama. Uye ndichaiza Mweya wangu mukati menu, nokukufambisai nemitemo yangu, muchachengeta zvandakaraira nokuzviita."

(MuPorofita Ezekieri 36:26, 27)

SemaKristu, iwe neni tine chimiro chitsva, chinova chimiro chaMwari chakadururirwa matiri apo takazvarwa patsva.

Tinoona parugwaro ruri pamusoro kuti Mwari vakazviona nokuzviziva kuti kana aizoda kuti vanhu tive tinokwanisa kufamba munzira dzake nokuteerera mirairo yake yose, vaitofanira kutipa chimiro chitsva, ndangariro pamwechete nemifungo mitsva. VaRoma 8:6 inotaura nezvemifungo yenyama pamwecete nezvemifungo yomweya, ichitiudza kuti mifungo yenyama inounza rufu asi mifungo yomweya inounza hupenyu norugare.

Kana tikakwanisa kusiyanisa upenyu norufu, zvirokwazvo tinokura zvakanaka mukuziva ndangariro nemifungo yaKristu.

Kana ukaona paine chinhu chiru kupfumbira mundangariro dzko, chisenerera rufu muhupenyu hwako semuKristu, chirege chinhu ichocho nekukasika. Paya panouya mindangariro yendufu yozara mupfungwa dzako, ziva kuti iwovo hausi mundangariro weMweya waMwari.

Semuenzaniso, ngatitii ndiri kufunga nezvenjodzi yandakatambudzwa nayo nokuda kwemumwe munhu, uyo akaikonzeresa, ndobva ndatanga kutsamwa zvikuru; zvichida, nindobva ndatotanga kufunga kamuvengero

kandakamuita munhu iyeye. Ndikaona zvadaro, ndikakasira kupatsanura nekunzvera mwuya, ndinozviona kuti pfungwa dzangu dzazadzwa nemwuya wakaipa, werufu. Ndinoona ndava kutanga kushaya mufaro, kushushikana mupfungwa, pamwe pacho nekutoshaya zororo nekugadzikana panyama. Asi, nokune rumwe rutivi, ndikawanika ndichifunga nezvemaropafadzo angu andinopiwa naMwari uye nekunaka kwake muupenyu hwangu, ndinozvinzwa kuti mifungo yangu yazadzwa neupenyu.

Naizvozvo, zvakakosha kuti mutendi adzidze kuziya mwuya werufu nemwuya weupenyu muupenyu hwake. Jesu akaita hurongwa hwakanaka hwekuti tive takazadzwa nehupenyu kuburikidza nekudurura pfungwa nendangariro dzake matiri. Nokudaro, tinokwanisa kuita sarudzo yekuteera mifungo yaKristu bedzi.

Muzasi maakuteera umu mechitsauko chino mune zvihinji zvinotidzidzisa kufamba mumifungo yaKristu:

1. IVA NEMIFUNGO INOVAKA NEKUSIMUDZIRA.

**"Ko vaviri vangafamba pamwechete vasina kumbotenderana here?"
(MuPorofita Amosi 3:3)**

Kana munhu achinzi ane mifungo inodairirana neyaKristu anenge achimbove nemifungo yakaita sei chaizvo? Mifungo yake inenge ichisimudzira, ndicho chokwadi. Muzvitsauko zvapfuura ndakatsanangura pakawanda wanda zvakakoshera kuva nemifungo inosimudzira uye inovaka. Zvichida, ungade kudzokera kuChitsauko 5 kuti umbodzokorora zvekare zvakakanira kuva nemindangariro inovaka. Kunyangwe ini ndirini munyori, zvandibatsira chaizvo pandadzokera kuChitsauko 5 kunonzvera zvekare zvakakoshera kuva nemifungo inosimudzira. Tikada kutaura zvakakanira kuva nemifungo inosimudzira, hatimbofa takapedza. Mwari unovaka, unosimudzira uye kana iwe neni tikati timitevere, tinofana kutanga kuva vanhu vane mifungo ine donzvo rekuvaka pamwechete nekusimudzira. Zvakatikoshera kuti tive vanhu vanongofunga nenzira ine chirevo nguva dzose, inosimudzira pazvese uye nguva dzose, hunova ndihwo hupenyu.

Iva munhu anoratidzira upenyu, munhu anosimudzira, munhu anovaka. Nguva dzose, iva nemifungo netariro yezvakanaka, zvinosimudzira. Zvakakosha zvekare kuti uswedere pane avo vane hurukuro dzinovaka nekusimudzira muupenyu.

Jesu pachake akaratidzira simudziro nehupenyu kuburikidza nemaitiro ake pano panyika. Nokuda kwaizvozvo, akakwanisa kukunda miedzo yose nemarwadzo ose akamuvinka, kungave kunyeperwa, kurambwa nevadzidzi vake panguva yaainyanyisa kutovada, kutsvinyirwa, kusurukirwa, kusanzwisiswa nezvimbewo zvakawanda wanda zvinodzosa shure muhupenyu. Asi mumatambudziko ese iwaya akaramba achiratidzira

upenyu. Nguva dzose, aipupura chakanaka, chinovaka; Jesu aigaropa tariro kune avo vaiswedera pedyo naye.

Mufungo waKristu uri matiri une hupenyu, nokudaro, pese patinoita mindangariro ine rufu, sezvambotsanangurwa pamusoro, tinenge tisisiri kufunga zvinoenderana nemifungo yaKristu. Mamiriyoni evantu pasirino anosangana nedambudziko rekudzimbikana nokuda kwekuva nemindangariro isingavaki nekusimudzira. Semaonero angu, hazvigoni kuti munhu ave anodzimbikana nokuda kwechii zvacho, asi kutoti aine mundangariro usina upenyu. Zvichida, urwere ndihwo ungatonzi hungadzimbe munhu pasina chakaipa chaanga achifunga, nokuti hunongouyawo, asika, ukazowanikwa uchizvidya moyo muhurweremo unotozowedzera marwadzo nekudzimbikana kwepfungwa, urwere hwacho hwotowedzera.

Tikatarira pana Mapisarema 3:3, panonzi, "Asi imi Jehovha muri nhoo yangu kumativi ose; Kudzo yangu, nomusimudzi womusoro wangu. Mwari unovavarira kusimusimudzira zvinhu zvose matiri, ingava tariro, maitiro edu nehunhu, misoro yedu, maoko kunyangwe nemoyo yeu. Mwari ndiye baba vedu, musimudzi wedu, anoda kusimudzira nekuvaka hupenyu hwedu hwose.

Mwari vanoda kutisimudzira, asi wakaipa unoda kutiwisira pasi. Satani anotora mikana yezvakaipa zvinotiwira muupenyu kuti abve angotiwisira pasiwo kunyange nemifungo yedu. Vanyori vanoti kushushikana kunofananidzwa nekuderedzwa kwemweya wemunhu, zvichireva kuti munhu anenge achishushikana munhu anenge anyura mudambudziko riri kukonzerza kuti ange achishushikane, anenge akundwa naro, wakaipa anenge atora chikuriri omuwisira pasi pedambudziko iroro.

Kushushikana kungafananidzwavo nechinhu chatsimbirwa muvhу, chinenge chichishaya kuti chosimuka zvekare sei. Nguva zhinji tinowanikwa tichifunga zvinhu zvakaipa, asi zvose izvozvo zvinotowedzera kutiwisira pasi. Wongororo inoratiza kuti kushushikana nekuzvidya pfungwa hazvigadzirise matambudziko anotiwira, kunotowedzera kuipa kwedambudziko racho.

KUKUNDA DAMBUDZIKO REKUNGOSHUSHIKANA NEKUZVIDYA MWYO

Mapisarema 143:10 I nopa tsanangudzo yeshushikano uye kuti ungaikunde sei. Ngationganorei ndima iyi zvakadzama kuti tizive kuti tingakunde sei manomano emuvengi:

1.Ziva mamiriro nehonzeri yedambudziko

"Nokuti muvengi akatambudza mweya wangu, Akatsikirira hupenyu hwangu pasi, Akandigarisa panzvimbo dzine rima, sevanhu vakanguva vafa." (Mapisarema 143:3) Panonzi "Akandigarisa panzvimbo dzine rima, sevanhu vakanguva vafa" panondidzidzisa kuti pane kushushikana kukuru uye nekuzvidya moyo kwazvo. Zvakakosha zvekare kuti uhive kuti honzeri yematambudziko ose iwaya ndiSatani, sezvabudiswa mundima iyi.

2.Ziva kuti shushikano inoba upenyu nechiedza.

Saka mweya wangu wavhundutswa mukati mangu. Moyo wangu wavhundutswa mukati mangu. Mapisarema 143:4. Kuzvidya moyo kunokonzena kuti munhu ashaiwe simba nekusunnunguka mumweya wake. Mweya wedu (Wakasimbisa nekusimudzirwa neMweya waMwari) wakasimba uye wakasununguka kwazvo. Nokuarto, Satani une chishuvu chokuudzvanyirira nekudzikisira simba rawo pamwechete nekusununguka kwavo, kuburikidza nekuzadza mifungo yedu nerima. Zvakakosha, ndareva, zvakakosha kuti urambe nekutiza pfungwa dzokuzvidya moyo, kushushikana nekufunganya, apo unonzwa zvakuda kuuya nekuti wangozviregera zvichiti pitipiti mauri, zvakutonetsa kuti uzvikunde.

3.Rangarirawo mazuva akanaka.

"Ndinorangarira mazuva akare; Ndinofungisia zvose zvamakaita, Ndinofunga basa ramaoko enyu." (**Mapisarema 143:5**) Pandima iyi tinoona muimbi achiratidza kupindura dambudziko rake. Ibasa repfungwa kurangarira nekutondera. Muimbi arikutariza kuti ari kuziva kuti kana akaramba achingoshushikana nezvedambudziko rake anotozwedzera kutambudzika, naizvozvo akuratidza kuchinja ndangariro dzake achidzizadza nemifungo yakanaka, yemabasa akanaka akaitswa anMwari, inovaka pamwechete nekusimudzira, kuti akwanise kukunda dambudziko rake mupfungwa.

4.Rumbidza Mwari mukati medambudziko.

"Ndinotambanudzira maoko angu kwamuri, mweya wangu unokushuvai senyika yakaomerwa." (**Mapisarema 143:6**) Muimbi arikutaridza kukosha kwakaita rumbidzo; anotosimudza maoko otanga kurumbidza Mwari. Ipapo anobva anatsotaura chaanoda chaicho, chinova Mwari. Anoziva kuti Mwari oga ndiye anokwanisa kumuzadza nomufaro. Kashoma kuti vanhu vawanikwe vachipa rumbidzo kuna Mwari munguva dzekushushikana. Izvi zvinonyanyisa kukonzerwa nekuti munguva dzakadaro vanhu vanotsvaga rubatsiro kunzvimbo dzisiridzo uyewo kuti vanenge vachingoda chinhu chinobatika chinovabatsira kuti dambudziko ripere, zvinova zvinotowedzera uipi hwedambudziko racho. MUPOROFITA JEREMIYA 2:13 inoti, "Nokuti vanhu vangu vakaita zvinhu zviviri zvakaipa, vakandisiya, ini tsime remvura mhenyu, vakazvivezera zvirongo, zvirongo zvakaputsika, zvingagoni kuchengeta mvura" Mwari oga anokwanisa kudiridzira mweya une nyota. Usafer wakanyengedzwa kuti kune chimwe chinhu chinokwanisa kukubatsira zvakaringana kunze kwaMwari. Kutsavaka tsvaka zvinhu zvisirizvo, zvisina huMwari, kune magumo eshushikano nekuzvidya moyo, nekuti mukutsvaka tsvaka imomo mune kurasiswa kukuru.

5. Kumbira rubatsiro kuna Mwari.

"Kurumidzai kupindura, Jehovha, mweya wangu waziya, Regai kundivanzira chiso chenyu; Ndigosava sevanoburukira kugomba."

(**Mapisarema 143:7**) Muimbi anokumbira rubatsiro kuna Mwari. Chaari kunyanyisa kutaura ndechekeuti, "Kurumidzai, Mwari, nekuti handisi kuzokwanisa kuramba ndichizvisesekeda kwenguva yakareba kana imi musipo."

6. Teerera kuna Mwari

"Ndinzwisei unyoro hwenuy mangwanani, Nokuti ndinovimba nemi, ndizivisei nzira yandinofana kufamba nayo, nokuti ndinosimudzira mweya wangu kwamuri." (**Mapisarema 143:8**). Muimbi anoziva kuti anofanira kunzwa kutaura kwaMwari. Anoda kuti Mwari vamupe chivimbiso cherudo pamwechete nehunyoro hwavo. Muimbi anoda huvepo hwaMwari pamwechete nekutungamirirwa navo.

7. Namatira kusunungurwa.

"Ndirwirei, Jehovha, panavavengi vangu, Ndinovimba nemi." (**Mapisarema 143:9**) Zvekare, muimbi ari kutaura pachena kuti ndiMwari chete vanokwanisa kumupa rubetsero. Chimwe chinhu chakakosha chaunofana kubatisisa pandima dzose idzi ndechekeuti muimbi uyu ari kuisa pfungwa dzake dzose pana Mwari kwete padambudziko.

8. Tsvaga zivo yaMwari, pfungwa yake netungamiro yake.

"Ndidzidzisei kuita kuda kwenuy, nokuti ndimi Mwari wangu; Mweya wenuy wakanaka ngaundifambise munyika yakati chechetere." (**Mapisarema 143:10**). Zvichida muimbi uyu aona kuti dambudziko ramuwira iri rakonzerwa nekuti iye mbune anga abva muhuvepo nemunzira yaMwari, nokudaro ava kukumbira Mwari kuti vamudzose mugwara ravo nekuti asvika pakutondera kuti muna Mwari ndimo chete maanokwanisa kuwanikwa chengetedzo.

Zvadaro, anopfuurira mberi nekukumbira Mwari kuti vamubatsire kuti agadzikane. Ndinotenda kuti mashoko ake anoti, "Mweya wenuy wakanaka ngaundifambise munyika yakati chechetere", ari kupupurira kusagadzikana kwemweya nenyama yake, zvichida nemifungo yake. Arikushuvira kuva akagadzikana kwazvo.

SHANDISA ZVOMBO ZVAKO

"Nokuti nhumbi dzedu dzokurwa nadzo hadzisi dzenyama, asi dzine simba pamberi paMwari rokuputsa nhare; Isu tinoti tichiputsa njere, nezvakakwirira zvose zvinomutswa kuzorwa nokuziva Mwari, tinopa mifungo yose kuti iteerere Kristu." (2 VakKorinde 10:4,5)

Satani anoshandisa nguva dzekushushikana kuti awisire vanhu mudima guru nekuvashaisa zano. Kazhinji, vanhu vanozowanikwa vachizviuraya mushure mekunge vatendera shushikano nekuzvidya moyo kuti zvigare

mavari. Izvi zvinodaro nekuti munhu ukanyanya kutendera kupishana kwefungwa nekuvidya moyo unoguma washaiwa shumo yemamiriro eupenu, gumisiro wazvipfuudza.

Rangarira: kuzvidya mwoyo kunokonzerwa nemifungo yakaipa.

Ndangariro dzako ndiyo nzvimbo inorwisa, iwe nemuvengi wako muri muhondo pamusoro pendangariro. Imomo mupfungwa ndimo maunokunda kana kukundwa. Sarudza nhasi kuti uve unozi simudzira, unozi vivaka, kutema tema zvose zvinokuwisira mumashure, zvinokupa chiono chisina kunaka. Wadaro, wounza ndangariro dzako dzose muUshe hwaMambo Jesu, kumuteerera nekumuremekedza. (2 Vakorinde 10:5)

2. IVA UNOFUNGA ZVEUMWARI.

"Anomwoyo wakasimba muchamuchengeta murugare rukuru, nokuti anovimba nemi. "(Muporofita Isaya 26:3)

Nguva dzose, Jesu aifambidzana nnaMwari Baba vake vekudenga. Zvinonetza kuti uve unotevera nekufambabidzana neumwe munhu asi pfungwa dzako dzisiri paari. Ngatitii ini nemurume wangu tiri mumotokari, iye achitaura neni asi ini pfungwa dzangu dziri kune zvime we zvinhu kana kumwe kunhu, hatingati tiri kufambidzana nekuti mifungo yangu inenge isiri pane zvaari kutaura. Nokudaro, ndinotenda kuti mifungo yemunhu uyo anenge ava kufunga muna Kristu inenge yavandudzwa mukufungawo nezvemabasa makuru aMwari.

FUNGAWO NEZVAMWARI PAMWECHETE NEMABASA AKE.

"Mweya wangu uchaguta nezvinenge mwongo namafuta. Muromo wangu uchakurumbidzai nemiromo inofara kwazvo." (Mapisarema 63:5,6)

"Ndichafungisawo basa renyu rose, nokurangarira zvamakaita." (Mapisarema 77:12)

"Ndichafungisisa zvirevo zvenyu, Nokurangarira nzira dzenyu." (Mapisarema 119:15)

"Ndinorangarira mazuva ekare; ndinofungisisa zvose zvamakaita; Ndinfunga basa ramaoko enyu." (Mapisarema 143:5)

Dhavidhi muMaPisarema anotaura zvakawanda wanda pamusoro pekuisa mifungo yose munaMwari. Anoratidza kukoshesa kurangarira kunaka kwaMwari, mabasa ake aanoita nekuteedza nzira dzake. Zvinhu zvinosimudzira kwazvo kuti mifungo yedu yose tiiise mukufunga kunaka kwaMwari nemumabasa ake anoshamisa aanoitwa nemaoko ake.

Ndiri munhu anofarira kuona terevhizhoni, apo ndinoona zvrongwa zvemhuka dzesango nedzinopfuyiwa mudzimba, zvemakungwa, nzisi nemiti nezvimbewo zvakawanda wanda; nokuti zvinoratidza chadzera chehukuru hwaMwari, mufananidzo wake chaiwo uyewo zvinoratiza

hukuru hwake mukuzvichenetedza kwake musimba rake. (VAHEBHERU 1:3)

Kuti uve mukundi mukati mekurarama, zvakakosha kuti mifungo yako nendangariro dzako dzose dzive dzinofunga nekutondera zvehuMwari nguva zhinji.

MAPISAREMA 17:15 ndeimwe yendima dzandinofarira, inoti, "ini ndichaona chiso chenyu pakurarama; ndichaguta nemufananidzo wenyu pakumuka kwangu."

Ndakararama hupenyu huzere nekusuwa kwenguva yakareba nekuda kweuti mangwanani oga oga ndaimuka ndotanga kufunga nezvematabudziko angu ose. Asi kubvira Mwari paakandibatsira kutanga kufunga ndiine mundangariro waKristu ndakatanga kuva nekunyevenuka pamoyo nokuda kweMweya wake Mutsvene wainge worarama mandiri. Kuwadzana naMwari nekuwana nguva yekutaura naye mangwannai oga oga ndeimwe yenzira dzakatikoshera kuti tiwanike tiine upenyu hunofadza.

KUWADZANA NAMWARI

"Asi ini ndinokuudzai zvechokwadi, kana ndichiti, zviri nani kwamuri, kuti ndiende, nokuti kana ndisingaendi, Munyaradzi haangayi kwamuri, asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri." (Jonah16:7)

Manzwi aya akataurwa naMambo Jesu apo vaine voda kuenda kumusoro kudenga uko vanogara kurudyi rwaMwari Baba mukubwinya kwavo. Mundima iyi, zviri pachena kuti chinotoriwo chido chaMwari kuti tinge tinowadzana naye.

Hapana chinhu chiri pedyo nesu kupfuura mifungo yedu. Nokudaro, kana tikazadza mifungo yedu nehuMwari, zvinotibatsira kuti tive tinofunga nezvake nehukuru hwake, dzamara ava kugarawo matiri tichididzana naye nguva zose. Izvi zvinotibatsira kunyange muupenyu, tinozova nerugare, kupombonoka mundangariro uyewo kukunda matambudziko angade kuwira mifungo yedu. Mwari vakativimbisa kuti vachange vainesu nguva dzose, vakatendeka mushoko rake riri pana MATEU 28:20; VAHEBHURU 13:5. Naizvozvo, tinofana kuisa mifungo yedu yose paari kuti tigone kunzwa huvepo hwake, kuti tifambidzane naye. Izvi zvingaenzaniswa nemunhu ari mumba maakagara neumwe munhu, kana munhu uyu akaisa mindangariro yake yose kune zvimwe zvinhu pachinzvimbo chekuiisa pane munhu waainaye, anogona kutoKanganwa kuti ane umwe munhu waagere naye mumbamo. Izvi ndizvo zvimwechete nesuwo pakufambidzana kwedu naMwari, iye anesu nguva dzose, ari pedyo nesu pese pese, asi zvinoda kuti isu mbune tifunge nezvake nekuisa ndangariro dzedu muhuvepo hwake kuti tiwadzane naye.

3.UDZA MIFUNGO YAKO KUTI MWARI VANOKUDA.

"Nesu takaziva, tikatenda rudo urwu rwaMwari rwaanarwo kwatiri. Mwari rudo, anogara murudo anogara muna Mwari, naMwari maari."
(1Johani 4:16)

Mukuongorora, ndakaona kuti rudo rwaMwari nehuvepo hwake zvinofambidzana nguva imwechete. Kana tikakundikana kuwa mifungo yedu pane zverudo rwaMwari, nguva dzose, hatingazokwanise kuti tizive kuti unotida. Kutu ukwanise kuona kuti Mwari anokuda, isa mifungo yako paari, uchaona kuti Mwari rudo, ipapo uchatanga kuona rudo rwake mauri.

Pauro unoita munamato pana VAEFESO 3 kuti vanhu vakwanise kufambidzana nerudo rwaMwari pamwechete nokusangana narwo pose pose mukururarama. Bhaibheri rinoburitsa pachena kuti Mwari unotidza, asi vangani vana vaMwari vasati vave nechiono cherudo rwaMwari wavo muupenyu hwavo?

Ndichiri kurangarira mazuva andakatanga kupupurira Mwari mukereke yeThe Word Ministries, svondo yandaifanira kuperidza kekutanga, ndakabvunza Mwari kuti ndoudza vana venyu kutii? Iye akapindura kwandiri akati, "udza vana vangu kuti ndinovada."

"Vanozviviza", ndakapindura. "Ndinoda kuvadzidzisa imwe dzidziso ine mutsindo, kwete zvepana JOHANI 3:16 zvinodzidziswa kusvondo yevana vaduku"

Mwari vakapindura vakati, "Vashomanana pavanhu vangu vanoziva rudo rwangu kwavari, nokuti dai vse vaiziva, vairarama kamuraramiro kakasiyana nekavanoita."

Apo ndakazotanga kudzidza nekuongorora nezverudo rwaMwari, ndakabva ndatodzidzawo nenivo kuti ndainge nditoru umwe weavo vanorwuda rudo urwu. Mwari vakandiratidza ndima iripana 1 JOHANI 4:16 inoburitsa pfungwa yekuti tinofana kuva tinotenda nekuziva rudo rwaMwari. Naizvozvo, tinofana kuva tinoziva nezverudo urwu nguva dzose.

Muupenyu hwangu hoswe, ndainge ndisina kuanatsotsanangurirwa nezverudo rwaMwari zvizere, ndaingozvitendawo asi ndainge ndisina chiono chakajeka nezvarwo. Asi ndakazoita nguva yandakadzidza ndokutanga kuona kuti rudo rwaMwari inhoo chaiyo muupenyu hwedu, rwuripo kuti rwutikundise mumiedzo yose ingatiwira muupenyu hwedu.

Pana VAROMA 8:35 Pauro anotisimudzira, 'ndianiko ungakwanisa kutiparadzanisa nerudo rwaKristu? Kungava kutambudzika here kana nhamo? Kana kuvengwa, kana nzara, kana kushaiwa zvokufuka, kana njodzi, kana munondo here?' Anopfuirira mberi pandima yemukati 37 achiti, "Kwete, pazvinhu zvose izvi tiri vakundi nekupfuirisa naiye wakatida."

Ndakanzvera rudo rwaMwri urwu kwenguva yakareba. Ipapo ndakatanga kuisa ndangariro dzangu nemifungo yangu yose paari pamwechetewo nekupupura nezvarwo mukutura nemumufambiro wangu. Ndakatanga kudzidza magwaro mazhinji emuBhaibheri anotaura nezverudo rwaMwari, ndikatanga kupupura rudo urwu nemuromo wangu. Kwemwedzi yakawanda ndakaramba ndichiita izvi, chiono changu nezverudo rwaMwari chikatangawo kuvandudzwa nekujekeswa kwandiri.

Nazvino, rudo rwaMwari kwandiri rwakajeka zvekuti kunyangwe munguva dzekuoma kweupenyu handidzoswe muuranda hwekutya, nekuti zvatova muropa rangu kuti Mwari unondida munguva dzose.

USATYA

"Hakuna kuyla murudo, asi rudo, rwakakwana, runodzinga kuya..."
(1Johani 4:18)

Mwari vanotida zvisina mugumo, sezvatiri. VAROMA 5:8 inotiudza kuti, "Asi Mwari unoratidza rudo rwke kwatiri nokuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi."

Vatendi vose vanofunga semundangaruero waKristu havawanikwe vachizvidzikisira kana kuzvipa mhaka mumifungo yavo, asi kuti vachava nemindangariro yakururama, yokururamiswa, mindangariro inotondera nekuziva zvavari muna Kristu.

IVA NEMIFUNGO YOKURURAMA, KWETE YEZVIVI.

***"Uyo akanga asingazivi zvivi, akamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu, kuti isu tive kururama kwaMwari maari."* (2 VaKorinde 5:21)**

Vatendi yakawanda vanowa pasi nekuti vanozadza ndangariro dzavo nemifungo yekuzvidzikisira pasi nekuzvitsoropodza pachavo. Mifungo iyi inosannganisirwo iya yekuti vanoona sekuti Mwari haachazovadizve nokuti vakamutadzira pakawanda uyewo vakakundikanawo kukunda miedzo yakawanda, vodzoka vofunga kuti kuna Mwari havasisina kukosha.

Imbonzvera kuti inguva yakawanda sei yaunotambisa uchagara pasi pekuzvitonga nekuzvipa mhosva? Ongorora kuti ndashandisa muromo wokuti "inguva yakawanda sei yaunotambisa" nokuti mifungo yakadaro ndozvairi, inokupedzera nguva.

Usafunge nezveuipi hwawaive nahwo apo wainge usati wagamuchira Kristu. Pachinzvimbo chekufunga izvozvo, funga nezvekusunungurwa nekururamiswa kwawakaitwa kuti unzi wakarurama waMwari nokuda kwake. Rangarira: *Mifungo inozova zviito.* Kana uine chishuvo chekushandura hunhu hwako, tanga nekushandura mifungo nendangariro dzako. Ukapedza nguva uchifunga nezveuipi hwako, unotowedzera rufu mauri. Pese paunenge wonzwa pfungwa yakaipa ichiuya mupfungwa dzako, tanga kufunga nezvekudiwa kwaunoitwa naMwari, kuti wakaruramiswa sei maari kuburikidza neMwanakomana wake Jesu Kristu.

Funga nezvezvinhu zvakaita sezvizvi; Mwari vane kubwinya kwakafanira kwavakandirongera muupenyu hwangu, Mwari vari kundisimudzira neMweya wangu zuva roga roga uyewo funga nezvekukura kwauri kuitawo semunhu akuziva Mwari kuburikidza nemararamiro ako nevamwe vanhu.

Zvakadai izvi ndizvo zvaunofana kuva nazvo mundangariro dzako nguva dzose.

Torawo nguva yakawanda uchifunga nezveshoko raMwari. Usatendera kufunga nezvechipi nechipi changowira mumusoro mako, kugamuchira kuri mumifungo yako.

Ramba wakaipa kuti uve unopfuirira mberi nekufunga mifungo yakarurama.

4.IVA NEMIFUNGO INOSIMUDZIRA.

"Kana kuri kurayira, pakurayira kwedu; anopa, ngaape nomoyo wose, ari mukuru, ngaabate nokushingaira, anoitira ngoni, ngaite nomufaro."
(VaRoma 12:8)

Munhu ane mifungo yaKristu ane mindangariro inovaka, inosimudzira, inosimudzira nekubatsirawo vamwe vanhu pamwechetewo naiyewiwo mukurrama kwake.

Rushando rwekusimudzirana rwakakosha chaizvo mukurrama kwevatendi mumazuva atiri aya. Asi zvakatikoshera kuti titange taziva kuti hazvigoneki kuti uve unotaura mazwi anokwanisa kusimudzira munwe munhu kana iwe usati washandura mishungo yako kuti ive inogamuchirawo munhu iyeye zvakarurama. Rangarira kuti chose chiri mumoyo momunhu chichabuda muamashoko emumuromo wake. Zvakakosha kuti uve nemifungo yerudo nevamwe vanhu, pachako pasina akumanikidza.

Taurawo mazwi akanaka kuna vamwe vanhu, mazwi anosimudzira uyewo ane rudo.

Wongororo yakaitwa nana muzvinafundo mubhuku rintonzi 'Vine's An Expository Dictionary of New Testament Words' pamusoro pevara yechiHebheru rintonzi 'paakaleo', rimoreva iro kuti 'kusimudzirwa' muChiShona, inoratidza kuti izwi iri raishandiswa kubuditса pfungwa yekuti munhu ane mufungo waKristu anofanirawo kuva anopfuidza vamwe mberi, munhu unotaura mazwi anopawo vamwe simba rekuti vasaremerwe nemitoro yavo. Ini ndinotora tsanangudzo iyi ndichitsigira pfungwa yekuti munhu ivavo unopawo vamwe simba rekuti vatsungirire kuenda mberi nezvavanoita muhuMwari, kuburikidza nekuwandudza ndangariro dzavo, nehupenyu mumazwi ako, munaKristu. VAROMA 12:8 inonzisiswa nevo vagara vane mifungo yake. Vanhu vanogara vachitaura zvinhu zvinounza shanduko yakanaka muupenyu hwevamwe vanhu, zvinhu zvinoita kuti imwe hama inzwewo kuda kupfuirira mberi, zvinhu zvinosimudzira vamwe kuti varambe vachitsungirira.

Tinogona hedu kusava nechipo chekusimudzira vamwe vanhu, asi munhu wese anokwanisa kudzidza kusimudzirawo vamwe. Donzvo guru raunofana kubatisisa nderekuti: Kana wawirwa nemufungo wakaipa, usaufunge uye usautaure.

Munhu wese ane matambudziko ake anotombomushusha dzimwe nguva, ukaziva izvozvo hauzokwanise kuwedzera matambudziko iwano nemashoko aka azere rufu nekudzikisira. Tinofanira kusimudzirana murudo (VAEFESO 4:29). Uyeukewo kuti rudo runofukidza zvose, runotenda zvose, rune tariro pazvose, runotsungirira pazvose. 1 VAKORINDE 13:7

Paya paunotanga kuva nemifungo izere nerudo kune vamwe vanhu, uchaona kuti vanotanga kuwavo nemaitiro anoyemurika. Simba rokuparadza nekuvaka riri mumashoko nemundangariro. Zvombo zviviri izvozvo vzinokwanisa kushandiswa kuparadza Satani nezvakaipa zvake uye zvinotokwanisawo kumuvala kuti zvakaipa zvose zvaanoda zviitike. Ngatitii une mwana ane misikanza nehumwewo hunhu husina kufanira, uchishuvira kuti maitiro ake achinje, wonamata kuna Mwari kuti vapindire muhupenyu hwake kuti muitiro wake ushandurwe, chii chaunoita nechaunotaura kumwana uyu apo paunenge wakamirira kuona shanduko yawanamatira? Vanhu vazhinji havaone kupindurwa kweminamato yavo kuna Mwari nekuti zvavanotaura nekukumbira munguva yekunamata nezvavanozoita nekufunga apo vakamirira kupindurwa kweminamato yavo zvinopesana.

Ungati here wanamatira kuti mwana wako ashandurwe hunhu hwake iwe woramba uchingofunga zvakaipa pamusoro pake nekuregera wakaipa achizadza mifungo yako neupi hwose pamusoro pemwana iyeye? Ungati here wanamatira shanduko pamwana wako asi wofamba uchiudza vanhu kuti, "Mwana uyu haambochinje uyu" Kuti uwane kundiso yako, unofanira kuti zvaunonamata nezvaunoita zvinofambidzana, minamato yako nemifungo yacho zvinofana kudyidzana, ndiko kunonzi kukunda ikoko.

Kana zvatinotaura zvichipesana nezvatinonamatira, zvirokwazvo hatisi kurarama muShoko raMwari. Kana tisingafungewo nezveShoko raShe, zvinongorevawo kuti hatisi kufamba muShoko rake. Kana uchinge wanamatira umwe munhu, zvaunofunga nekutaura pamusoro pake apo wapedza kunamata zvinofana kufambiran, ipapo uchatanga kuona shanduko.

Zvakakosha kuti utaure mashoko ane pundutso, handisi kuti nyepa nyepa kana kuvanza vanza mamiriro eziyinhu kuvanhu vaunowirirana navo, asi ndiri kuti chokwadi chacho ngachive chinovaka. Ngatitii wasangana neshamwari yako, okubvunza kana paine shanduko auri kuon apahunhu nemuitiro wemwana wako, ndeapi mashoko akanaka ane hupenyu aungataure kwaari? Zvingaite here kuti uti, "Hapana kana shanduko yatati taona?" Mashoko anovaka aungataure ndeaya, "Parizvino hatisati taona kundiso neshanduko izere mumatiro ake, asi zvishoma nezvishona,

padiki padiki, Mwari vachamubvisa kubva mune kumwe kubwinya vachimuisa mune kumwe kubwinya."

5.DZIDZISA PFUNGWA DZAKO KUVONGA ZVAKANAKA ZVOSE.

"Pindai pamusuo wake muchivonga, Napavazhe pake muchirumbidza; Chimuvongai, murumbidze zita rake." (Mapisarema 100:4)

Munhu anogara mumifungo yaKristu anowanikwa achivonga nekurumbidza nguva dzose.

Munhu akagara achingoochema chema anozarurira muvengi mukana. Vanhu vakawanda kwazvo vanorarama muuranda nokuda kwekungochema chema nguva dzose, zvichida kutozosvika pakutoshaiwa simba rekuita zvakanaka chaizvo kana kutorwara, nokuda kwekamweya kekungochema chema, mungava mumatauriro avo nemunhaurirano dzavo nevamwe.

Hupenyu hunofadza hunongoraramika chete kana uri munhu anogona kuvonga. Bhaibheri rinotiraiva pakawanda kwazvo kuti tive vanhu vanogona kuvonga. Kungogara munhu uchingochema chema, mungava mukufunga kana mukutura, kunounza rufu chairwo, asi kuvonga nguva dzose kunounza hupenyu.

Kana munhu asina mwoyo unovonga, kuvonga hakufe kwakabuda kubva mumashoko ake. Asi kana tiri yokuvonga mumwoyo, tinowanikwa tichitaurawo kuvonga.

VONGA NGUVA DZOSE

"Naizvozvo ngatirambe tichibaira Mwari naye chibairo chekumurumbidza, ndicho chibereko chemiromo inopupura zita rake." (VaHebheru 13:15)

Ndepapi patinofana kuvonga? Nguva dzose, pose pose, muzvinhu zvose uye mukuita izvozvo tinorarama hupenyu hwekukunda zvekuti chero wakaipa haagoni kutikurira.

Zvirikwazvo, angatikunda sei kana tiri vanhu vanogara vachitenda nekuvonga Mwari zvisinei nemamiriro ezzvinhu patiri? Kunyangwe hupenyu hwemhando iyi huchinyanyofadza kana munhu achipota achipawo zvibairo zvekuvonga nekurumbidza, asi ini ndingasva ndabaira rumbidzo dzangu, nekutenda kwangu kuna Mwari pane kuipedzera kune zvisina maturo zvowakaipa, anova Satani. Ndakazodzidza chidzidzo chokuti kana ndikasava munhu anovonga, ndinoguma ndakushaiwa kunyangwe mufaro chaiwo. Pachinzimbo chokurarama murumbidzo nemukuvonga, unoguma wava kurarama munyunya nemukuchema chema.

Pana Mapisarema 34:1, muimbi anoti, "**Ndicharumbidza Jehovha nguva dzose, rumbidzo yake ichagara mumuromo wangu**". Tingaite sei kuti tive maropafadzo kuna Mwari? Zvinogoneka chete kana rumbidzo yake ikagara iri pamuromo pedu nekumuvonga mundngariro dzedu.

Iva munhu akazra nekuvonga, munhu anovonga kwete Mwari bedzi asi anovongawo zvakanaka zvinoitwa nevamwe vanhu. Kana umwe munhu akuitirawo chinhu chakanaka, ita kuti munhu iyeye azive kuti wachigamuchira mumufaro kwazvo.

Mungave mumhuri menu, ratidzawo kuti unovonga maropafadzo aMwari aunoona pakati penyu. Kazhinji tinotora mamwe maropafadzo atinoitirwa naMwari sezvinhu zvinongofana kutowapo, sezvinhu zvezkuita kwedu, asi kuri kuita kwaMwari. Kana ukasava munhu anovonga chauinacho, wakangofanana nemunhu anorasha chaange ainacho. Angava ini chaiye, ninovonga murume wangu. Tava nemakore akawanda tiri muwanano, asi kunyangwe pari nhasi ndinomutaurira mashoko ekuvonga zvakanaka zvose zviri paari. Murume ane kuzvidzora kwakanyanya, akagadzikana, nezvimwewo zvakanaka naka zwakawanda zviri paari. Ndakanzwisa kuti zvakakosha kuti tigone kuvonga zvakanaka zviri pavanhu nekuti zvinotibatsira kuti tive nehukama hwakanaka navo. Kana zvichibvira, kutotaura chaiko zvime zvezvinhu zvakanaka zvavanoita zvaunoziva uchivaudza, zvinobatsira kuti pave nehukana kwakanaka pakati venyu.

Mukushanda nevanhu vakawandawanda, ndakaona kuti kune vamwe vanhu vane mwuya wekuvonga chipi nechipi chaunovaitira, chingava chidiki sei; asi kune vamwewo vekuti chero ukazama kuwaitirawo zvakanaka sei, havana mwuya wekuvonga kana kuratidza mufaro pane zvime zvinhu zvakanaka zvavanoitira nevamwewo vanhu. Ndakasvika pakutanga kufunga kuti vanhu vasina mwuya wekuvonga mukati mavo vane kamwe kakuzvikudza kavainako. Kune vanhu vasingagutsikane, chero umwe munhu akazama kuvalafadza sei, ivo vazere nekuganza kuti vanokodzera kuwana zvinopfuura zvipi nezvipi zvavangaitirwa. Kuratidzira kuvonga nekutenda zvakanaka zvinoitwa nevamwe hazvina kungonakira ivo chete kuti vanzwewo kugamuchirwa, asi zvakanakirawo nesuwo, nekuti mukudaro tinoburitsawo mufaro uri matiri. Zvakakosha kuti mazuva ose uwane nguva yekutenda nekurangularira zvinhu zvose zvinokuitirawo zvakanaka, zvichibvira, zvidurure kuna Mwari muminamato yako, uchaona kuti zvinoita kuti moyo wako uzadzwe nemufaro pamwechete nechiedza.

RATIDZA KUVONGA NGUVA DZOSE

"Regai kudhakwa newaini, nokuti ndipo pasinokudzidzora, asi muzadzwe noMweya; mutaurirane pakati penyu nemapisarema, nenziyo, nezviimbo zvoMweya, muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenu, muchivonga Mwari Baba, nguva dzose pamusoro pezvinhu zvose, muzita ralshe wedu, Jesu Kristu; muchizviisa pasi pomumwe, muchitya Kristu." (VaEfeso 5:18-20)

Ndima idzi dzinokomborera! Ini newe tingakwanisa sei kugara takazadzwa naMweya Mutsvene? Zvanzi neBhaibheri zvinogoneka kuburikidza nekuimba nziyo dzemweya, kutaura nepfungwa dzedu uyewo nemashoko atinotaura nevamwe vanhu. Pfungwa huru ndeyekuti kana tikagona kunzvera mifungo yedu, tichitaurawo nevamwe nguva dzose,

mashoko nemindangariro yakazara neshoko raMwari nekuvonga, nekutenda vamwe vanhu zvakanaka zvavanotiiitira, tichava tinogara muhuvepo hwaMweya Mutsvene.

6.MIFUNGO YAKO NGAIZADZWE NESHOKO RAMWARI

**"Shoko ravo harigari mukati menu, nokuti hamutendi avakatuma".
(Johani 5:38)**

Shoko raMwari ndidzo pfungwa dzake dzakanyorwa mumagwaro kuti tikwanise kuverenga nekumanzvera. Shoko rake ndiyo mifungo yake pamusoro pezvinhu zvose. Pana JOHANI 5:38 Jesu aitaridza kudzidzisa nekuonesa vanhu vaisatenda mukuzadzikisa kwake saMwanakomana waMwari. Ndima iyi inotaridza pachena kuti vara vanoshuvira kugara muhuvepo hwaMwari nekusesekedzwa nezvakanaka zvake zvose vanofana kutanga vatendera shoko rake kuti rive pakadzikadzika pemoyo yavo, nokuti shoko rake ndiro pfungwa dzake. Izvi zvinogoneka kuburikidza nekutora nguva yakawanda tichirangarira nokudnzvera shoko raMwari. Kana tikagona kudaro mifungo yake inovawo mifungo yedu; inova ndiyo chete nzira yekuti mufungo waKristu ukure matiti.

Pana JOHANI 1:14 Bhaibheri rinoburitsa kuti Jesu raiva shoko rakazova nyama. Izvi hazvaimbogoneka kana dai asina kutendera kuti shoko raMwari rive mumindangariro yake nguva dzose. Kudzidza nekunzvera shoko raMwari ndechimwe chezvinhu zvakatikaoshera muupenyu hwedu sevatendi. Kana tikagona kudzidza kuita izvozvo tinova takazara nehupenyu. Vaongorori ve Vine's An Expository Dictionary of new Testament Words vanotsanangura kuti kunzvera nekufunga shoko raMwari kwakafanana nekuchengetedza chimwe chinhu, kuratidzira chimwe chinhu kana kuti kukoshesa chimwe chinhu. Vanopfuirira mberi vachiti izvi zvinofananidzwa kunyangwe nekutedzera chimwe chinhu, kuchiisa mumoyo.

Ndinonatsoshaya nzira yakafanira yekunatsotsanangura kukosha kwakaita kunzvera nekufunga pamusoro peShoko raMwari, asi zvakatikoshera chose kuti tive tinozviita mukati mekurarama kwedu nekuti zvinoshumira hupenyu mukati mekurarama kwedu, uyewo muhupenyu hweavo vakatikomberedza.

MaKristu akawanda pasi rino haadi kuwana nguva yekufunga nekurangarira shoko raMwari nokuti vanofunga kuti izvozvo zvinoitwa nevaya vanonamata zvifananidzo zvakasiyanasiyana, asi rega ndikurangaridze; Satani haana pfungwa yaanofunga inobva mumusoro make, anongotoru zvinoitwa muhumambo hwMwari ozvironga muhumumbo hwake hwerima. Nokudaro, kana pfungwa iyoyi yekufunga nekurangarira shoko ichishanda muumambo hwowakaipa, hungazotadze sei kushanda muhumambo hwehutsvene hwaMwari, pamusoro peshoko rake? Pamusoro pezvo, Bhaibheri shoko raMwari rinokurudzirawo vanhu kuti vawane nguva dzekufunga nekurangarira shoko rake muchinyararire.

RANGARIRA NEKUFUNGA SHOKO RASHE UGOBUDIRIRA

"Bhuku iyi yomurairo haifane kubva pamuromo pako, asi unofana kuirangarira masikati nousiku, kuti uchenjere kuita zvose zvakanyorwamo nokuti nokudaro uchazviwanira mufaro panzira yako nokubata nokuchenjera." (Joshua 1:8)

Mundima iyi, Mwari vari kuburitsa pachena kuti hatingazogoni kurarama mushoko rake panyama kana tisati tarirarama nekuritendera kuti rirarame mundangariro dzedu. MAPISAREMA 1:2;3 inotaura nezvehuMwari hwemunhu ichiti, **"Asi anofarira murayiro waJehovah; anofungisisa mirairo yake siku nesikati, Achafanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura, Mashizha awo haasvavi, chinhu chipi nechipi chaanoita chichaendeka.**

RANGARIRA NEKUFUNGA SHOKO RASHE UGOPORESWA

"Mwanakomana wangu, teerera mashoko angu; rerekera nzeve yako kune zvandinoreva. Urambe uchitarira, Uchengetedze mukati momoyo wako, nokuti ndihwo hupenyu kuna vanoawana, Noukukutu hwemuviri wavo vose." (Zvirevo 4 :20-22)

Ndima iyi inobuditsa zvambotsanangurwa nechepamusoro kuti kufunga nekurangarira shoko raMwari kungafananidzwe nekupa chinhu nguva, nekuchinzvera, zvoreva kuti anonzvera shoko raMwari anenge achizvitsvagira ungava mushonga chaiwo unorapa nyama yake. Kufunga pamusoro peshoko raMwari kune zvakunoita panyama yedu chaiyo. Kana ari seni, chimiro changu chachinja kwazvo kubva makore gumi nemasere apfuura, vanhu vanotonditi nditotoridzika sendiri mudoko nemakore kana gumi nemashanu pane zvandainge ndiri ndisati ndave kufunga nekunzvera shoko raMwari, kuti rive madirirano ehupenhyu hwangu.

TEERERA UGOKOHWA

"Zvino akati kwavari, "Chenjerai zvamunonzwa. Chiero chamunoera nacho, nemi muchaerwa nacho, mukawedzerwa. Nokuti uya ane chaanacho uchapiwa, asi usina, uchatorerwa kunyangwe nechaanacho." (Mako 4:24)

Izvi zvakafanana nedzidziso rekusora nekukohwa. Kana tikadyarawo zvakawanda, tinokohwawo zvakawanda munguva yekukohwa. Pana Mako 4:24 Jesu vari kudzidzisa kuti kana tikaisa nguva yakawanda mushoko raMwari nekufunga pamusoro paro nguva zhinji, tinowanikwawo tichiponeswa naro nekuonawo shanduko muupenyu hwadu kuburikidza naro.

VERENGA UGOKOHWA

"Nokuti hapana chinhu chakavanzika chisingazooneswi, hapana chavigwa chisingazobude pachena. "(Mako 4:22)

Ndima iyi iri kuburitsa pachena kuti mushoko raMwari mune zvinhu zvizhinji zvakavanzika zviri mariri, zvakatikoshera, uye zvose zvinozarurirwa kwatiri,

kuburikidza nekufunga pamusoro peshoko racho. Zvese zvakavanzika izvi zvinorarurirwa kune avo vanofunga nezvaro Shoko raMwari, vanorinzvera nguva dzose.

Sedungamunhu, uyewo, semudzidzisi weShoko raMwari, ndinoita sendinopenga kana ndoverenga shoko raMwari, nekuti ndinoridzokorora ndaridzokorora zvekare, pose ipapo ndichingozarurira chinhu chitsva pamusoro pechimwe. Mwari anoramba achirazarura zvakavanzika zveshoko rake kune avo vanonzvera shoko rake zvine mutsindo. Usava munhu wekuti unongoda kurarama pamusoro peizvo zvinozarurirwa umwe munhu, verenga shoko raMwari sedungamunhu wotendera Mweya Mutsvene kuti akuropafadze nehupenyu pamwechete nechokwadi cheshoko rake.

Nyaya yekufunga pamusoro pezveshoko raMwari yakandikoshera, handingambopedzi kuidzidzisa, asi zvakatikoshera kuti iwe neni tirambe takatsungiririra pairi. Paya paunobata mabasa ako misi yose, kumbira kuti Mweya Mutsvene akurangaridze dzimwe ndima dzeShoko raMwari dzekuti uite mabasa ako uchifunga nezvadzo. Ipapo uchashamisika wakuona simba richidururwa mukati mehupenyu hwako nokuda kwekuita izvozvi. Kana ukava munhu anonzvera nekufunga shoko raMwari, uchaona kuti mumagumo unova netsime resimba apo unonzwa kushaiwa simba.

GAMUCHIRA NEKUCHINGURA SHOKO.

“Saka bvisai tsvina yose nokuipa kwakawanda, mugamuchire nomoyo munyoro shoko rakasimwa mukati menyu, rinogona kuponesa mweya yenu.” (Jakobho 1:21)

Tinozviona mundima iri pamusoro iyi kuti Shoko rine simba rekutidzinkura kubva muzvivi. Asi rinoita izvozvo kana tichinge tarichingura nekurigamuchira nemoyo wose, toriisa mumoyo medu kuti ribate Ushe kunyangwe mundangariro nemumifungo yedu.

Shoko rinogadzikana chete mundangariro dzemunhu kuburikidza nekuripa nguva yakakwana yekiverenga nekurinzvera, dzamara ramwirira rose pakadzika dzika pemifungo nendagariro dzedu. Iwe neni tikatora nguva yakareba tichifunga nezvematambudziko edu, tinowanikwa tichigara maari nguva dzose. Kanawo tikatora nguva yakareba tichitsvaga zvakaipa zviri matiri nevamwe vanhu, tinowanika tichitowedzera kushungurudzika dzamara tisiaone kundiso kana pundutso. Asika, kune gungwa rekundiso rinowanikwa pachena chena, ranova iro ranova tsime reupenyu, rinoponesa avo vose vanowanikwa vachinzvera nekufunga shoko raMwari nguva dzose.

Zita reushumiri hwedu rionzi *Life in The Word*, mandinotenda kuti chokwadiwo mune simba muShoko raMwari, ndinopupura nezvandakaona mukushumira makore ose aya.

SARUDZA UPENYU.

"Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu, asi kufunga kwomweya ndiho hupenyu nerugare." (VaRoma 8:6)

Regai ndikudzosei kuna VAFIRIPI 4:8 zvishoma, ndava ndima iyoyo yakanikoshera apo tinopendera chitsauko chino chebhuku; **Pakupedzesera, hama dzangu, zvose zvechokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose zvakachena, zvose zvinodikanwa, zvose zvinorumbidzwa, kana kunaka kupi nokupi, kana chingarumbidzwe chipi nechipi, fungisisai izvozvo.**

Mamiriro emifungo yako anofanira kutsanangurika mundima iyi. Une mufungo waKristu, tanga kutoushandisa izvozvi. Pandima iri pana2 VAKORINDE 10:5 panoti, "**isu tinoti tichiputsa njere, nezvakakwirira zvose zvinomutswa kuzorwa nokuziva Mwari, tinopa mifungo yose kuti iteerere Kristu.**"; zvichireva kuti mifungo yako ngaise yakavandudzwa kuti itore chikuriri papfungwa ipi neipi yako kuti iteerere Kristu.

Mweya Mutsvene anotaririra mifungo yedu kuti ive inodzoreka, kuti isu tigove vanoita sarudzo dzakanaka nokuda kwerubatsiro rwake.

Zvino, uchagara uri mundangariro dzenyama here kana kuti dzoMweya Mutsvene? Dzenyama dzinowisira murufu, dzeMweya dzinowisira muupenyu.

Sarudzo ndeyako, asika, sarudza upenyu!

CHIKAMU CHECHITATU
Mufungo Wemurenje

Musumo

"Panemufambo wemazuva gumi nerimwe kubva paHorebe nenzira inonanga pagomo reSeyiri uchienda kuKadeshi-Bhaneya, asi zvatora valsraeri makore makumi mana." (Dhuturonomi 1:2)

Vana velsraeri vafanira kufamba rwendo rwemazuva gumi nerimwechete kuenda kuKenani, asi vakatendrera mumurenje kwemakore makumi mana. Chikonzero chaiva chii? Vaiva vavengi here? Kana cuti chaiva chimiro chavo? Kana cuti nhamo dzvaisangana nadzo parwendo? Zvingadaro zve cuti panechimwe chikonzero chakasakisa cuti bakundikane.

Ini pandaifunga nezvazvo, Mwari vakandipa chiratidzo chakazondibatsira muupenyu, uye chakazobatsirawo zviuru zvavamwe vanhu. Mwari vakandipa chiratidzo chekuti 'valsraelri zvakavatora makore makumi mana kufamba rwendo rwemazuva gumi nerimwechete pamusaka 'pemafungiro emurenje'.

WAGARA PANO KWENGUVA YAKAREBA

"Mwari vakataura kwatiri paHorebe vachiti: Magara pagomo rino nguva yakakwana." (Dhuturonomi 1:6)

Hatifanire kumboshamisika nezvaikatika kuvalsaeri nokuti zvatakadai tose tinozviita. Tinopedza nguva yakareba tichitenderera pagomo rimwechete panekuti tifambire mberi. Izvi zvinoita cuti zvitore nguva yakareba kukunda chinhu chinofanira kukundwa munguva pfupi.

Ndinoona sokuti Mwari varikataura newe nenii nhasi uno, vachitiudza zvimechetezvo sezvavakaudza valsraeli panguva iyoyo.

"Magara nguva yakakwana panerino gomo; yavenguva yakuendamberi."

RONGA MUFUNGO WAKO, USAUSANDURA

"Fungai nezvinhu zvekumusoro, kwete zvinhu zvenyika." (VaKorose 3:2)

Mwari vakandiratidza mifungo mina yemurenje yakadzorera valsraeri kumashure, vachizogara mumurenje kwemakore makumi mana. Mufungo wemurenje hauna kunaka.

Zvinogona cuti tivenomufungo wakanaka kana wakaipa. Mufungo wakanaka unotivandudza, asi mufungo wakaipa unotidzorera shure.

VaKorosiya 3:2 inotidzidzisa kuronga mifungo yedu tisingaisanduri. Tinofanira kumisa mufungo wedu mugwara kwaro. Mufungo wakaipa haukanganisi upenyu hwedu chete, asi cuti unotikanganisa zvakare mumweya medu.

Kune vamwe vanhu vanogara mumurenje, asi zve vamwewo ivo murenje pachawo.

Pakamboita nguva apo upenyu hwangu hwaive nani chose. Hwakange husina kuoma, asi ndaisanakidza neupenyu nekuti ini pachezvangu ndaive murenje mukati mangu. Dave nenii taiva nemusha wakanaka, vana vakadzikama, mabasa akanaka, uye nemari yekurarama upenyu hwakanaka. Zvisineyi ndaisafadzwa nemakomborero aya pamusaka pemifungo yemurenje yandaive nayo. Upenyu hwangu hwaiva murenje chaiwo, nokuti ndiwo aive mafungiro angu.

Vamwe vanhu vanoita mifungo yakaipa pamusaka pezviitiko zvakaipa zvavakasangana nazvo muupenyu. Vanotobva vakundikana kuva nevimbo yekuti upenyu hwavo kungatosandukawo hukaita nani. Vamwewo vonoitawo mifongo yakaipa nokuti vagara ndozvavari mumweya mavo. Zvisinei kuti chii chikonzero, mufungo wakaipa unokonzerza kusuruwara muupenyu hwako, uye nekukonzerza kuti ukundikane kusvika kuNyika yeChipikirwa.

Mwari vakasunungura valsraeri kubva muusungwa muljipita, vakavavimbisa nhaka isina magumo, nyika inehuchi nemukaka, nezvimwe zvose zvavaishuvira- nyika isina chainoshaiwa.

Vazhinji vakasunungurwa muljipita havana kuzosvika kuNyika yeChipikirwa, vakafira mumurenje. Zvinowanzoitika kuti vana vaMwari vanoita mukana wekuwana zvose zvavanoshuvira, asi yokukindikana kunyatsozvibata.

Neniwo ndaimbove ndakadaro. Kwemakore akawanda ehutendi hwangu. Ndaiva munzira yekuenda kudenga, asi ndisinganakidzwi norwendo rwacho. Ndaive ndakarasika mumurenje. Ndinotenda nyasha dzaMwari, nokuti vakandivhenekera vakandibvisa murima.

Ndinovimba kuti gwaro iri richava chiedza kwauri, richikubatsira kubuda mumurenje kuti upinde muchiedza chokuva mwana waMwari.

Chitsauko 16

“Ramangwana rangu rinovakwa nekare yangu pamwe nenhasi yangu.”

Mufungo Wemurenje #1

“Vanhu vangu vaparara nekushaya zivo” (Zvirevo 29:18)

Valsiraeiri vaininge vasina muono wakajeka pamusoro peupenyu hwavo - vaisava nezviroto. Vaingoziva nhorowondo yekwavakabva vasingazivi kwavaienda. Hupenyu hwavo hwaivakwa nezvavainge vamboona nezvavaingoona panguva iyoyo chete. Vaisaziva nechinonzi kuona “neziso remweya”.

AKAZODZWA KUUNZA RUSUNUNGUKO

“Mweya washe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidzire varombo vhangeri, akandituma kusunungura vakasungikana pamoyo kuti ndizivise vakatapwa nezve kusunungurwa kwavo, namapofu kuti vaone, ndiregedze vakatsitsirwa; nokuzivisa gore ralshe rakanaka.”

(Ruka 4:18; 19)

Hupenyu hwangu hwaiva hwekushungurudzwa, ndakarerwa mumhuri yakaputsika. Kukura neuduku hwangu hwainge hwakazadzwa nekuya nekunetsekana kukuru. Vana mazvikokota vanoti hunhu hwemwana hunoumbwa mumakore mashanu ekutanga kweupenyu hwake. Zviito nehunhu hwangu raiva dambudziko! Ndairarama hupenyu hwekunyepera senzira yekuvaka chidziro chekuzvidzivirira kuvanhu vaipfurira mberi vachindirwadzisa. Vavariro yechidziro ichi yaiva yekudzingira vanhu ava kure neupenyu hwangu ,asi izvi zvaindiitawo nhapwa. Dambudziko rangu raive rekuti ndaida chaizvo kuva nechisimba chakanyanya pamusoro pevamwe vanhu uye ndaiva ndakazadzwa chaizvo nekuya ndiine chivimbo chekuti ndigone kurarama zvakanaka ndisina anondirwadzisa ndaifaniwa kuva nechisimba chakanyaya pamusoro pevamwe vanhu.

Semwana wechidiki aikura ndaiedza kurarama nekutevedza nzira dzechikristu, ndaiziva kwandainge ndabva asi dambudziko raiva rekuti ndaive ndisina neruzivo rwakadzama rwekwandaienda neupenyu. Ndaityira kuti hupenyu hwangu hwaizokanganisika nemakuriro andakange ndaita. “Zvinogoneka sei kuti munhu akakudzwa nenzira yandainge ndaitwa azove neupenyu hwakanaka? Hazvigoneke!” Asika Jesu akauya kuzonatsa vanorwara, vakaputsika mwoyo, vanemaronda nemavanga uye vakaputswa mwoyo nematambudziko mazhinji.

Jesu akauya kuzozarura misuwo yematirongo kana majeri kuti nhapwa dzisunungurwe. Ini handina kubudirira muupenyu hwangu kusvika ndatenda kuti ndinogona kusunungurwaho. Ndaifanirwa kuva nemuono wakajeka

pamusoro peupenyu hwangu. Ndakava nekutenda kuti ramangwana rehupenyu hwangu harivakwi nezvandakararama nezuro kana kuti zvandiri kusangana nazvo nhasi uno.

Ungave wakararma hupenyu hunosiririsa kare, kana kunge uchitorarama zvinosuwisa pari nhasi. Uhogona kungewakatarisana ne matambudzikko akashatisisa zvekuti hauna chikonzero chinobatika chekuti uvenetariro yekurarama. Ndinoti kwauri zvirokwazvo ramangwana rako harivakwi nazvakaiitika mumazuva akapfuura eupenyu hwako kana zvirikuitika nhasi uno!

Iva nemafungiro matsva. Tenda kuti muna Mwari zvinhu zvose zvinogoneka (Ruka 18:27). Nemunhu zvime zvinhu zvingakundikane, asi tinovimba muna Mwari wakasika zvose zvatinoona nyangwepo pakange pasina kana nechinhu chimwe pakutanga. (VaHebheru 11:3) Mupe kuperevera kwose kuri muupenyu sedemhe uone achihwushanda. Chaanoda kutenda kwako maari. Anoda kuti uve nekutenda zvose wosiira zvose kwaari.

MAZISO EKUONA NENZEVE DZEKUNZWA

"Zvinopachigutsa chajesse pachabuda davi uye bukira rino bva pamidzi yake richabereka zvibereko. Mweya mustvene waJehovha uchagara pamusoro pake, mweya wouchenjeri uye wokunzwisia, mweya wezano uye wekuva nesimba, uye wokutya Jehovha, iye achafara mukutya Jehovha."
(MuPorofita Isaya 11:1-3)

Hatigone kunzvera zvinhu zvakanaka nekunoona nemaziso enyama chete, tinoda maziso emweya kuti tione nenzeve dzemweya kuti tinzwe zvakanaka. Tinoda kunzwa zvinoreva mweya mutsvene, kwete kungonzwa zvinotaura nyika. Regedza Mwari vataure newe nekuda kweupenyu neramangwana rako –regedza kungoteerera munhu wese zvake.

Valsirayiri vairamba vachingotaura nezvezvinhu zvavaingoona nemeso avo chete. Mwari ainge avaburitsa mulgipita neruoko rwaMosesi, achitaura navo kuburikidza nemuranda uyu nekuda kwenyika yechipikirwa. Mwari vaida kuti varambe vakaisa maziso avo kwavaienda-kwete kuramba vachifunga nezvekunya yavainge vabva

Ngatimbotarisei magwara mashomane anotsanangura mafungiro avo asiriwo.

DAMBUDZIKO RAVO RAIVA PAPI?

"Vanakomana vose valsiraeeri vakatanga kugunun'unira Mosesi naAroni, ungano ose ikatanga kuti kwavari; "**Dai takafira hedu kuljipita, kana kuti dai takafira hedu murenje rino. Jehovha ari kuti endeserei munyika iyo kuti tiurayiwe nebakanwa? Madzimai edu nevana vedu vachabatwa? Hazvisi nane here kuti tidzokere kuljipita?"** (Numeri 14:2, 3)

Ndinokukurudzira kuti ucherechedze rugwaro urwo zvakanaka. Cherechedza kuti maitiro evanhu ava aive asina kunaka -kungoshoropodza, kusava nemwoyo murefu, kusarudza kudzokera muutapwa pane kushingaira murenje kuti vasvike kunyika yechipikirwa. Chokwadi vaisava nedambudziko asi kutoti ndivo vaitova dambudziko racho!

MAFUNGIRO AKAIPA ANOBARA ZVIITO ZVAKAIPA

"**Zvino kwakanga kusina mvura nekuda kweungano, ivo vakatanga kuunganira Mosesi naAroni. Vanhu vakapopotera Mosesi vachiti: Dai takafa hedu pakati pehama dzedu pamberi pa Jehovha. Makauyisireiwo ungano ino murenje rino kuti isu nemhuka dzedudzekutakurisa zvinhu tifire muno?"** (Numeri 20: 2-4)

Mashoko aitaurwa neValsiraeri anoratidza nyore nyore kuti vaisavimba naMwari zvachose. Vaiva nemuono usiriwo, muono wavo waiva wekukundikana. Vaisarudza kukundikana vasati vatombotanga rwendo rwavo nokuda kwezvimhinamupini zvavaisangana nazvo. Maitiro avo aya anotaridza kuti aibva pamafungiro asiriwo. Maitiro akashata zviberekoo zvepfungwa dzakashata.

KUSAVA NEMAFUNGIRO EKUGUTSIKANA

"**Zvavakafamba vachibva pagomo reHorebhi vachienda nenzira yokuGungwa Dzvuku kuti vapoterere nyika yeEdomu, mweya yevanhu yakatanga kuneta nokuda kwenzira yacho. Vanhu vakaramba vachipopotera Mwari naMosesi vachiti: Makatiburitsireiwo muljipita kuti tifire murenje? Nokuti hamuna chingwa, nokuti hamuna mvura. Mweya yedu yava kusema chingwa ichi nekuti chinosembura.**" (Numeri 21: 4; 5)

Pamusoro pamaitiro nemafungiro akashata avaiita ataona achitsananurwa mumagwaro ari pamusoro apo, muchikamu chino tinoona umbowo hwekusagutsikana kwakanyanya kwevalsirayiri. Vana velsirayiri havana kusiya pfungwa yekwavainge vabva uye vaingogarofunga kuti kwavaienda kwaiva Kure sei. Zvingadai zvakavabetesa kucherechedza unhu hwatateguru wavo Abraham. Iye akasangana nezvairwadza nekukuhunidza mwoyo asi haana kutendera kuti izvi zvikanganise upenyu hwake.

PANEMAKAKATANWA HAPANA UPENYU

"Vafudzi vezvipfuwo vaAbraham nevafudzi vezvipfuyo zvaRoti vakapopotedzana; panuva iyoyo vaPrezi nevaKenani vaigara munyika yacho. Nokudaro Abrahamu akati kuna Roti Usarega hako kupopotedzana kupi zvako kuchipfuura zvako pakati pangu newe nepakati pevafudzi vako neafudzi vangu nokuti tiri hama.

Nyika yose haisi pamberi pako here? Ndapota paradzana nenii hako. Kana ukaenda kuruboshwe ini ndichaenda kurudyi, asi kana iwe ukaenda kurudyi ini ndichaenda kuruboshwe, naizvozvo Roti akatarisa ruwa rwese rweJorodhani nokuti rwose rwaiva nemvura Jehovha asati aparadza Sodhoma ne Gomorah, somunda wajehovha, senyika yeljipita kusvika kuZora. Naizvozvo Roti akasarudza ruwa rweJorodhani ,akatamira misasa yake kumabvazuva,vakaparadzana."(Genesi 13:7-11)

Abraham aiziva matambudziko ekugara vanhu vachinetsana; naizvozvo akaudza Roti kuti vaifanirwa kuplesana. Nechinangwa chekuda kurarama murudo, uye nekupedza gakava mune ramangwana ravo akatendedza hama yake kuti itange iyo kusarudza nzvimbo yaaida ndokusarudza ruwa rwakaisvonakisia -ruwa rweJorodani - ndokupesana.

Tinofanirwa kurangarira kuit Roti ainge asina chinhu asati aropafadza naAbraham. Funga mafungiro angadai akaitwa naAbraham pamusoro penyaya iyi, asi iye akasarudza kusadaro hake. Aiziva kuti akaita zvakanaka Mwari vaizomuchengetedza.

SIMUDZA MESO AKO UONE

Nyaya iyi inoratidza kuti nyangwepo Abraham akasara achiita kunge asaririra ainezhishoma mushuremekupesana nehama yake, Mwari vaida kuti "asimudze meso " ake atarire kunzvimbo yavaida kumuendesa.

Abraham akasarudza kuva nemaonero akanaka pamusoro penyaya yaainge akatarisana nayo, naizvozvo dhiyabhorosi haana kubvuta maropafadzo aMwari kubva kwaari. Mwari vakatonyanya kumupa pfuma kudarika nguva iyo yaainge asati apesana nehama yake, vakamuropafadza zvakanyanyisa munzira dzose dzeupenyu. Ndinokukurudzira kuva nemuono hwakajeka pamusoro pezvinooneka muupenyu hwako 'tanga kuona zvinhu zvisati zvavepo kunge zvatovapo" (VaRoma 4:17 KJV). Funga nekutaura nezveramangwana rako nenzira yakajeka, nekuda kwezvakanaka zvakaiswa mumwoyo wako naMwari kwete nekuda kwezvawakaona munguva yapfuura kana zvauri kusangana nazvo ikozvino.

Chitsauko 17

Mumwewo ngandiitire, ini ndinokundikana

Mufungo Wemurenje #2

“Zvino Tera akatora mwanakomana wake Abramu na Roti, mwanakomana waHaramu, mwanakomana wemwanakomana wake, naSarai, mukadzi wemwanakomana wake, vakatama navovakabva Uri yavaKharadheriya, kuti vaende, kuniya yeKenani, vakasvika paHarani vakagarapo.”
(Genesi 11:31)

Kuiita zvaunotarisirwa kuita kunotsanangurwa senzira yekuzadzisa kugona kuri mauri kwawa kapiwa naJehovah. Kutakura mutoro wezvaunotarisirwa kuita inzira yekuzadziza mikana yose yaunopiwa naJehovah. Mwari vakapa baba vaAbram basa rekuita, uri mukana wekuzadzisa zvavaitarisirwa kuti vaite naJehovah. Vakapiwa mukana wekuti vaende kuKenani.

Nguva zhinji zviri nyore kufarisa chaizvo Mwari pavanotanga kutaura nesu vachitipa mukana wekuita chimwe chinhu. Asi nguva zhinji saTerah, hatipedze zvatinenge tatanga nekuti patinopinda mazviri tinoona kunge pane mhindu zhinji dzinoda kuitwa kudarika manyuku nyuku emufaro atinenge tiinawo. Zviitiko zvizhinji zvitsva zvinongonakidza bedzi nekuti zvitsva. Manyuku nyuku emufaro aya anofamba nemhunu kwenguva diki, asika haamubatsire kwenguva refu kuti apedze mujaho waanenge atanga uyu.

Vatendi vazhinji vane hunhu hunenge hunotsanangurwa neBhaibheri hwaTerah. Vanotanga basa vaine chimwe chinangwa vozopedzisira vave pane chimwewo vachiri munzira yokupedzisa zvavatanga. Vanoneta kana kupera simba; vanoda kупедзиса chose basa ravanenge vatanga asi havadi zviga zvinotarisirwa pabasa racho. Pakawanikwa angade kuvabatsira nekupedzisa basa iri vangafarira chose kuchitora chete kutendwa nekubwinya kunouuya nekupedza basa; asika hupenyu haunakudaro.

HAUGONI KUPA MUMWE MUNHU KUTI AKURARAMIRE NEKUITA MABASA EUPENYU HWAKO

“Zvino fume mangwana Mosesi akati kuvanhu “Imi makatadza nekeutadza kukuru kuna Jehovah ini ndichakwira kuna Jehovah zvimwendingayananisira zvivi zvenyu. Mosesi akadzokera kuna Jehovah akati “Haiwa vanhu ava vatadza nokutadza kukuru, vakazviitira vamwari vendarama, zvino dai machikanganwira henyu zvivi zvavo, asi kana musingadi henyu ndidzimei mubhuku renyu ramakanyora”
(Ekisodho 32:30-32)

Mukuverenga nekunzvera kwangu ndakacherechedza kuti Valsirayiri vaisava nehanya yekutakura mitoro yeupenyu hwavo. Mosesi aivaitira zvose –ndiyе ainamata akavamiririra, ovatsvagira chiso chaJehovha nekuvaswededa pedyo naye nekureurura kana vachinge vatadza. (Ekisodho 32:1-14)

Mwana mudiki haana mutoro neupenyu hwake, asi paanokura, anotarisira kuvanehanya nemabasa aanotarisirwaho kuita pamusoro peupenyu hwake. Rimwe remabasa rakakosha revaberekı kudzidzisa vana vavo kugamuchira pfungwa yekuti vanofanira kutakura mitoro yeupenyu hwavo. Mwari anotarisira vana vake kugamuchirawo pfungwa yi.

Mwari vakandipa mukana wokushanda muhushumiri nguva dzose-izvi zvichisanganisira kudzidzisa shoko panhepfenhuro nezvivhitivhiti zveku United States nekune dzimwewo nyika. Asi regai nditsinhidzire kuti kudaizdza uku neushumiri uhwu hwune mitoro inotarisira kwairi. Vanhu vazhinji vane mifungo wekuti basa iri mutorododo uri nyore uye ndezvemweya bedzi bedzi.

Nguva zhinji vanhu vanotsvaga basa mumasangano redu vanochifunga kuti mukana wakakosha chaizvo kuti vave nhengo yeushumiri hwechi Kristu. Mushure menguwana, vanotanga kucherechedza kuti vanosungirwa kushanda sezvinoitawo vamwe vanhu kumabasa avo. Vanotarisira kumukira pabasa nekubata nguva, kuteerera vatungamiri, nekuteedza mirairo nezvimwewo zvinotarisira. Vanhu pavanotsvaga basa kватири ndinovaudza kuti hatiswere zuva rese tichibhururuka mumakore tichingoimba nziyo dzekuti Haleluya-tinoshanda, uye tinoshanda nesimba. Tinofamba mukutendeka asika tinoita zvese neunyanzvi nekukwenenzvereka.

Kushanda muhushumiri mukana wepamusorosoro waungawana muupenyu, asi chandinorovedzera kune avo vanenge vachida kutanga basa iri ndechekuti panoperera manyuku nyuku emufaro wekuwana basa iri, tinoramba tichitarisira kuti vashande nesimba nekutakura mitoro yebasa nenzia yepamusoro-soro.

ENDA KUMUJURU

“Enda kumujuru iwe simbe, cherechedza nzira dzawo ugova wakachenjera, kunyange usina mutongi, kana mutariri kana mubati, uno zvivigadzirira zvokudya zvawo muzhizha, nokuunganidza zvokudya zvawo nekukohwa, Iwe simbe uchavata pasi kusvikira riinihi? Uchakohwa riini hope dzako? Kumbovata zvishomane, ndizorore, kumbotsumwaira zvishomane, ndizorore, saizvozvo urombo hwako huchasvika segororo, nokushaiwa kwako somunhu wakashonga nhumbi dzekurwa.” (Zvirevo 6:6-11)

Nungo dzevana valsirayiri ndechimwe chezvikonzero chakaita kuti vatenderere murenje kwemakore makumi mana rwendo rwavaigona kunge vakaita mumazuva gumi nerimwe chete.

Ndinofarira kwazvo kuverenga ndima iyo iri kuna Zvirevo inotirovedzera kudzidza kumujuru, Hauna munhu unoutungamirira kana kuutuma basa asi unoziitira nekuchengeta mhuri woga.

Vanhu vane hunhu hwekusundwa nekutumwa nguva dzose havana chikuru chavanoita muupenyu. Vanoshanda nekugona basa nechikonzero chekuti pane akavatarisa Havana kure kwavanoenda. Tinofanira kusundwa kubva mukati medu, kwete kutarisira kuti pane achaaya achitisunda. Tinofanira kurarama hupenyu hwedu pamberi paMwari, tichiziva kuti anoziva zvose, ndiye achatipa mubayiro kana tikashingaira kuita zvaanotiudza.

VAZHINJI VAKADAIDZWA, ASI VASHOMA VAKASANANGURWA

"Vazhinji vakadanwa, asi vashoma vakasanangurwa." (Mateo 20; 16)

Ndakambonzwa mushumiri achidzidzisa kuti rugwaro urwo runoreva kuti vazhinji vanopiwa mukana wekuitira Mwari basa, asi vashoma vakasanangurwa kutakura mutoro webasa iri vodaira voriita.

Sezvandamboreva vanhu vazhinji vazere nezvishuwiro asi havana musana wakasimba wekutakura mitoro inouya nebasa ravanotarisirwa kuita. Vanhu vane pfungwa dzemurenje vanoda zvakanaka zvose asi havana chavanoda kuita.

SIMUKA UENDE!

"Zvino Mosesi muranda waMwari akati afa, Jehovha vakataura naJoshua mwanakomana waNun vakati "Mosesi muranda wangu afa zvinosimuka iweweuyambuke Jorodhani urwu, iwe nevanhu vose ivava, muende munyika yandinovapa ivo vana valsirayeri. Nzvimbo imwe neimwe yauchatsika netsoka dzako ndichakupa." (Joshua 1:1-3)

Mwari pavakaudza Joshua kuti Mosesi ainge afa uye kuti iye ndiye aizotora chinzhimbo chekutungamirira nekuyambutsa vanhu rwizi Jorodhani, zaireva tarisiro yemitoro yebasa itsva. Ichi ichokwadiwo kwatiri tose tinoda kuenda mberi kutora nhaka yedu munezvemweya waMwari. Iwe nenii hatingawane mukana wekumira nekushumira pasi pezodzo raMwari kana tisingade kutakura mutoro webasa iri nekurevesa.

TARIRA, INO NDIYO NGUVA YAKANAKA

"Anogara achicherechedza mhepo haangakushi; uye anotarira makore haangacheki." (Muparidzi 11:4)

Raiva gore ra1993 apo Mwari vakataura neni kuti Dave neni taifanirwa kuparidza paterevhishoni, vakati 'Ndiri kukupai mukana wekuenda paterevhishoni iko zvino asi mukaurega hamuzouonizve.' Pamwe kudai Mwari vasina kutiudza kuti uyu waiva mukana wenguva tingadai takaurega tichiti

taizouita munguva inotevera. Nekuda kwekuti tainge tava panguva yekugadzikana neupenyu. Kwemakore mapfumbame taiva nenguva yekuunza ndaramo mubasa reuhwushumiri hweLife in the Word Ministries. Mwari ndipo pavakatipa mukana wekuparidzira vanhu vakawanda, zvinova zvataida nemwoyo wedu wose. Asika kuti tigone kuita izvi zvaida kuti tisiye kudekara kwose titore mutoro mutsva unouya nebasa iri.

Mwari pavanotuma munhu basa pane kufuririka kwekufunga kuti nguva haisati yakwana yekuita basa racho zvinoda kutombomirira mwaka chaiwo. (Mabasa 24:25 KJV)

Ndinokukurudzira kuti lva munhu asingatyi mitoro inouya nebasa rawakatumwa. Pakurwiswa unosimbiswa kwazvo. Ukava munhu anongoda kuita zviri nyore nguva dzose, unoramba uri mbwende. Mwari vanotarisira kuti iwe nenitive vanhu vanoda kubata basa uye kucherechedza zvose kuti tiite basa rine pundutso nemichero inoyemurika. Kana tikasashandisa zvipo nematarenda avakatipa, tataenza kutendeka pamitoro yebasa yavakatipa vaine ruvimbo rwekuti tinogona.

GARA WAKAGADZIRIRA

"Naizvozvo rindai nekuti hamuzivi misi nenguva." (Mateo 25:13)

Mateo 25:13 chitsauko chinotidzidzisa zvatinofanira kuita takamirira kudzoka kwalshe. Magwaro ekutanga gumi nemaviri anotiudza pamusoro pevasikana gumi, vashanu vaive vakapusa asi avashanu vaiva vakachenjera. Vakapusa ava vaisada kunyanyobatikana negadziriro dzekudzoka kwake. Vakangomirira vachigadzirira zvishomane zvaidikanwa: vaisada kunyanyogadzirira kudarika kuva nemafuta mashomane aidiwa mumwenje yavo. Avo vaiva vakangwara vakapfurira mberi kudarika zvaitarisirwa kubva kwavari mugadziriro. Vakachengeta mamwe mafuta kuitira kuti gadziriro yavo ifambe zvakanaka.

Pakauya mukuwasha vasikana vashanu kapusa vakaona mweje yavo yadzima ndokuchitarisira kuti vakangwara vaye vavapewo amwe emafuta avo. Izvi ndizvo zvinogaroitika. Vane nungo nevanogaroverengera kuita zvinhu vanotarisira kuti vanoshanda nesimba vavabetsere nekuvitira zvavanofanira kuita ivo pachavo.

SHANDISA ZVIPO ZVAWAKAPIWA

**“...Ishe wake akapindura akati kwaari “Iwe muranda akaipa, unousimbe ...”
(Mateo 25; 26)**

Mateo 25 inotipa nhorowondo yedzidziso yaJesu iri nyaya yeveranda vatatu vakapiwa matarenda aiva emuridzi webasa. Mukuru webasa uyu akaenda kunyika iri kure kwechinguwana aine tarisiro yekuti veranda vaizochengetedza pfuma yake painge asipo.

Mukuru uyu akapa wekutanga matarenda mashanu kuti ashandise. Wekutanga akaashandisa neungwaru akawana mamwe mashanu pamusoro. Uyu akapiwa maviri akaita saizvozvo. Asi wechitatu akapiwa rimwe chete akariviga muvhу nekuti akazadzwa nekunya. Akatyа kusimuka kuti ave aite kana chinhу chose. Aitya kutora mutoro webasa raitarisirwa kuitwa.

Mukuru webasa paakadzoka, akafadzwa nevaranda vake vaviri vakange vatora matarenda aakange avapa vakawana chekuita vavo zvime ungwaru. Asi kune uyo akange aviga matarenda muvhу akamuti, "Iwe mushandi ane uipi nenungo! "Akabva arayira kuti atorerwe tarenda rake ripiwe uyo ainge ava negumi pamusoro pazvo muranda uyu arangwe zvinorwadza. Ndinokukurudzira kuti ushandise kusimba rako pabasa naMwari nekuita zvose zvaunogona, kuitira kuti kana Mambo vodzoka, uwaniqwe wakaita zvinopfuurikidza zvavakakupa.

Bhaiberi rinojekesa chose kuti chido chaMwari ndechekuti tibereke michero (Johane 15:16)

USAFUNGANYA NEZVEUPENYU HWAKO, ASI KOSHESA BASA RAWAKAPIWA

“Naizvozvo zvinipisei pasi peruoko rune simba rwaMwari, kuti akukudzei nenguva yakafanira, kandirai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose, nokuti iye anokuchengetai. (1 Petro 5:6, 7)

Usatya mitoro yebasa. Dzidza kuisa zvose kunaMwari kwete kutiza basa raunotarisirwa kuita. Vamwe vanhu havatongofunganyi nyangwe nechinhу zvacho; ndavana mazvikokota pakusafunganya zvekuti vanovarairwa kusvika pakukanganwa zvanotarisirwawo kuita.

Isa pfungwa dzako pane zvinotarisirwa kuti uite izvo zviri pamberi kwako uye usatiza mabasa anoita sekuti anogozha.

Gara uchiyeuka kuti kana Mwari vachikupa zvaunokumbira, pane zvinotarisirwa kubva kwauri zvinoenderana neropafadzo iroro. Kana uine motokari kana imba, Mwari vanotarisira kuti uichengetedze. Madhimoni anokukuvhiringidza pfungwa dzako nemaonero ako asi rangarira kuti une pfungwa yaKristu mauri. Ichokwadi kuti unogona kuona manyepo asatani

nekuziva zvakana. Kukumbira chinhu kuri nyore asi, kutora mutoro wekuchichenetedza kunosusukidza hunhu hwakanaka.

Ini ndinorangarira nguva yandairamba ndichitaura nemurume wangu kuti titenge imba iri pedyo nenyanza-ive nzvimbo yataigona kuzorora, kunamata nekudzidzira sezwotaida nzvimbo yekumbova tega tabva kuzvinhu zvose. Ndaigara ndichimuyeuchidza runako rwenzvimbo yakadai, nyangwe vana vedu nevazukuru vaizoifarira uye taigonawo kuzombotora vatungamiri kuenda navo ikoko nekuve nemisangano yebasa neminamato inesimba ikoko tose.

Izvi zvose zvaitaridzika sezwakanaka, uye mumwoyo wangu zvaindifadza asi Dave aigara achindiudza kuti zvose izvi zvaiva zvakana. asi zvine tarisiro dzakawanda dzataifanira kuzadzisawo. Aindirangaridza kuti taigara takabatika nebara nguva zhinji zvaigona kuzokanganisa kuchenetedza umwe musha. Tarisiro idzi dzinosanganisira uswa hwaida kuzochekwa, kuchenetedza musha uyu, nemari dzekubhadhara dzaizodikanwa. Dave akati zvaitove nyore kutsvaga nzimbo yekuroja patinenge tichida nguva yekuzorora pane kutarisana nemutoro wemusha mutsva.

Ini ndaingotarisa zvishuwiro zvemwoyo wangu iye aitarisa chokwadi chezvairodikanwa. Panguva yose patinoita sarudzo tinofanira kutarisa mativi ose -kwete zvingatinakidza chete asiwo tarisiro pazviri. Kutenga musha uri pedyo panyanza ipfungwa yakanaka kumhuri ine nguva yakawanda yekuuchenetedza, isu takange tisinayo nguva iyi. Pakadzika pemwoyo wangu ndaizviziva izvi asi gore rose rakapera pano neapo ndichingonyengetedza Dave pamusoro penyaya iyi.

Ndinofara kuti akaramba akamira pakuti kwete panyaya iyi. Dai asina kudai, tingadai takatenga nzimbo iyi kwenguva pfupi, asi taizotengesa nekuda kwebasa zhinji raitarisirwa pamusha uyu. Zvakazoitika ndezvekuti sahwira wedu umwewo akazotengawo musha pedyo nenyanza watinopota tichishandisa nguva nenguva.

Ukashandisa uchenjeri unowona Mwari vachisangana nezvishuwiro zvako. Munhu wese anofamba mupfungwa yaKritsu anofamba neuchenjeri kwete kushandisa zvido zvemwoyo.

Iva nehanya nekukoshesa mitoro yeupenyu hwako!

Chitsauko 18

“Ndapota itai kuti ndirerukirwe; ndinokundikana kana zvinhu zvakandiomera!”

“Nokuti murayiro uyo wandinokuitira nhasi haunga kuremeri zvikuru uye haulsi kure newe.” (Dhuturonomi 30:11)

Mufungo Wemurenje #3

Mafungiro asiriwo aya anosanganisira atiri kukurukura nezvawo asi pane dambudziko hombe paneamwe anowanikwa pavanhu vaMwari angatore chitsauko chose kutsanangura mubhuku rino.

Dambudziko iri ndechimwe chezvikonzero zvinonyanyoshandisa navanhu vazhinji vandinonzwa vachinamata. Nguva zhinji vanhu vanobvunza mazano kana kuzonamatirwa asi ndikavaudza zvinotaura shoko raMwari kana zvandinofunga kuti Mweya mutsvene ari kureva vanoti “Ndinoziva hangu kuti izvozvo zvamareva zvakanaka: Mwariwo vanga vachindiratidza zvimevezvo asi Joyce zvakandiomera kuti ndizviite”

Mwari vakandiratidza kuti muvengi anoedza kuisa mufungo wakadai mupfungwa dzevanhu kuti vakundikane muupenyu. Makore mashoma apfuura Mwari vakandizivila izvi, vakandituma kuti ndirege kungotaura maomero akaita zvinhu vachindisimbisa kuti ndikarega kuita izvi basa nezvinhu zvandaiita zvaizondirerukira.

Nyangwe patinozvirovedzera nekuzvipira kuita zvinhu tinopedza nguva yakareba tichifunga nekotaura pamusoro “ pemaomero azvakaita”, zvekuti basa racho rinopedzisira raomara kudarika zvaringadai ratakaita dai tiine mifungo yakajeka kwete yekuona zvekuomerwa chete.

Pandakatanga kuve nemaonero anobarwa neshoko raMwari mubasa nemukurara kwangu ndichizvienzanisa nepandaive pakutanga ndakashuwira kuti ‘Ndinoda kuita zvinhu nenzira yenu, Mwari, asi zvakaoma.’ Mwari vakanditungamirira kuna Dhuturonomi 30:11 pavanoti mirayiro yavo haina kuoma kana kuve kure nesu. Mwari vanatipa Mweya wavo mutsvene kuti utipe nesimba nekutibatsira mune zvose zvavanenge vatituma.

MUBATSIRI

'Neni ndichakumbira Baba, vachakupai mumwe munyaradzi kuti agare neninokusingaperi. '(Johani 14: 16)

Zvinhu zvinonyanya kuoma kana tikada kuzviita toga tisina kuzembera nekumirira nyasha dzaMwari. Dai hupenu hwaiiva nyore taisatomboda simba raMweya Mutsvene kuti riti batsire. Bhaibheri rinoti mwuya mutsvene "Mubatsiri". Iye ari matiri uye anesu nguva dzose kuti atibatsire, atigonese patinokundikana -uye ndingada kuweddzera kuti, mwuya mutsvene unoita kuti hupenu hwuve nyore nekurerukirwa pane zvaizotiwomera dai iye ainge asipo.

NZIRA IRI NYORE NENZIRA YAKAOMA

"Zvino Farao akati aregedza vanhu kuti vaende, Mwari haana kuvafambisa nenzira yepanyika yava Firistiya, kunyangwe yaiva pedyonokuti Mwari vakati zvimwe vakazvidemba kana vachiona kurwa vaka dzokera Ijipita." (Ekisodho 13:17)

Iva nechokwadi chekuti kwese Mwari kwavanokutungamirira kuti uende, vanokuchenegetedza nguva dzose. Havatendere miedzo inotikunda (1VaKorinde 10:13). Chese chavanoda kuti chiitike vanenge vatobhadhara mutengo wacho kare. Hatifanirwe kurarama hupenu hweukukakavara kana takazendama mavari nguva dzose kuti varambe vachitipa simba ratinoda panguva dzekuneta.

Kana uchichiziva kuti wakatumwa basa naMwari, regadza kukundikana nekuti zvakaoma. Pazvinooma, tora nguva yakareba wakazembera panaMwari uwaniirwe nyasha dzakawanda munashe (VaHebheru 4:16)

Nyasha isimba rinopiwa naMwari pachena pasina mubhadharo, mwuya uyu unokubatsira kuti ugone kukunda kukundikana kwako kwose. Ngwarira mafungiro ekuti "Izvi handizvigone; zvakandiomera"

Mwari vakatungamirira vana valsirayiri vachishandisa nzira refu, uye yakaoma nekuda kwekuti vaiva mbwende, vachida kuti vagone kuzorwa hondo dzavaisosangana nadzo munyika yechipikirwa .Vazhinji vanofunga kuti kupinda munyika yechipikirwa zvinoreva kuti hakusina kurwiswa, ichi hachisi chokwadi. Kana ukaverenga nhorowondo dzezviitiko zvizhinji valsirayeri vayambuka Jorodhani vakuenda kunotora nyika yechipikirwa, unoona kuti vakarwa hondo imwe pamusoro peimwe.

Naizvozvo vakakunda hondo dzose dzavakarwa musimba rektungamirira naMwari. Mwari vakavatungamirira nenzira yakarebesa inorwadza nekuti vaiziva kuti havasati vavekugona kurwa vega hondo dzenoita kuti vapinde munyika yechipikirwa. Mwari vaishushikana kuti vaizoti vakaona muvengi

vaizodzokera Ijipita, naizvozvo nzira inorwadza iyi yaiva yekuvadzidzisa kuti vasave neruvimbo mavari.

Kana munhu achisangana nematambudziko mazhinji, pfungwa dzake dzinokundikana mune zvose. Zvakakosha kuti tisarase mwoyo, nekuneta nekupera simba nguva dzose.

RAMBA WAKABATIRIRA NESIMBA

"Zvino ngatirege kuneła pakuita zvakanaka; nekuti tinozocheka panguva yakafanira, kana tisingaori mwoyo." (VaGaratia 6:9)

Kurasa mwoyo nekuneta zvinoreva kukundikana kwepfungwa. Mweya mutsvene unotuidza kuti tisakungikana mupfungwa, nokuti tikashingirira, munguva yakafanira tichakohwa.

Rangarira muenzaniso waJesu.Munguva pfupi achangobva kubhabhatidza azadzwa naMweya mutsvene, akatungamirirwa namweya mutsvene murenje kunoedzwa naSatani.Haana kushungurudzika, kukuhunika nekusuruvara. Haana kufunga chakaipa kana kutaura mashoko anomhura. Haana kuvhiringidzika achida kunyatsocherechedza kuti zvaizofamba sei. Akakunda miedzo yose iyi.

Panguva yekuedzwa, Ishe wedu havana kutenderera murenje vachingotaura nekuoma kwanga kwakaita upenyu hwavo panguva iyi. Vakatora kusimbisia kubva kuna Baba vavo vari kudenga vakakunda panguva iyi. (Ruka 4:1-13)

Ugagone kufungidziawo Jesu vachifamba navadzidzi vavo vachingotaura kuoma kwakaita basa neupenyu hwavo here? Ungafungidzirawo here vachikurukura nezvekuoma kwaizoita chiitiko chepamuchinjikwa -kana kutya kwavaiita zvaizovawira....kana kushunguridzika kwaiita hupenyu hwavo hwezuva nezuba: kutenderera mumaruwa vasina pekugara, pokurara panguva yeusiku?

Pandinenge ndiri munzendo munzvimbo dzaka siyana siyana ndichiparidza Vhangeri, ndakadzidza kusagunununa nezvematambudziko andinosangana nawo muhushumiri. Ndakadzidza kusataura nezvekusagutsikana nekuoma kwakaita zvandinosangana nazvo muhushumiri hwangu. Ndakadzidza kusagunununa pamusoro pekuoma kwakaita kugara muhotera dzakasiyana nguva dzose, kusadya kudya kwakabikwa kumba nguva dzose, kurara panzvimbo dzakasiyanasiyana nguva dzose, kusagarawo pamba pangu, nekusangana nevanhu vakasiyana siyana panguva zhinji asi ndichizoshaya mukana wakakwana wekuwadzana navo.

Iwe neni tikava nepfungwa yaKristu matiri tinogona kugashira zvinhu nenzira yavakagashira nayo zvavaisangana nazvo, izvi tinozvigona chete

tikagadziridza pfungwa dzedu dzive "pfungwa dzeukundi" –kwete "pfungwa dzekukundikana".

KUBUDIRIRA KUNOUYA MUSHURE MEMATAMBUDZIKO

"Naizvovzo Kristu zvaakatambudzika panyama, nemiwo mushonge murangariro iwoyo; nokuiti munhu akatambudzika panyama arega zvivi, kuti panguva yakasara arege kurarama nokuchiva kwavanhu, asi nokuda kwaMwari." (1 Petro 4:1, 2)

Ndima iyi inotidzidzisa kuti chakavanzika pakubudirira pamatambudziko nepanguva dzekumanikana. Izvi ndizvo zvandinonzwisia pandima mbiri idzi:

Funga zvese zvakasanganikwa nazvo naJesu uye nehushingi hwake pamarwadzo epanyama yake, izvi zvinogona kubatsira kukunda matambudziko. Tarisana nehondo dzaunosangana nadzo, ugadzirire kukunda hondo idzi semafungiro aiitwa naJesu aiti 'ndinoshingaira kutambudzika pane kusafadza Mwari'. Nekuti ndikatambudzika ndiine chinangwa nemifungo waKristu kwachiri, ndinenge ndisati ndichararamira kuzvifadza kwete, nekuita zviri nyore bedzi nekutiza zvakaoma. Asi ndinenge ndoraramira zvinodiwa naMwari kwete zvido zvemwoyo kana zvido zvemifungo yenyama.

Muviri wangu haugudzikane chose nekufamba kwandinoita mubasa rangu rehushumiri, asi ndinoziva izvi chido chaMwari chekuti ndizvitevedzere. Naizvozvo ndinofanirwa kuzvishongedza nemafungiro kwavo nekuda kwazvo, kana kuti ndinokundikana ndisati ndatotanga basa racho.

Zvinogoneka kuti pave nemunhu anoshungurudza mwoyo wako kuswera naye asi uchiziva kuti Mwari vanoda uve muukama naye uye kuti usamutiza. Nyama yako inorwadzikana, nekuti hazvisi nyore, asi gadzirira nekutwasanura pfungwa dzako pamusoro penyaya iyi.

KUPEREVERA MUKUGONA NEKUKWANISWA NAKRISTU

"Ndinoziva urombo, ndinozivawo kuve nezvakawanda; pachinhu chipi nechipi nepazvinhu zvose ndakadzidziswa kuti ndizive kuguta nekusanzwa nzara, kuve nezvihinji nokushayiwa, Ndikaite zvose naiye anondipa simba. (VaFiripi 4:12, 13)

Mafungiro akanaka anotibatsira muhondo dzeupenyu. Kurwa uine mafungiro asiriwo kwakafanana nekuenda muhondo inopisa usina chombo.

Valsirayiri vaingochema chema chikava chikonzero chakaita kuit nagare murenje kwemakore makumi mana, parwendo rwemazuna ngumi nerimwe. Vaichema chema padambudziko rega rega –vachingotaura nezvekuoma kwakaita upenyu. Mafungiro avo aiva ekuti,"Itai kuti zvinhu zvireruke; ndinokundikana kana zvinhu zvakaoma! "

Ndakacherechedza kuti pane vatendi vanenge vari magamba musi wesvondo koita vatendi vanongochema chema kana wava musi wemuvhuro. Vanotaura zvinofadza nemusi wesvondo -mukereke vakakombaredza neshamwari asi kana yasvika nguva yekuita zvavanotaura misi nenguva pasina wekufadza nemashoko, vanopera simba pakuedzwa kuduku duku.

Kana uri munhu anongo chemachema nekugunununa, shandura mafungiro ako uti ndinogoneswa zvose naKristu anondisimbisa. (VaFiripi 4:13)

Chitsauko 19

**“Zvinongoitika ndisingade zvekugara
ndichingogunun’una, kutsvaga mhosvo
nekunyunya.”**

Mufungo Wemurenje #4

**“Nokuti ndidzo nyasha kana munhu achitsungirira mukutambudzika nokuda
kwehama muna Mwari, achitambudzika asina mhosva. Nokuti kune
rumbidzo yeiko kana muchitsungirira matadza, mukarohwa? Asi kana
mukatsungirira kana muchiita zvakanaka izvozvo inyasha kuna Mwari.”
(1 Petro 2:19, 20)**

Kana tisati tasvika padanho rekugona kurimbidza Mwari tiri panguva yematambudziko hatigone kusunungurwa. Hakusi kutambudzika kunoita kuti tirumbidze Mwari asi mafungiro ekukudza Mwari panguva yekutambudzika kunofadza Mwari nekuunza kubwinya kwavari.

Iwe nenii ngatigamuchire zodzo yemagwaro maringe nezvinodiwa naMwari, tinofanirwa kuti tizeye magwaro aya tichiverenga mutsara umwe neumwene zvineudzamu. Izvi ndakazvigamuchira mushure mekunzvera magwaro kwemakore akawanda nechinangwa chekuda kunzwisia kuti sei Mwari vajindirega ndichitambudzika iro shoko richireva pachena kuti Jesu akatakura kutambudzika nemarwadzo eupenyu hwangu. (Isaya 53:3-6).

Zvakatora nguva ayakareba kuti ndibate musoro wechinangwa chemagwaro ari kuna Petorosi kuti haisi nyaya yekutambudzika iri kutaurwa asi kuti pfungwa iyi yakanangana mafungiro nemaonero aunoita panguva yekutambudzika.

Cherechedza vara rekuti kuve nemwoyo murefu rakashandisa mundima iyi, rimoreva kuti kana munhu akatidadzira tikaratidza mwoyo murefu, zvinofadza Mwari. Chinofadza Mwari kuita mwoyo murefu-kwete kutambudzika. Kuwana rukurudziro mumatambudziko, tinokurudzirwa kutarisa nzira dzakashandisa naJesu paaisangana nematambudziko.

JESU MUENZANISO WAKANAKA

"Nokuti imi makadanirwa izvozvo, Kritsu zvaakakutambudzikirai, akakusiyirai mufananidzo, kuti mutevere makwara ake; iye asina kuita izvi, nokunyengera hakuna kuitika mumaromo ake, iye akati achitukwa, haana kutukazve, akati achitambudzika haana kutyilityidzira, asi akaisa mhaka yake kuna uyo anotonga zvakurarama." (1 Petro 2:21-23)

Kutambudzika kwaJesu kwakaunza kubwinya. Akaramba anyerere asingagununune, achivimba naMwari zvisinei nekuti hupenyu hwainge hwakamira sei. Haana kushanduka hunhu hwake maringe nezvaaisangana nazvo. Aisa atidza mwoyo murefu chete panguva yekunaka kwezvimhu ozogunununa kana zvisina kumira zvakanaka.

Magwaro aya anotizivisa kuti Jesu muenzaniso uye akauya kuzotidzidzisa kurarama zvakanaka. Mabatiro atinoziita pamberi pevamwe vanhu muenzaniso unovatidzidzisa nzira yakanaka yekurarama nayo. Tinodzidzisa vana vedu zvakanyanya nezvatinoita kudarika mashoko atinoshandisa. Tiri tsamba dzakanyorwa dzinoverengwa nevanhu. (2 VaKorinde 3:23)-tiri chiyedza chinobwinya munyika ine rima (VaFiripi 2:15)

TAKADANWA KUTI TIZVININIPISE NEKUVA NEMWOYO MUREFU

"Naizvozvo ini musungwa munaishé, ndinokumbira zvikuru kuti mufambe zvakafanira kudanwa kwamakadanwa nako, nokuzvininipisa kwose neunyoro, nomwoyo murefu murudo." (VaEfeso 4:1, 2)

Munguva yakapfuura munhuri medu makaitika chiiitiko chakave nemuenzaniso wakanaka wekutambudzika tichizvinipisa nekuva nemwoyo murefu.

Mwanakomana wedu, Daniel, ainge achangodzoka kubva kuDominican Republic. Akadzoka aine mapundu akaipisia pamaoko ake uye aine maronda. Akaudzwa kuti aiva neuturu hwepoison inonzi Ivy yekuDominican Republic.Denda iri rainge rakashata zvakanyanya mumaonero edu zvekuti taida chose kuziva kuti chimbori chii chaizvo. Chiremba wedu ainge asipo saka takabatsirwa neumwe chiremba aivawo pabasa.

Nokudaro takatuma Mwanasikana wedu Sandra kuti akakumbire chiremba kuti vaone Daniel, achivatsanangura zvakawanda pamusoro pehanzvadzi yake kusanganisira makore ekuzvarwa ake. Parunhare kajekesa ndiye kuti aizomuperekeda mwana uyu kuzoona chiremba. Musi uyu tose tainge takabatikana zvakanyanya kusanganisa iye Sandra. Meshuremekuchairia motokari kwemaminitsi makumi mana nemashanu kuenda pamahofisi achiremba, Paakasvika kaudzwa kuti mutemo wechipatara waisamutendera iye kuti ave anorapisa ega nehanzvanzi yake duku iyi pasina mubereki.

Sandra akatsanangura kuti aimbenge afona achijekesa kutiiye aizouya nehanzvanzi yake duku iyi-uye kuti nguva zhinji ndiye aisoperekedza Daniel paainonekwa nachiremba. Mukoti akaramba achisimbisia kuti paidiwa mubereki.

Sandra angadai akasarudza kutsamwa. Akange azvipira kuperekedza mwana uyu iye akabatikana asi zvose izvi hapana chazvabatsira. Paakatanga kutyaira mota kwemamwe maminitsi makumi mana achidzoka kumba aiona sekuti atambisa nguva nekusarongeka. Mwari vakamubatsira kuti azvibate arambe aine mwoyo werudo. Akafonera baba vake, avo vaiva panguva yekuona mai vavo, vakamuudza kuti vaizouya kuzobatsira.

Mangwanani emusi uyu Dave akamuka achingonzwa kuti aifanirwa kupfuura nekumahofisi edu achitora mamwe emabhuku angu asi asina chikonzero chekuti aiwatorerei. Aingonzwa kuti anoda kuva navo. Paakasvika kwachiremba mudzimai ainyora pasi nezvevarwere akafananidza Dave akamubvunza kuti ndiye murume waJoyce Meye here. Akamupindura kuti hongu aiva murume waJoyce Meyer. Mudzimai uyu akatsanangura kuti aindiona ndichiparidza pachivhitivhti uye ainge anzwa zvakawanda pamusoro pedu.

Dave akataura naye zvishoma ndokumupa rimwe remabhuku angu rinotaura nezvekupodza kwemavanga emwoyo. Chinangwa chekutsanangura nyaya iyi ndechechekuti: chii chingadai chakaitika Dai Sandra ainge arega kuzvibata akatsamwa? Uchapupu hwake hungadai hwakakanganisika. Chokwadi izvi zvingadai zvakakanganisa mwuya wemunhukadzi uyu aindiona paterevhishoni. Uzoona nhengo yemhuri yangu ichiita zvakaipa.

Vanhu vakawanda vari kushingaira kusangana naMwari, Asi zvatinovaratidza nezviito zvedu zvakakosha kudarika mashoko atinovaudza. Kuparidza shoko kwakakosha ASI tisangaregi kusimbaradza zvatinotaura nehunhu hwedu. Sandra akatambudzika muchiitiko ichi achishingaira nemwoyo murefu, shoko raMwari rinoti izvi ndizvo zvatinotarisirwa kuita sevatendi nguva dzose.

KUSHINGAIRA NEKUTAMBUDZIKA KWAOSEFA

"Akatumu murume pamberi pavo, Josefa akatengeswa akava muranda; vakakuvadza tsoka dzake nezvisungo zvesimbi akasungwa nemangetani amatare, kusvika panguva yakitika shoko rake, shoko raJehovha rakamuidza." (Mapisarema 105:17-19)

Semuenzaniso wakanaka uri muTestamende yekare munotsanangurwa mabatirwo akaipa akaitwa Josefa nemadzikoma ake. Vakamutengesa muutapwa vakanyebera baba vake kuti ainge aurayiwa nezvikara zvesango. Munguva iyi akatengwa nemupfumi ainzi Potifa, uyu akamutora kuti ashande senhapwa kwaari. Mwari vairatidza nyasha nguva dzose kuna Josefa kwese kwaaienda, nokudaro akawanirwawo nyasha pamberi pemukuru waishandira uyu.

Josefa akaramba achikwiridzirwa pabasa rake asi chinhu chakaipa chakaitika kwaari. Mudzimai waPotifa akaedza kumunyengetedza kuti vadanane muchivande, asi iye nekuda kwekuti aiva murume akatendeka endeka muunhu hwake akaramba pfungwa iyi. Mukunyepera murume wake mudzimai uyu akati Josefa ainge aita mhirizhonga, zvakaita kuti asungwe pamusoro pechinhu chainge asina kuita.

Josefa akaedza kubatsira vanhu munguva yavaiva mujeri. Haana kugunununa, akaramba aine nemaitiro akanaka nyangwe aitambudzika. Kumagumo Mwari vakamusunungura vakamusimudzira. Akazove nesimba rakanyanya muljipita yose zvekuti hapana munhu wozvake aiva pamusoro pake kunze kwaFaraao pachake.

Mwari vakarwira Josefa nokuda kwezvaainge aitirwa nevakoma vake, nokuti vakazouya kuzotsvaga chekudya panguva iyo nyika yose yainge yakatarisana nenzara huru. Panguva iyi Josefa akaratidza kutya Mwari akarega kuvashungurira, asi akavapa izvo vaitsvaga. Akavaoneswa kuti zvakaipa zvavainge vamurongera, Mwari ainge azvishanndura kuti zvive zvakanaka -achiti vose vaiva murouko rwaMwari uye ainge asina simba rekuita chakaipa asi kutovaropafadza bedzi. (verenga Mavambo 39-50)

MATAMBUDZIKO EKUGUNUN'UNA

"Ngatirege kuedza Ishe sevamwe, savamwe vavo vanomuedza, vakaparadzwa nenyoka. Murege kugunununa sevamwe vavo vakagunununa, vakaparadzwa nomuparadzi. (Rufu). Zvino izvi zvakavawira, kuti vave zviratidzo, zvakanyorwa kuti tnyeverwe isu, tikasvikirwa nekuguma kwenyika (kuparara nekupera kwenguva yeupenyu hwavo)." (1 VaKorinde 10:9-11)

Kubva pandima iyi tinoona musiyano uripo pakati paJosefa nevalsiriyari. Iye aisa gunun'una asi ivo vaiva nekutsutsumwa nguva yose pamusoro pezvinhu zvidukuduku zvavaisangano nazvo. Bhaibheri rinoburutsa pachena njodzi

dzekunyunyuta, nekugaro tsvaga mhosvo. Muono uyu wakajeka. Kututsumwa kwevalsiriyari kwakazarura muswo wekuti vavengi vapinde vaparadzwe. Vaifanirwa kukosheswa nekuona kunaka kwaMwari asi Havana-naizvozvo vakabhadhara muripo wekusateerera.

Nhorowondo yese yekutambudzika nendufu dzavo zvakanyorwa pasi kutiratidza zvinoitika kana tikava neunhu hwumwewo. Iwe nenii hatingo tsutsumwe kekutanga nemimuromo yedu asi tinotanga tatsutsumwa mumifungo yedu. Kugaro gunununa nekutsutsumwa ipfungwa yevanogara murenje inotitadzisa kusvika munyika yechipikirwa.

Jesu muenzaniso wakanaka uye tinofanira kutevedzera zvaakaita.

Valsirayiri vakatsutsumwa vakaramba vari murenje

Jesu akarumbidza akamutswa muvakafa

Pamusiyano uyu, tinoona simba rekurumbidza nekutenda nyasha nekusiyana kwazvakaita nekutsutsumwa. Hongu kutsutsuma, kugunununa nekutsvaga mhosvo nguva dzose kune simba asi iri isimba risina chakanaka mariri. Nguva yose yatinoita izvi tinopa satani simba pamusoro pedu raasina kipiwa naMwari.

MUSAGUNUN'UNE, KUTSVAGA MHOSVO, KANA KUNYUNYUTA

***"Itai zvose musinganyunyuti musina nharo, kuti muve vanhu vasina chavangapomerwa, navasina kururama, vana vaMwari vasina mhosvo pakati perudzi rwakakombama, rwakakombama, rwakakombama, rwamunoonekwa pakati parwo sechiedza."* (VaFiripi 2; 14, 15)**

Dzimwe nguva zvinoita sekuti munhu wese pasi rino ari kutsutsumwa. Mashoko anotaurwa nevanhu ekugunun'una nekutsutsumwa akawanda kana zvichienzaniswa nemashoko ekuyemura nekugutsikana.

Vanhu vanotsutsumwa pamusoro pemabasa avo nevavanoshandira kunze kweketenda mukana wakanaka wekuva nebara iri nekuyemura kuti havasi kugara inochengetwa vanotambura kana kuti vari mumutsetse unopiwa zvekudya varombo.

Varombo vazhinji vangafare chaizvo kuwana nebara rako nyangwepo riine mhosvo dzaro. Vangafare chose kushandira mukuru webasa rako nemhosvo dzake kuti vawane mari yokurarama, vachigara mumisha nokubika vega zvekudya.

Pamwe unoda basa rinobhadhara zviri nane kana kuti une mukuru webasa asinga kubati zvakanaka. Izvozvo zvinhu zvinoshungurudza nekusuwisa asi kutsutsumwa haisi nzira yakanaka yekubuda mazvir.

USAFUNGANYA KANA KUSHUNGURUDZIKA NEUPENYU HWAKO – NAMATA NEKUTENDA

***"Musafunganya pamusoro pechinhu asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenu
ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira pamwe chete nekuvonga."***
(VaFiripi 4:6)

Murugwaro urwo Muapositora Pauro anotidzidzisa nzira dzekukunda matambudziko anoti wira. Anotirayira kuti tinamate nekurumbidza titimuna Mwari munazvose. Mwari vakandidzidzisa chiga ichi vachiti, "Joyce ndikakupirei zvinhu pamusoro pezvauinazvo kana usingagutsikane nezvauinazvo? Ndinodirei kukupa zvinhu zvichaita kuti utsutsumwe?

Kana tisingakwanise kunamata nenzira inovakwa nerumbidzo, hatigone kuwana mhinduro dzinotifadza. Shoko raMwari hariti tisanamate mukutsutsumwa, rino ti namata nekurumbidza.

Kugunununa, kutsutsumwa nekugaro tsvaga mhosvo zvinowanzoitika kana chimwe chinhu kana mumwe munhu akatiita zvatisina kutarisira, kana kuti tichitarisirwa kumirira chinhu kwenguva yakareba kudarika yakaitarisira.

Ndakadzidza kuti kuve nemwoyo murefu nekushingaira hakusi kungogona kumirira chete asi kugona kuve nemafungiro nemaonero akanaka panguva iyo takamirira chinhu ichi.

I have discovered that patience is not the ability to wait, but the ability to keep a good attitude while waiting.

Zvakakosha kuona kuti nzira dzose dzekutsutsumwa nemaitiro ose akaipa anoenderana nemafungiro nematauriro akaipa. Ndinotenda kuti Mwari vakandipa chizaruko chichakuratidza uipi hwe kupa pfungwa dzedu nemiromo yedu kumafungiro akadai.

Mwari anoudza Valsirayiri muna Dhutoronomi 1:6 kuti agarisa pagomo iri. Iwevo pamwe wava nenguva yakareba uri pagomo rimwe chetero asi ino yavanguva yekushingirira kubva pauri. Kana zvakadaro, zvakanaka kucherechedza kuti haungaende mberi nenzira yakajeka kana mifungo nehurukuro dzako zvakazara kugaro tsutsumwa.

Handina kuti zviri nyore kusagunun'una, asi ndinokusimbisa ndichiti iwe une pfungwa yakakosha yaKristu mauri. Wadii kuishandisa mazviro kwazvo?

Chitsauko 20

"Handidi kumirira zvandinoda kwenguva refu; ngazviitike nekukurumidza."

"Naizvozvo hama dzangu, tsungirirai kusvikira pakuvuya kwaShe. Tarirai, murimi unomirira chibereko chenyika chinokosha, achitsungirira pamsoro pazvo kusvikira zvapiwa mvura yokutanga neyokuguma." (James 5:7)

Mufungo Wemurenje # 5

Kusava nemwoyo murefu chibereko chekuzvitutumadza. Munhu anozvida haagone kuzvipa nguva yekumirira nenzira kwayo. Sezvatakaona mundima dzapfuura, chinonzi mwoyo murefu hakusi kumirira chete, asi kuva nemwoyo murefu nemafungiro akanaka panguva yekumirira.

Shoko hariti itai mwoyo murefu chete asi rinozi panguva yekumirira zviitei nemwoyo murefu. Kumirira chiitiko chinoitika nguva dzose muupenyu hwedu. Vanhu vakawanda havaiti mafungiro akanaka panguva yekumirira asi vachitadza kuona kuti tinopedza nguva zhinji yeupenyu takamirira zvatinoda zvichienzaniswa nenguva yekugamuchira.

Ndinoreva kuti muupenyu apo tinonamata nekukumbira nokutenda kuti tipiwe chinhu tinomirira kwenguva refu kuti chiitike. Pachinoitika tinofara chaizvo kuti tagamuchidzwa zvatange takamirira. Asi nekuda kwekuti sevanhu tinosundwa nezvinangwa zvakawanda-wanda panguva imwe chete tinotangazve kuavarira kupiwa zvimwe zvinhu, totangazve kukumbira Mwari zvimwevezve, tichingoramba tichinamata nekumirira nguva dzose.

Ndichicherechedza hupenyu hwangu ndakaona kuti nguva yakareba yeupenyu hwangu ndaipedza ndichingokumbira nekumirira kuti zvakawanda zviitike muupenyu kana ndichienzanisa nenguva yekugutsikana ndawana chandainamatira. Naizvozvo ndakazosarudza kugutsikana nekuvara zvakanyanya panguva yekumirira kuti zvakanaka zviitike muupenyu hwangu.

Tinofanira kudzidza kuve nemufaro tiri murwendo rwekwatiri kuendeswa naMwari!

KUZVITUTUMADZA KUNOTITADZISA KUVA NEMWOYO MUREFU

"Nekuti nenyasha dzandakapiwa ndinoudza umwe neumwe ari pakati penyu, kuti arege kuzvifunga mukuru kupfuura paanofanira kufunga napo, asi afunge nekufunga kwakachenjera, mumwe nemumwe nechiyero chokutenda sezvaakagoverwa naMwari." (VaRoma 12:3)

Zvakaoma kufara panguva yekushingaira nekumirira zvatinoda kana tisingagone kumirira nemwoyo murefu. Kuzvida kunokutadzisa kuva nemwoyo murefu nekuti munhu anozvida anozvitutumadza zvekuti haadi kukanganisika kana paduku zvapo.

Nyangwepo tisingafanirwe kuzvitarisira pasi, hatifanirwe kuzvitutumadza. Zvine ngozi kunyanyisa kuzvitutumadza tozviisa padanho repamusorosoro totanga kutarisira vamwe vanhu pasi. Zvikuru sei kana vanhu ava vachiita zvatisingade, vachititononokera, tinotanga kurasa mwoyo murefu. Munhu anozvininipisa haaratidze hunhu hwekusashingaira nekushaya mwoyo murefu.

TARISA ZVINHU SEZVAZVIRI

"Ndakareva izvozvo kwamuri kuti muve nerugare. Panyika munotambudzika, asi tsungai mwoyo, ini ndakakunda nyika." (Johani 16:33)

Imwe nzira inoshandisa nasatani kutishaisa mwoyo murefu kubata pfungwa dzedu kuti tisagamuchira kuti hupenyu hausi mutserendende asi hune zvimhingamupini zvakawanda. Tikava nemufungo wekuti zvatinosangana nazvo muupenyu nemuhukama hwedu hazvifanirwe kukanganisika, nekuve nezvibingaidzo asi kuti zvinofanirwa kubudirira nguva dzose tinodyara mbeu yekusafambirwa zvakanaka neupenyu. Zvirokwazvo ndingatoti satani anenge atiteya seriva rekuti tikundikane.

Handisi kukurudzira kuti ngamuchira chete zvisina kunaka muupenyu hwako asi ndinokoshesa chose nekuvimba mumafungiro ekutarisira chakanaka nenzira ine kujeka mairi. Ndiri kutoti gara wakaziva kuti zvinhu zvishoma muupenyu zvonobudirira pasina zvimhingamupini.

Ini nemurume wangu tinofamba nzendo ndefu tichidzidzisa kumisangano yakasiyana siyana. Tinotsvaga nzvimbo dzakanaka dzekuitira misangano iyi. Tichangotanga kuita izvi ndaishushikana nekushaya kushingaira kana munzvimbo idzi mukave nekuitika kwandaisa. tarisira. Ndaigumbuka nyore nyore, semuenzaniso kana magetsi asiri kushanda, zvigarо zvakasviba kana kuti zvimbewo zvakosha zvikashanda zvakanaka.

Ndaikanganisika nekuda kwekuti taibhadhara mari yakawanda mukushandisa nzvimbo idzi tiine tarisiro yekuti zvinhu zvinge zvakamira zvakanaka. Mukusarudza nzvimbo idzi taiita zvose zvinotarisira kuti tive

nemisangano yakanaka asi nguva dzakawanda taisangana nematambudziko.

Panguva dzakawanda taivimbiswa kuzobatwa zvakanaka panzendo dzedu asi taitogona kunonotswa kana kutozoshaiswa pekugara pacho. Dzimwe nguva vashandi vepamahotera vaitokanganisa misangano yedu nekuvhiringidza mashoko atinenge tavapa nyangwepo tikaita zvose zvekuti izvi zvisaitike.

Ndinorangarira pane umwe musangano wemadzimai. Nhengo dzemusangano uyu vakapiwa kudya kwakasanganisa nedoro rwerudzi rweRum. Vabiki vakavhiringidza zvataifanirwa kudya nekumwe kudya kwemumwewo muchato. Takanyara chose patakanza madzimai aya achiti kudya kwavo kwaiita sekunge kunedoro.

Ndinoramba ndichingotsinhidzira kuti panguva dzose idzi misangano iyi yaitozobudirira pane zvose zvisinei nezvihingamupini zvose izvi. Ndingapa mienzaniso yakawanda asi chandakazodidza kuti zvose izvi zvaindishungurudza zvaikonzerwa nekusagamuchira kuti hupemyu hausi mutserendende -munezvihingamupini.

Handisi kuti usaronge kuti dai ndakundikana, asi ndinokurudzirwa nekuti iyewo Jesu akasangana nemiedzo, marwadzo nematambudziko. Zvihingamupini zvinowanikwa pasi rino – kumutendi nyangwe kumunhu asinganamate. Asi tikaramba tiri murudo rwaMwari tichiratidza zvipo zvemweya mutsvene uye matambudziko emunyika haangatiparadze.

KUSHINGARA NEMWOYO MUREFU: ISIMBA REKUENDERERA MBERI

"Ishe akukurisei, akuwanzisirei rudo pakati penyu nekune vamwe vose nokuna vose, sezvatinoita kuna vose, asimbise mwoyo yenu kuti isava nechipomerwa. Pamberi paMwari baba vedu, pakuuya kwalsh wedu, pamwe nevatsvene vose." (VaKorose 3:12)

Ndinodzokera kumagwaro senzira yekundirangaridza hunhu hwakafanirwa kuratidza nguva dzose. Ndinozviudza kuti kushingaira hakusi kuve nemwoyo murefu chete asiwo kuve nemaiitiro nemafungiro akanaka panguva yekumirira nekushingaira.

KUKUNDA MIEDZO KUNOPA SIMBA REKUSHINGAIRA

"Hama dzangu muti mufaro bedzibedzi kana muchiwira mumuedzo mizhinji muchiziva kuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobara kutsungirira."
(Jakhobo 1:2-4)

Mwoyo murefu chibereko chamweya mutsvene (VaGaratia 5:22) uyezve chipo ichi chinoiswa mumutendi wose akatendeuka. Kuratidza unhu

hwakadai kwakakoshera Mwari. Mwari vanoda kuti kuita hwakadai kuonekwe mumutendi wose.

Chitsauko chekutanga chebhuku raJakobho tinotiudza kuti tikarurama hapana chatinoshaya. Satani haagone kubata munhu ane mwoyo murefu uye anoshingaira nemaiitiro akanaka.

Jakobho anotidzidzisazve kufara pamatambudziko, tichiziva hedu kuti iyi inzira inoshandisa nashe kuvaka mwoyo murefu matiri. Zvinonzi neshoko zvinoitika pamatambudziko mazhinji. Ndinocherechedza kuti matambudziko mazhinji aya akaumba hunhu hwekushingaira nekova nemwoyo murefu mandiri ndikadzingira kure zvandaiita zvinosanganisira kuzvida, hasha, kutsutsumwa nekusatsuurika.

MUEDZO HERE, KANA KUTI KUVHIRINGIDZWA?

"Zvinovakasimuka pagomo rehori vakafamba nenzira yekugungwa dzvuk, kuti vanyenyeredze nyika yeEdhomu, vanhu vakapera mwoyo kwazvo."
(Numeri 21:4)

Kana ukayeuka kuti kusashingirira ndeimwe yemienzaniso yehunhu hwaiita murenje zvakaita kuti valsirayiri vadzungaire kwemakore makumi mana.

Zvaigoneka sei kuti vanhu ava vapinde munyika yechipikirwa nekudzingira kure ndudzi dzaigaramo kana vaisazvipira kushingaira pazvinhu zvidikidiki?

Ndinokukurudzira kushandisa namweya mutsvene achikudza chipo chekuva nemwoyo murefu mauri. Dzidza kutarisana nematambudziko mazhinji ehupenyu uine mwoyo murefu, unozorarama hupenyu hwakanaka husina marwadzo.

KUKOSHA KWEMWOYO MUREFU NEKUSHINGAIRA

"Nokuti munofanirwa kuva nekutsungirira, kuti kana maita kuda kwaMwari, muopiwa chipikirwa."
(VaHebheru 10:36)

Shoko rinoiudza kuti pasina mwoyo murefu nekutsungirira hatigone kugamuchira zvipikirwa zvaMwari, (VaHebheru 6;12) tinoudzwa kuti nekutenda nekutsungirira ndopatinopiwa zvipikirwa.

Anozvitutumadza anovimba nesimba rake achida kuti zvose zviitike munguva yake. Kuzvitutumadza kunoti maari zvaanotarisira ngazvitoitika izvozi.

Naizvozvo kuzvininipisa kunotenda mukuti Mwari vanoziva zvose, Mwari havanonoke. Munhu anoshingaira amomirira nemwoyo murefu, achibatsirwa

nesimba rekutyia Mwari maari. Asi uyo anozvitutumadza anoramba achingoda kuita icho neicho asina kugutsikana,

NZIRA YAKATWASUKA HAISIRIYO INOKUSVITSA PACHINANGWA CHAKO NGUVA DZOSE

“Munhu anoona nzira achiti yakarurama.” (Zvirevo 16:25)

Tinodzidza kuti munyaya dzemweya mutsetse wakatwasuka hauziwo unokurumidza kutisvitsa pachinangwa chako. Unogona kuva mutsetse unokusvitswa mukuparadzwa.

Tinofanirwa kudzidza kumiriira munashe, nyangwe zvikaita kunge Mwari vari kutenderera kuti svitsa pazvinangwa zvedu.

Pane vatendi vakawanda pasi rose vasingugutsikane, vasina kusanana netarisiro muupenyu nekuti vari kumirira kuti zvavanotarisira zviitike. Vanhu ava varikunoedza kuti zvinhu zvitike asi vasina mwoyo murefu munaMwari, kuti ivo Mwari vavaropafadze munguva yavo.

Pakuedza kumirira kuda kwaMwari, wakaipa anokuedza nguva dzose achida kuti uite chimwewo chinhu. Achida akukufambisa mumanyukunyuku anodiwa nemifungo yenyama achiziva kuti mifungo isina Mwari haibudirire. (Johani 6:63, VaRoma 13:14). Kusava nemwoyo murefu mucherechedzo wechindini nekuzvitutumadza izvi zvinoshandurwa chete nekuzvininipisa.

ZVININIPISE UMIRIRE KUONA KUBATA KWAMWARI

“Naizvozvo zvinipisei pasi paruoko rwune simba rwaMwari, kuti akukudzei panguva yakafanira.” (1Petro 5:6)

Ndima iyi inoti zvirereke hairevi kuti usazvikoshese kwete. Ipfungwa inoreva kuti usafunga kuti unogona kупедза matambudziko aunosangana nawo wega usina Mwari. Kunze kwekuzvitutumadza nekufunga kuti tinogona kупедза matambudziko edu toga tinofanirwa kudzidza kuzvininipisa.

Panguva yatinenge takamirira kubata kwaMwari muhupenyu hwedu tinoramba kufamba mumanyukunyuku, tichitendera kuti hunhu hwekuzvitutumadza, nenzira dzekuzvivimba nadzo netarisiro yekuitirwa zvose munguva dzatinoda dzibve matiri. Izvi ndizvo zvinozadzisa shuviro yaMwari matiri.

Nguva dzose ngatitererei zvatinoudzwa naMwari. Tokura mukutya Mwari tigorega kuzvitutumadza nekuva nechindini. Ngatirangarirei kuti kuzvitutumadza ndiwo mudzi wekusava nemwoyo murefu zvinotitadzisa

kushingaira. Anozvida anoti mumwoyo make musandinonokera, ndikurumidzireiwo.

Panguva yekuedzwa uchivhiringidzika nekusagadzikana kunokonzerwa nekushaya mwoyo murefu, ndinokukurudzira kuti uti, "Ishe kuda kwenyu ngakuitwe munguva yenu", handide kukumhanyirai, handidi kusaririra mutarisiro dzenyu, uye ndibatsirei Mwari kuva nekushingaira nemwoyo murefu mamuri."

Chitsauko 21

“Maitiroangu angava akashata, asihaisimhosva yangu.”

Mufungo Wemurenje #6

**“Murume akati, mukadzi wamakandipa kuti ndivenaye, akandipa muchero kubva mumuti, ndikadya...
...mukadzi akati, nyoka yakandinyengedza ndikadya.” (Genesi 3:12, 13)**

Kusada kugashira kutadza kwako, kutsvaga wokupomera panezvinenge zvakanganisika, ndizvozvinonyanyokonzerza kuva nepfungwa yekugaramurenje.

Tinoona dambudzikio iri richibva pakutanga. Pavakasangana nedamudzikio rekutadza

Kwavo mubindu reEden, Adamu na Eva vakapomerana mhosva, vakapomera Mwari pamwe nadhiabhurosi. Apa vaitadza kungobvuma kutadza kwavo.

IMHOSVA YAKO!

“Zvino Sarai, mukadzi waAbhuramu wakanga asina kumuitira mwana. Wakange ane murandakadzi muljipiti, wainzi Hagari. Sarai akati kuna Abhuramu, ‘TariraJehovha wakandikonesa kubereka, pinda hako kumuranda wangu, zvimwe ndingawane vana naye. Abhuramu wakateerera shoko raSarai.

Zvino Sarai mukadzi waAbhuramu wakatora Hagari muljipiti, murandakadzi wake akamupa kuti ave mudzimai womurume wake Abhuramu, akange agara makore anegumi panyika yeKenani. Akapinda kuna Hagari, iye akatoramimba. Zvino wakati aona kuti avanemimba, akashora zvikuru vatenzi vake. Ipapo Sarai akati kuna Abhuramu, kukanganisa kwangu ngakuve pamusoro pako; ndini ndakakupa murandakadzi wangu pachifuva pako, zvino iye wakati aona kuti avanemimba, akandishora; Jehovha ngaatonge pakati pangu newe.

Abhuramu akati kuna Sarai, ‘Tarira murandakadzi wako ariparuoko rwako, umuitire sezvaunoda.’ Zvino Sarai wakamunetsa akatiza.”

(Genesi16:1-6)

Zvimwechete zvakaitika pakati paAdhamu naEva, ndizvo zvimwechete zvirikitika mukusawiriana pakati paAbhuramu naSarai. Vakanga vaneta nokumirira kuzadziswa kwechivimbiso chaMwari chekuti vachawana mwana, saka vakadzoka munyama ndokuita zano ravo. Pazvakazokanganisika, vakananga zvino kupomerana mhosva.

Kumashure uko ndakaona zvimwechete, kazhinji mumba mangu pakati pangu naDave. Zvinoita sekuti nguva zhinji tino nzvenga nyaya dzemuupenyu, tisingadi kutarisana nezvaiitika.

Ndinonyatsorangarira ndichinamatira Dave kuti asanduke. NdaiverengaBhaibheri rangu ndonyatso onazvihinji zvaakanganisa, uye kuti aifanira kusandura maitiro.

Pandakaramba ndichinamata, Mwari vakatanga kutaura nenii vakati, "Joyce, Dave Haasiye anedambudziko, asindiwe."

Ndakapererwa. Ndakachema ndikachema. Ndakaungudza kwemazuva matatu nekuti Mwari vakange vave kundiratidza kuoma kwazvaive zvakaita kugaraneni mumba imwechete. Vakandiratidza kuti ndaida kuva nechokuita nezvese zvaiitika, kuramwa nekungochemachema nguvaladzose, kuoma kwazvaive kutinalifadzwe, kugara ndichishora nezvimwe zvihinji. Zvakandizunguza pachindini changu, asi kwakava kutanga kwangu kwekudzoreredza munaMwari.

Sevazhinji ndaipomera mhosva umwe munhu kana zvime zvandisingakwanise kumisa. Ndaifunga kuti ndaiita zvakadai nekuti handina kubatwa zvakakanaka, asi Mwari vakandiratidza kuti, "Unogona kunge wakambunyikidza kutiuodai, asi usarega kumbunyikidza ikoko chichiva chikonzero chokuramba wakadaro!"

Wakaipa anoshanda zvakanyanya mupfungwa dzedu-achivakanheyo dzinotitadzisa kutarisana nechokwadi. Chokwadi chinoku sunungura uye iye anozviziva izvozvo!

Handifungi kuti pane chimwe chinhu chingarwadza mupfungwa kupfuura kutarisana nechokwadi chezvatiri nemaitiro edu. Nekutizvinorwadza, vazhinji vanotiza kubva kwazviri. Zvirinyore kutarisana nechokwadi cheumwemunhu, asi kana zvavakwatiri tinowana zvakaoma zvikuru kuzvigamuchira.

DAI...

"Ipapo vanhu vakapopota Mwarina Mosesi vakati 'makatibusireiko kuljipiti kuti tifire murenje? Nokuti hapana zvokudya, hapana mvura, mweya yedu inosema zvokudya izvi zvakaipa.' "(Numeri 21:5)

Kana muchirangarira, valsraeri vaichemachema kuti matambudziko avo ese yaiva Mhosva yaMwari naMosesi. Vakaramba kutarisana nechokwadi chekuti ivo vaive nechekuita nezvakaita kuti vapedze nguva refu varimugwenga. Mwari vakandiratidza kuti ndiyo imwe yemifungo yemurenje yakavagarisamo kwemakore makumimana.

Ndicho chimwe chezvikonzero nei ndakatora nguva huru kwazvo ndichitenderera makomo eupenyu hwangu. Zvikonzero zvangu sei ndaiita maitiro akaipa aya hazvaiperia:

"Dai ndakanga ndisina kushungurudzwa ndichiri mudiki, ndaidai ndisingaitie zvakaipa."

"Dai vana vangu vachindibatsira zvakanyanya, ndaiita zvirinane."

"Dai Dave asingaendi kunotamba mutambo wegorofu neMugovera, Ndaisazo mutsamwira."

"Dai Dave achitaura neni nguva zhinji, ndaidai ndisingasurukirwi."
"Dai Dave achinditengera zvipo zvakawanda, ndaidai ndisingangoone zvakaiipa."
"Dai ndanga ndisinga sevenzi, ndaidai ndisinganyanyoneta."(Saka ndakasiya basa, asi zvakaramba zvakadaro...)
"Dai ndichimbwana nguva zhinji yokumbobuda mumba, handaizo surikirwa!"
"Dai tange tiine mari yakawanda..."
"Dai tange tiine imbayedu..."(saka takatenga imba, asi zvakaramba zvakadaro..)
"Dai tange tisina zvizhinji zvokubhadhara..."
"Dai tiine vavakidzana varinane kana dzimwes hamwari..."
Dai! Dai! Dai! Dai! Dai! Dai! Dai! Dai!

ASI...

"Zvino Jehovha akati kuna Mosesi, 'Tuma varume kuti vandoshora nyika yeKenani yandichapa vana valsraeri; utume mumwe, worudzi rumwe norumwe rwamadzibaba avo; vose vave varume vakuru pakatipavo. Mosesi akavatuma vakabva murenje reParani, nokurairwa kwaJehovha, vose vavo varivarume vaiva vakuru vava navalsraeri.
Mazuva anamakumi mana akati apera vakadzoka pakushora nyika. Vakasvika kuna Mosesi na Aroni neungano yose yevana valsraeri murenjer eParani paKadesh, vakavaudza mashoko nokuvaratidza ivo neungano yose zvibereko zvenyika iyo. Vakamuudza, vakati, 'takaenda kunyika iyi kwamakatituma; zvirokwazvo inoerera mukaka nouchi; izvi ndizvo zvibereko zvayo. Asi vanhu vagere munyika iyo vanesimba, maguta akakombwa namasvingo makuru kwazvo, uye takaonapo vana vaAnaki."
(Numeri13:1-3,25-28)

"Dai"na"Asi" ndiwo mashoko ehunyengeri akaipisia anoisa naSatani mupfungwa dzedu. Vasori vakatumwa kunyika yechipikirwa vakauya nesumbu rimwe remazambiringa, raiva rakakura zvokuti raitoda varume vaviri kuritakura padanda, asi mashoko avakapa kuna Mosesi neungano aive asina zvakanaka. Shoko rokuti, "asi" ndiro rakavakunda! Vaifanira kunge vakaramba vakatarira panaMwari, panekutarira dambudziko ringavapo. Chimwe chinoita kuti tikundwe nematambudziko edu ndechekeuti tinofunga kuti matambudziko aya makuru kupfuura Mwari. Zvinogona kuva zvirizvo zvinokonzerza kuti tisakwanisa kutambira chokwadi. Hatina kutendeseka kuti Mwari vanokwanisa kutishandura, saka tinohwanda kuzvatiri pane kutarisana nechokwadi cheizvotiri.
Iyezvino hazvisisina kundiomera kutarisana nechokwadi chezvandiri apo Mwari vari kundigadzirisa, nokuti ndinoziva kuti vanokwanisa kundisandura. Ndakatoona zvavanokwanisa kuita uye ndinovimba navo. Asi zvichakadaro pandakatanga kufamba naye zvaindiremera. Ndakange ndapedza nguva zhinji yeupenyu hwangu ndichihwanda zvakasiyana siyana. Ndainge ndagara murima kwenguva huru zvokuti kubuda kupinda muchiedza zvaisava nyore.

CHOKWADI MUMUNHU WOMUKATI

"Ndinzwirei tsitsi nokuda kwounyoro hwenyu; Dzimai kudarika kwangu nokuda kwengoni dzenyu zhinji. Ndisukei zvakaipa zvangu chose, ndinatsei chivi changu.

Nokuti ndinoziva kudarika kwangu; chivi change chinogara chiripamberi pangu.

Ndakakutadzirai imi iyemimega; ndakaita chinhu chakaipa pamberi penyu; kuti munzi makarurama pakutura kwenyu, muve musina mhosva pakutonga kwenyu. Tarirai ndakaberekwa muzvakaipa, mai vangu vakandigamuchira muzvivi. Tarirai munoda zvokwadi pamwoyo; Munoda kundidzidzisa uchenjeri mukati makavanda." (Mapisarema51:1-6)

Mubhukure Mapisarema 51, Dhavidha waichema pamberi paMwari achidangoni

dzavo nokuti Mwari vange vamuratidza kutadza kwake naBhatisheba uye kuuraya kwaakaita murume wake. Ungazvibvuma here kuti chivi chaDhavidha change chaitika gore rose, chinyorwa chisati chavapo. Nguva yese iyi, Dhavidha haana kunge agona kutarisana pamwe nekubvuma chivi ichi. Akanga asina kutarisana nechokwadi uye nokuda kweizvi haaikwanisa kureurura. Kusvika areururawo, Mwari havaikwanisa kumuregerera.

Vhesi yechitanhatu inesimba chose. Inoti iyo, Mwari vanoda chokwadi kubva "mumunhu womukati"; Izvi zvoreva kuti kana tichida kuwana maropafadzo aMwari, tinofanira kubuda pachena kwavari nokuda kwedu pamwe nezvivi zvedu.

KUREURURA KUNOTANGA, KUREGERERA KOTEVERA

"Kana tichiti hatinazvivi, tinozvinyepera, zvokwadi haizimatiri. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye wakatendeka wakarurama nokudaro kuti unotikanganwiraz vivizvedu, nokutinatsa pakusururama kose. Kana tichiti hatina kutadza tinomuita murevi wenhemu neshoko rake harisimatiri."

(1Johani 1:8-10)

Mwari vano kurumidza kutiregerera kana tikareurura muzvokwadi, asi hatingakwanisi kureurura zvakakwana kana tisina kutarisana nekubvuma chokwadi chezvatakaita. Kubvuma kuti takakanganisa asi towana chimwe chikonzero chekuti seindakaitaizvi haisiyo nzira yaMwari yokutarisana nechokwadi. Nguva zhinji tinoda kuzvinatsa Mumaitiro edu asi Bhaibheri rotiudza kuti kunatswa kwedu kurimunaJesu Kristu. (VaRoma 3:20-24.)

Iwe nenitinocheneswa mushure mokutadza neropa chete rajesu Kwete nezvikonzero zvedu.

Ndinorangarira rimwezuva apo muvakidzani wangu akandikumbira kuti Ndimuperekedze kubhanga risati ravhara nekuti motokari yake yaininge yaramba kumuka. Ndainge ndakabatikana ndichiita "zvinhuzvangu" saka

ndakaramba nokumujinyura. Ndichingoisarunhare pasi, ndakaziva kuti ndainge ndamukanganisira ndaifanira kumuridzira runhare, ndokumbira ruregerero dobva ndaenda naye kubhangwa kwaaida kuenda.

Pfungwa dzangu dzainge dzakazara nezvikonzero zvokumupa nekuda kwemaitiro andainge ndaita kwaari: "Ndange ndisiri kunzwa zvakakanaka..." "Ndange ndakabatika..." "Zvinhu zvanga zvisiri kundifambira zvakakanaka zuvairi..."

Asi pasi pasi mumwoyo mangu ndakanzwa Mweya Mutsvene vachindiudza kuti ndisape zvikonzero!

"Muridzire runhare umuudze kuti wakanganisa chete! Ingotichete, ndakanganisa pane zvandaura uye hapanachimwe chikonzero. Ndiregererewo pane zvandaita wondibvumira kuti ndikuperekedze kubhangwa." Rega ndikuudze kuti zvainge zvakaoma kuita. Nyama yangu yaitsva. Ndainzwa chinhua chaimhanya mumweya wangu chichitsvaga pekuhwanda. Asi haungahwandi chokwadi nekuti chokwadi Ndicho chiedza.

CHOKWADI NDICHO CHIEDZA

'Pakutanga shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari. Ireri pakutanga rakanga riri kunaMwari. Zvinhu zvese zvakaitwa naye, kunze kake hakuna kana chimwe chakaitwa. Vupenyu bwaiva maari; vupenyu bwaiva chiedza chavanhu. Chiedza chinovhenekera murima; asi rima harina kuchikunda.' (Johani 1:1-5)

Chokwadi ndicho chombo chikuru kukunda humambo hwerima. Chokwadi chiedza, uye Bhaibheri rinoti, rima harina kumbokunda uye harigoni kukunda chiedza. Satani anoda kugara akaviga zvinhu murima, asi Mweya Mutsvene anoda kuzviunza pachiedza ozvigadzirisa kuti iwe nenii tisunungurwe muzvokwadi. Jesu akati chokwadi choga ndicho chinogona kutisunungura. (Johani 8:32)

Chokwadi chinobudiswa nemweya wezvokwadi.

MWEYA WEZVOKWADI

"Ndine zvishinji zvandinoda kukuudzai asi hamugoni kuzvigamuchira zvino. Asi kana asvika iyemweya wazvokwadi, uchakutungamirirai muzvokwadi yose..." (Johani 16:12-13)

Jesu angadai akataridza vadzidzi vake chokwadi chose asi akazviziva kuti vaine vasina kugadzirira pangwa iyi. Akavaudza kuti vaifanira kumirira kusvika Mweya Mutsvene adzika kudenga agaranavo uyemavari. Mushure mekunge Jesu aendaku musoro kudenga, akatuma Mweya Mutsvene kuti ashande nesu, achitigadzirira nguva dzose kubwinya kwaMwari kwaizoratidzwa matiri muzvikamu zvakasiyana. Mweya Mutsvene angashanda seiko matiri kana tisingakwanise kumirira chokwadi?

Anonzi "Mweya wazvokwadi". Basa rake guru nderokuti iwe nenii tikwanise kutarisana nechokwadi-kutiunza munzimbo yezvokwadi nokuti chokwadi chete ndicho chichatisunungura. Chimwe chinhu chakaitika muupenyu hwako kumashure uko, munhu kana chimwe chiitiko chakakurwadza chinogona kuva chiriicho chinoita uiite zvakashata, asi usa tendera izvi kuti zvive zvikonzero zvokuti urambe wakadaro.

Maitiro angu mazhinji aibva mukushungurudzwa pabonde, nemashoko, uye Pamweya wangu kwemakore mazhinji-asi ndainge ndakabatwa mukuita zvakaipa pese pandaishandisa izvi sezvikonzero zvemaitiro angu.

Zvakafanana nekureverera muvengi wako uchiti; " ndino venga chinhu ichi ndikosaka ndichichichengeta."

Unokwanisa kuwana rusununguko rwechokwadi kubva muubatwa hwese. Haufaniri kупедза makore makumi mana uchitenderera mugwenga. Dzimwe nguva wakatopedza makore makumi mana aya kana kupfuura uchitendera ko nokuti wainge usingazivi kuti mufungo wemurenje uyu ndiwo waikugarisa ikoko, nhasi rinogona kuva zuva rako rokuita sarudzo. Kumbira Mwari vatange kukuratidza chokwadi

Maringe newe. Kana vakuratidza, ramba wakabatirira! Hazvisinyore, asirangarira, vakavimbisa, "handizokusiyi kana kukurasa."(VaHebheru13:5)

Utorimugwara rokubuda murenje; fara munyika yechipikirwa!

Chitsauko 22

“Upenyu hwangu hunorwadza; ndinozvinzwira urombo nekuti upenyu hwangu hunosiririsa.”

Mufungo Wemurenje #7

“Zvinoungano yose yakachema zvikuru; vanhu vakachema usiku ihwohwo. Vana valsraeri vose vakapopota vakasvora mamiriro ezvinhu...”
(Numeri14:1,2)

Vana valsraeri vakazvinzwiratsitsi chose. Zvose zvavaisangana nazvoz vaibva Zvave zvikonzero zvitsva zvoku zvidemba. Ndinorangarira Mwari pavakataura nenii pandaizvidembawo. Vakati, “Joyce unogona kunzwisatsitsi kana kuvamunhu anesimba, asi haungavi zvose nguva imwechete.”

Ichi ndicho chikamu chandisingadi kukurumidza kubvapachiri. Zvakakosha chose kuti tinzwisise kuti hatifaniri kutendera madhimoni ekuzvizwira tsitsi achitibata, asi tifambe musimba raMwari!

KURUDZIRANAI, MUVAKANE

Saka nyaradzanai, musimbisane sezvamunoita.¹ Vatesaronika 5:11 Kuzvinzwiratsitsi chaive chinhu chakaoma kutindisiye. Ndainge ndachishandisa kwemakore mazhinji kuzvinyaradza pandairwadziwa. Paunongorwadziswa neumwe munhu, patinosangana nezvinogumbura, wakaipa anotuma mutumwa wake kuti azevezere nhema kwatiri dzekuti tambunyikidza nekubatwa zvakaipa.

Chaunoda kuita chete kuteerera mifungo inouyama uripanguva iyi kuti uone Mashandisirwo anoita kuzvinzwiratsitsi nowakaipa kuti tirambe tirimuhubatwa. Bhaibheri, haritipe mukana wokuzvinzwiratsitsi. Tinofanira kukurudzirana Nokuvakana munaMwari. Panechipo chechokwadi chokunzwiravamwe tsitsi Vanenge varikudzimbikana, totoranguva tichivarerutsira mutoro. Asi kuzvinzwira tsitsi kwakaipa, nokuti kunotora icho Mwari vakaisa kuti chiitirwe vamwe, tochiisa kwatiri.

Rudo runoita zvimechete. Varoma5:5 inoti, rudo rwaMwari rwakaparadzirwa muhana dzedu naMweya Mutsvene. Akaita izv ikuti tigoziva rudorwaMwari kwatiri, uye tigokwanisawo kuda vamwe. Patinotora rudo rwaMwari rwaifanira kupiwa vamwe toruita rwedru, zvinoratidza chindini nokuzvifunga izvo zvinotiparadza. Kuzvinzwiratsitsi kutori kunamata chifananidzo–kuzvitarira, mumanzwira edu, zvoita kuti tingozviona isu, kutarisa zvatinoda chete, uku kurarama kusina maturo.

FUNGA VAMWE

"Mumwe noumwe ngaarege kutarira zvake asingatariri zvevamwevo." (VaFiripi 2:4)

Munguva shoma yapfuura panerimwe gungano ratainge takokwa kutifitizonge tichitura mashoko, pakazongonzi mutambo wambomiswa. Ndainge ndakatarisira zvikuru chiitiko ichi, zvekuti ndakambogumbuka. Pane nguva yekuti zvakadai zvaiti zvikaitika, ndaizvidemba, kutsoropodza, kutonga vamwe nemifungo nokuita zvakaipa pamusoro pazvo. Ndakadzidza kuti munguva dzakadai ndiwane nguva yokunyarara, zvirinane kunyarara pane kutaura mashoko asiwo.

Pandainge nadigere ndinyerere, Mwari vakatanga kundiratidza chiitiko ichi Nemumaonero evaridzi vemutambo. Vainge vatadza kuwana nzvimboyokuitira gungano iri Mwari vakandiratidza kurwadziwa kwavainge vaita nekukundikana uku. Vainge vakatarisira chose gungano iri, asi zvino rainge rakundikana.

Zvinoshamisa kwazvo kuona kuti zvirinyore sei kubuda mukuzvinzwira Tsitsi kana tikatarisa nemuono wevamwe vanhu kwete wedu chete. Kuzvinzwiratsitsi kunofambidzana nokuzvifunga isu chete kwetevamwe.

Tinotora simba redurose tichiedza kunzwirwa tsitsi. Kuzvinzwira Tsitsi igomba guru rinoshandiswa naSatani kuti tirambe tirimugwenga. Kana tikkasangwara tinogona Kutoguma tisisakwanisi kugara tisirimugwenga iri.

Kujairira chinhu zvokusakwanisa kurarama usinacho kunoitika kwega kuri kudaira kuchimwe chinhu-chingave chawakadzidza chikatyokera.

Unotora nguva yakadii urimukuzvidemba? Unoita sei kana washungurudzika? MuKristu anoita zvakasiyana nevazhinji kana asangana nekushungurudzika-Anogona kupiwa mumwemukana zvekare. MunaMwari munemukana wekutanga patsva. Kuzvinzwira Tsitsi nerimwedivi kunoramba kwakatisunga muzvakapfuura.

REGEDZA, UREGERE MWARI VAITE!

"Musarangarira zvinhu zvakapfuura, musafunga zvinhu zvakare. Tarirai ndicha ita chinhu chitsva chobuda zvino; hamungachizivi here. Ndicha ita nzira murenje nenzi musango. "(Isaya 43:18,19)

Ndakapedza nguva zhinji youpenyu hwangu ndichizvinzwira tsitsi. Ndainge ndatova mumwe akajairatsika iyi. Pese pandaishungurudzika, ndaipinda pakuzvinzwira tsitsi.

Satani aikurumidza kuzadza pfungwa dzangu nezvakaipa, uye kusakwanisa "kugona kufunga, pamusoro pezvandaifunga" ndaingofunga pamusoro pechero chinenge chapinda mumusoro mangu. Mukuramba ndichifunga ndimo mukunyura kwandaiita mukuzvinzwira tsitsi.

Ndinogarotaura pamusoro pemazuva edu okutanga taroorana. Svondo yega yega munguva yemitambo yebhora, Dave aida kuona nhabvu pachivhitivhi.

Kana yaisava nguva yenhabvu, aiona mimwe mitambo inenge iripo. Dave ainakidwa chose nemitambo iyi asi ini hazvaindinakidza zvachose. Dave ainakidza zvikuru nemitambo zvokuti aigona kuona chero upizvawo mutambo zvokuti aikanganwa kuti ndiripo.

Paneimwe nguva ndakamira pamberi pake ndikati, "Dave, handisikunzwa Zvakakanaka zvachose ndonzwa kungendichafa."

Asina zvake kana kutombobvisa meso ake kunditarisa akati, "Hongu, zvakakanaka Mudikanwi". Ndaigara ndakatsamwa zvikuru misi yese yeSvondo masikati. Pese pandaitsamwiswa naDave ndaibva ndatsvaira nekurongedza mumba. Ndaizviitira kuda kuti abatikane nokuona ini ndichishanda iye akagara achinakidza zvake.

Ndaibva ndatora nguva zhinji ndichitenderera nemba ndichirovera magonhi nezvinhu ndichidarika nemaive nemitsvairo kuti aone kuti ndaishanda zvakaomarara sei.

Ndaizama kuti ambosiya zvaaita andionewo, asi iye aisambozviona zvake. Ndaizokanda mapfumo pasi ndoenda kuseri kwemba ndogara pasi mumba Yekugezera ndochema ndiriko. Kunyanya kuchema kwandaiita ndiko kunyanya upisa tsitsi kwandaizvinzwira. Mwari vakazondizarurira makore mazhinji akatevera kuti sei mudzimai achienda muimba yekugezera kunochema. Vakanditaurira kuti nekuti munechiringiro chakakura imomo saka mudzimai akapedza kuchema anozvitarisa ipapo achiona kunzwisa tsitsi kwaanenge achiita.

Dzimwe nguva ndaiti ndikatarisa mufananidzo wangu muchiringiro umu ndaibva ndatanga kuchema zvekare. Pakupedzisira ndaichifamba zvishomashoma ndichipfuura nemaiva naDave ndichinzwa tsitsi. Dzimwe nguva aigona kumbonditarisa kwechinguva obva ati ndimuunzire chinwiwa chinotonhorera kubva kumbayokubikira.

Chokwadi ndechekuti izvi zvaisashanda. Ndaizvinetesha pamweya-zvokuguma ndonzwakurwara panyama nekuda kwezvandinenge ndazvipinza mazviri zuva rese.

Mwari havakudzinkuri noruoko rwako asi noruoko rwavo. Mwari chete ndivo Vanokwanisa kusandura vanhu! Hapana mumwe kunze kwaivo vemasimbaose aikwanisa kuita kuti Dave arege kufarira mitambo sezvaaита. Pandakatanga kuvimba naMwari nokurega kuzvidemba nguva dzose, Dave akazotangawo kungorega kuona mitambo yose yose.

Achiri kufarira zvake mitambo asi ini hazvichandibati. Ndinotora mukana iwoyo kuita zvinhu zvinondifadza. Kana paine zvandinenge ndichida, ndinokumbira Dave Zvine rudo kwete nehasha, uye nguva zhinji Dave anobvuma kusiya zvaanenge achiita. Pane nguva zvapo, uye iripo nguva yakaderoyokuti Dave anoramba Zvandinenge ndichida. Pandinonzwia ndavakuda kutsamwa ndinotanga kunamata, "Mwari wangu, ndibatsirei ndikunde muedzo uyu. Handichada kudzokera kugomo iri zvekare!"

Chitsauko 23

"Handifanirwi neropafadzo yaMwari nekuti handikodzeri."

Mufungo Wemurenje #8

"Jehovha vakati kunaJoshua, nhasi ndabvisa kwamuri kuzvidzwa kwamakazvidzwa nako navaljipiti. Naizvozvo nzvimbo iyi yakanzi Girigari kusvika nhasi." (Joshua 5:9)

Mushure mokunge Joshua atungamirira vanavalsraeri kusvika mhiri kwerwizi Jorodhani vachipinda munyika yechipikirwa, pane chinhu chaida kuitwa naMwari kuvagadzirira kuti vakwanise kupamba nekugara kuguta ravo rokutanga raivaJeriko.

Mwari vakaraira kutivarume vose velsraeri, vachecheudzwe, sezvo izvi zvakange zvisina kumboitwa kwemakore makumi mana avaive vapedza vachitenderera murenje. Izvi zvaitwa, Jehovha vakaudza Joshua kuti vainge vabvisa kuzvidzwa kweljipiti pavanhu vavo.

Mavhesi mashoma anotevera muchikamu chechitanhatu, nhoroondo inotanga kuti Mwari vakatungamira sei vana valsraeri kuti vakunde nekutora guta reJeriko. Ko, seiko kuzvidzwa kwaifanirwa kutanga kwabviswa kwavari. Kwaimbova kuzvidzwa kwei?

KUZVIDZWA KUNODUDZIRWA

Izwi rokuti kuzvidzwa rinoreva "kutukwa, kushorwa, kunyadziswa". Chekutanga ndecekuti Mwari pavakati vachabvisa kuzvidzwa kweljipiti vaireva izvi. Ijipiti inomirira nyika. Mushure mekuva munyika kwemakore mashoma nekuvavenyika, tese tinoda kubviswa kwekuzvidzwa kwayo.

Nokudak wezvinhu zvandakaita nezvakaitwa kwandiri, ndinengen dinehunhu hwakazvidzwa. Ndaizvipa mhosva panezvakaitika kwandiri kunyange zvishinji zvacho zvakaitika ndichiri mudiki pasina zvandaikwanisa kuita kuzvimisa. Takati nyasha ndiro simba raMwari rinouya kwatiri sechipo chinopiwa pachena kutibatsira kurerutsa zvingatiremera. Mwari vanoda kutipa nyasha asi Satani anoda kutipa kunyadziswa, ranova rimwe izwi rokuzvidzwa.

Kunyadziswa kwakandiudza kuti handaifanira-handina kukodzera kuwana rudo rwaMwari kana rubatsiro. Kunyadziswa kwakauraya munhuwangu womukati. Ndakanga ndisinganyari chetene izvo zvaingezvaitwakwandiri asi ndaizvinyarira ini. Mukatikati mangu ndaizvivenga ini pachezvangu.

Kubvisa kwaMwari kuzvidzwa kwedu zvinoreva kuti umwe neumwe wedu anofanira kugashira ruregerero rwavarikupa kuzvivi zvedu zvekare.

Unofanira kuziva kuti hauzombofanirwi neropafadzo yaMwari, haunakodzero nayo.

Unokwanisa chetek uzvininipisa wogamuchira nokufara mayiri wopa rumbidzo

Mukunaka kwavo uye murudo rwavo kwauri. Kuzvivenga, kuzviramba, kuramba kugashira ruregerero rwaMwari(nokuzviregerera), kusanzwisa kururama, kuburikidza neropa rajesu Kristu nemamwe matambudziko zvinoita kuti urambe uchitenderera murenje. Pfungwa dzako dzinofanira kusandurwa maringe nokumirira kwakanaka munaMwari, kuburikidzana Jesu, kwete namabasa ako.

Ndakagutsikana mushure memakore mazhinji muhushumiri kuti, matambudziko edu zvikamu makumi masere nezvishanu kubva muzana anobva mumatarisiro atinozviita isu. Wese munhu waunoziva arikufamba mukukunda arikufamba mukururarama.

Ndinoziva handina kufanirwa neropafadzo yaMwari, asi ndinoyi ngamuchira zvakadaro nokuti ndiri mudyiwenhaka pamwe naKristu.(VaRoma8:17). Akapiwa mubairo, ini ndinouwana nekuisarutendo rwango maari.

URI MUDYI WENHAKA HERE, KANA MUSHANDI?

"Saka iwe hauchirimuranda, asi mwanakomana, kana wava mwanakomana wave mudyi wenhaka yaMwari munaKristu." (VaGaratia 4:7)

Uri mwanakomana here kana muranda-mudyi wenhaka kana mushandi. Mudyi wenhaka ndiye uyo anopiwa chinhu kwete nekuti panezvaaita, zvakafanana nekupiwa kuburikidza newiri. Muranda, sezvino taurwa neBhaibheri, ndiye anenge aneta mukutevera mutemo. Izwi iri rinoreva akaremerwa nebara uye matambudziko.

Ndakatenderera kwemakore mazhinji murenje semuranda, ndichiedza kuva akanaka kuti ndiwane izvoMwari vaida kundipa pachena nenyasha dzavo. Ndaive nemufungo usiwo.

Pakutanga ndaifunga kuti munhu anofanira kuwana mubairo nekodzero: "Hapana anokuitira chinhu pasina muripo."Ndizvo zvandakadzidziswa kwemakore mazhinji.

Kazhinji kwazvo ndainzwa mazwi aya ndichikura. Ndakaudzwa kuti wese aiitakunge anoda kundibatsira pasina muripo ainyepa, pakupedzisira aizondishandisa. Zvatakadzidza kubva munyika ndezvekuti unofanira kuva nekodzero yekuwana zvese zvinouya kwauri. Kana uchida shamwari tinoudzwa kuti unofanira kugara uchidzifadza nekuti dzinogona kukusiya. Kana uchida kusimudzirwa pabasarako

Munhu wese anoti unofanira kuva newaunoziva, womubata zvakanaka: nerimwe zuva unozowana mukana wokuenda mberi. Patinezenge tapedza nenyika, kuzvidzwa kwayo kunenge kwave kutiremera zvekuti kunenge kwave kuda kubviswa.

IWE UNOZVITARISAWO SEI?

"Takaonapo vanhu varefu, vana vaAnaki, vanobva pavarefu; kana tichizvifananidza navo takanga takaita semhashu." (Numeri13:33)

Vana valsraeri, vaiva nokutukwa pamusoro pavo. Chokwadi chekuti vaiva Nemufungo usina kunaka pamusoro pavo chinoonekwa muvhesi iyi. Vasori gumi, pavasori gumi nevaviri vakaenda kundosora nyika yechipikirwa vana vese valsraeri vasati vayambuka rwiziJorodhani, vakadzoka vachiti nyika iyi yaiva nehofori dzavarume idzo dzaivaona semhashu, kana naivo vano zvionawo saizvozvo. Izvi zvinoratidza pachena kuti vanhu ava vanofungei pamusoro pavo ivo.

Rangarirai kuti Satani anogona kuzadza pfungwa dzako nemifungo yakaipa pamusoro pako, kana akabvumirwa. Akatanga kare kuvaka svingo mupfungwa dzako, zhinji dzacho pamusoro pako uye kuti vamwe vanhu vanofungei pamusoro pako. Anoita kuti usangane neapo unogona kurambwa, anozodzosazve kurwadziwa ikoko kwauri paunenge uchiedza kuenderera mberi neupenu.

Kutya kukundikana uye kutya kurambwa zvinochengeta vanhu vakawanda vari murenje. Kuva muljipita kwemakore mazhinji uye vari muupenyu hweuranda kwakasiya kutukwa pamusoro pevana velsraeri. Tichaona zvekare kuti rudzi rwose rwakabva kuljipita naMosesi kuenda kuniyika yechipikirwa Havana kupinda munyika iyi. Vana vavo ndivo vakapinda. Asi Mwari vakavaudza kuti vaifanira kubviswa kuzvidzwa kweljipita pamusoropavo.

Vazhinji vavo vakazvarirwa murenje mushure mekunge vabereki vavo vabuda muljipita. Saka ivo vaigovawo nekuzvidzwa kweljipita sei ivo vasina kumbogarako?

Zvinhu zvaiva pavabereki vako zvinogona kubatawo pauri. Tinogona kuwana kubva kuvabereki maitiro, mafungiro pamwe nedzimwe nhodzera. Mufungo wakaipa waiva pavabereki vako unogonakuwawo nawo. Mafungiro aunoita nekuda kweimwe nyaya

Anogona kunge akabva kuvabereki vako zvekuti iwehautombozivi kuti sei uchifunga saizvozvo.

Mubereki anozvitarisira pasi, achifunga kuti haabetseri, uye haakodzeri kuwana ropafadzo yaMwari anopa vana vake mifungo imwechete. Kunyangwe ndakambotaura pamusoro peizvik utanga kwebhuku rino, rega ndidzokorore zve kuti zvakakosha kuti uhive kuti unoefungei pamusoro pako. Mwari vanoda kukupa ngoni dzavo paunokundikana kana uchida kudziwana. Havapi kune avo vasina chavanokanganisa, asi kune uyo anoisarutendo neruvimbo rwake mavari.

KUTENDA KWAKO KUNAMWARI KUNOVAFADZA

"Kana kusina kutenda hazvibviri kumufadza. Nokuti unouya kunaMwari, unofana kutenda kuti iye uripo, uye kuti unopa vanomutsvaka mubairo wavo." (VaHebhuru 11:6)

Tarira kuti pasina kutenda haukwanisi kufadza Mwari; saka hazvina basa kuti Mabasa aka awakaits akanaka zvakadii, haangafadzi Mwari kana akaitwa kuti uwane tsvete navo. Zvese zvatinoitira Mwari zvinofanira kuva nekuti tinomuda kwete kuti tiwane chimwe chinhu kubva kwavari.

Rugwaro rune simba urwu runoti, Mwari vanopa mubairo kune avo vanovatsvaka nomwoyo wese. Ndakafara pandakaona izvi! Ndinoziva kuti ndakamboita mhosho kumashure uko asi ndino zivazve kuti ndinomutsvaka muzvokwadi nemwoyo wangu wese. Izvi zvinoreva kuti ndinekodzero yekuwana mubairo. Ndakazvipira nguva refuyapfuura kuti ini ndichawana ose maropafadzo Mwari avanoda kuti ndiwane. Mwari vaida kuendesa vana valsraeri kunyika yechipikirwa ukovaida kuvaropafadza kupfuura zvavangafunga, asi vaida kutanga vabvisa kuzvidzwa kubva pamusoro pavo.

Havaikwanisa kutambira ropafadzo ivo vakaremerwa nenyadzi, kusekwa nekushorwa.

KUVE PAMUSORO PEKUZVIDZWA

"Sezvaakatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene navasina mhosva pamberi pake murudo." (VaEfeso 1:4)

Rugwaro urwu rwakanakisa chose! MarwuriJehovah vanotiuza kuti tirivake uye oisa izvo anoda tivenazvo-kutifitive kuti tinodiwa, takakosha, uye kuti tinofanira kuva vatsvene, tisina chivi kana kuzvidzwa.

Tinofanira kuita zvose zvatinokwanisa kurarama upenu husina chivi. Asi tinotenda Mwari kuti kana tikatadza, tinokwanisa kuregererwa todzorerwa muhutsvene tova vasina chivi kana chipomerwa-zvesezvirimavari.

PASINA KUZVIDZWA KANA KUWANIRWA MHOSVA

"Zvino kana mumwe wenyu achishayiwa kuchenjera ngaakumbire kuna Mwari, unongopa vose, asingazotuki, uchapiwa hake." (Jakobho 1:5)

Iri nderimwe gwaro rinotidzidza kutambira kubva kuna Mwari pasina kupiwa mhosva. Jakobho aitaura kuvanhu vaive pakutongwa asizvino aivataurira kuti kanavachida Uchenjere kuna Mwari, vakumbire. Anopa chitsidzo kuti haazovawanire mhosva asi unovapa zvakadaro. Haukwanisi kubuda murenje usinakubatsirwa naMwari. Asi kana usina mufungo wakanaka pamusoro pako, kunyange akaedza kukubatsira, hauzokwanisi kugashira rubatsiro urwu. Kana uchida kuva neupenyu hune simba nebudiriro, iva nemifungo yakanaka pamusoro pako. Usangotarisa chete

kwaunofanira kusvika, asi tarisawokwawabva. Tarisa budiriro yawaita wobva warangarirawo VaFiripi 1:6:- “**Ndinechokwadi nechinhu ichi kuti iye wakatanga basa rakanaka mauri achaenderera mberi kusvika zuvara Jesu Kristu achirigadzirisa nokurizadzisa zvakakwana mamuri.**”

Chitsauko 24

“Ndotadzanei kuva negodo neruchiva apo vamwe vese vari nani kundidarika?”

Mufungo Wemurenje #9

“Zvino Petro akati achimuona (Johani), akati kuna Jesu ishe, ‘ko uyu uchaitiweiko?’ Jesu akapindura akati kwaari; ‘Kana ndikada kuti agare kusvikira ndichiuya, uneiko nazvo iwe? Unditevere iwe.’” (Johani 21: 21,22)

Muna Johani 21, Jesu aitaura naPetro maringe nematambudziko aaizosangana nawo mukumushandira nokumupa mbiri. Jesu paakango taura mashoko awa, Petro wakacheuka ndokuona Johani akabvunzaJesu kuti aivenezanoripi nokuda kwake. Petro aida kuva nechokwadi chokuti kana iye azopindavmumatambudziko, naJohaniwo aifanira kupindanawo nazvo. Mukupindura Petro, Jesu akamutaurira nemazwi akanaka kuti iye atarirane nezvake. Kuda kuziva zviri kuitika kune vamwe zvinoita kuti tigare nguva tiri murenje. Godo, ruchiva nepfungwa dzokungozvienzanisa nevamwe vanhu, ipfungwa yemurenje.

NGWARIRA GODO NERUCHIVA

“Mwoyo wakagadzikana ndihwo hupenyu hwemu viri, asi godorinoodza mapfupa.” (Zvirevo 14:30)

Ruchiva runogona kukonzera munhu kuti ave nehutsinye–kuita kunge mhuka Dzimwe nguva. Godo rakaita kuti vakoma vaJosefa vamutengese muhuranda. Vaimuvenga nokuti baba vavo vaimuda zvikuru.

Kana paine umwe mumhuri menuy anogona kunge achidiwa kupfuura vamwe, usavenge munhu uyu. Vimba naMwari woita izvo anoda kuti uite-tenda kuti anokuwanira tsvete ipapo uchaguma wava saJosefa, kuropafadzwa zvikuru.

Bhuku remunyori anonzi Vine rironzi, An Expository Dictionary of New Testament Words' rinoti, godo, kunzwa kusafadzwa mushure mokunzwa kubudirira kwevamwe vanhu. Webster anoti; godo kunzwa ruchiva, kubatikana kana kurwadziwa. Ini ndinoti,

Kutya kurasikirwa nezvaunazvo kune umwe munhu; kurwadziwa nokubudirira Kwevamwe zvichibva muruchiva.

USAZVIENZANISA WODA KUKWIKWIDZA

"Zvino nharo dzakamuka pakati pavo kuti ndiani kwavari uchanzi mukuru. Jesu akati kwavari, 'Madzimambo avahedheni anesimba pamusoro pavo, navabati vavo vanonzi vabatsiri. Zvino imi musadaro asi mukuru kwamuri ngaave somuduku, nomutungamiriri souno shumira." (Ruka 22:24-26)

Ndichiri mudiki ndainetseka chose negodo, ruchiva nokuda zvavamwe. Izvi Zvinowanikwa kazhinji kuvanhu vasingagutsikani. Kana tisingagutsikani nekukosha kwedu, tinowanikwa nguva zhinji tichikwkwidzana neavo vanenge vakabudirira zviri nane panesu.

Kunzwisia kuti ndaive munhu uyoMwari akaita nechinangwa naye, chinhu Chakandipa rusununguko munaMwari. Ndinoziva kuti handifaniri kuzvienzanisa neumwe munhu kana mushumiroyangu.

Ndinova netariro nokukurudzirwa chose kana ndotarisa kuti vadzidzi vaJesu vakanetsekawo nezvinondinetsa. Muna Ruka 22 tinoona vachiitisanu nharo kuti ndiani aive mukuru pakati pavo. Jesu unovapindura kuti mukuru ndiye uyo aiva akazvimisira kuva muduku kana uyo aida kuvamuranda. Mambo naishe wedu vakatora nguva zhinji kwazvo vachidzidzisa vadzidzi vavo kuti hupenyu hwemuhumambo hwavo, hwainge hwakasiyana chose nehwemunyika kana panyama. Jesu akavadzidzisa zvinhu zvakafanana nokuti, "wokutanga achava wekupedzisira uye wekupedzisira achava wekutanga." (Mako10:31); "Farai nevanofara." (Ruka15:6,9); "Namatirai vavengi venyu muropafadze vano kubatai zvakaipa."(Mateo5:44); Nyika inoti uhwu hupenzi asiJesu anoti ndiro simba rezvokwadi.

USAPINDA MUMAKWIKWI ENYIKA

"Tirege, kuzvikudza, tichimutsana mwoyo, tichigodorana." (VaGaratia 5:26)

Zvichienderana nemashandire epasirino nzvimbo yakanakisisa kuva, kumberi kwemunhu wese. Vazhinji voti tinofanira kusvika pamusoro zvisinei kuti ndiani atingakuvadza mukuita izvi. Bhaibheri zvino rotiudza kuti hakuna chatingati rugare kusvika tasunungurwa kubva mukukwkwidzana nevamwe.

Chero tika tarisa mimitambo inotarisirwa kuti ndeye kuzvifadza tinoona vanhu Vachikwkwidzana zvokusvika pakukuvadzana nekuvengana panekuti vanhu vafare zvavo pamwechete. Kazhinji vanhu havatambi mutambo kuti vakundwe, munhu wese anoda kukunda.

Zvino kana munhu asingakwanisi kunakidza nemutambo kana asirkukunda, zvoreva kuti anedambudziko. Dzimwe nguva dambudziko iri rakakomba zvokuti rinenge richikonzera mamwe matambudziko muupenyu hwake. Tino fanira kuita zvakanaka mumabasa edu, hapana chakaipa mukuita zvakanaka kuti tisimudzirwe mumabasa.

Ndinoda kuti urangarire kuti kusimudzirwa kwemuKristu kunobva kunaMwari, kwete kumunhu. Iwe nenii hatidi kutamba mitambo yenyika kuti Tienderere mberi muupenyu. Mwari vachatipa tsvete yavo uye mumeso evanhu, kana tikaita zvinhu nenzira yavo. (Zvirevo3:3,4)

Godi neruchiva zvinobva kugehena. Ndakagara makore mazhinji ndichiitira godi wese aiita zvirinane paneni kana aiva nechipo chandisina. Ndaikwikwidzana nevamwe vashumiri muchihwande. Ndaida kuti shumiro yangu ive hombe, yakabudirira uye inevanhu vazhinji. Kana ungano yeumwe yaivanane paneyangu, ndaida kufara pamwe naye nokuti ndaiziva kuti ndizvo zvinodiwa naMwari, asi chimwe chinhu mandiri hachaindibvumira.

Apo ndaikura mukuziva zvandiri munakristu kwete mumabasa, ndakawana kuti ndava nerusununguko mukusakwikwidzana nevamwe pazvese. Pandinoramba ndichivimba naMwari ndikokurambawo ndichi sununguka munzvimbio idzi. Ndakadzidza kuti baba vangu vari kumusoro vanondida uye vanondiitira zvose zvakandinakira. Zvaunoitira, kana zvandinoitira naMwari handizvozva angaitire mumwe munhu, asi tinofanira kurangarira zvakataurwa naJesu kunaPetro, "Usatsvaga kuti mumwe ndamuitirei-iwenditevere!"

Shamwri yangu akambopiwa chipo kubva kunaMwari ichonditarisira zvikuru Kuwana kwenguva refu. Ndaimuona asiri mutsvene kundipfuura saka ndakabatwa Negodo neruchiva paakauya kwandiri achifara kuzondiudza zvaaiive aiitirwa naMwari.

Pamberi pake ndakanyepera kufara naye asi mumwoyo mangu ndaive ndisingafari.

Paakanga aenda ndakatanga kunzwa dzimwepfungwa dzandakanga ndisingazive kuti dzaive mandiri. Ndakasvora chose kuti seiMwari vaka muropafadza, nokuti ndaisafunga kuti aive akakodzera. Ini ndaigara kumba ndichi namata ndichizvinyima zvokudya iye achifara zvake neshamwari dzake. Uri kuona here kuti ndainge ndakafanana nemuFarisi, anonyepera kunamata, apa inihandaimbozviona.

Mwari nguva zhinji vanoita kuti zvinhu zviitike zvatizingakwanisi kusarudza nokutiivo vanoziva zvatinoda. Ndaida kutanga ndabvisa mifungo nemaitiro akaipa zvaiva mandiri kunya ndisati ndagashira zvanditarisira kuwana kubva kunaMwari. Zvakakoshera Mwari kuti vaite zvime zvirongwa zvinoita kuti tikwanise kuona zvatiri chaizvo. Pasina izvozvo hatingazowana rusununguko.

Kana muvengi achiri kukwanisa kuvanda mumweya wedu, anorambo achirunzira zvatinoita. Asi kana Mwari vakamubudisa pachena, tinenge tatotanga rwendo rwerusununguko kana tikazviisa mumaoko aMwari, tovatendera kuita nekuchimbidza zvavanoda matiri.

Mwari vakagara vatozvinyora muupenyu hwangu kuti hushumiri hwangu hwaizobata vazhinji kuburikidza nedzinhepfenyuro nezvivhitvhiti, mabhuku

nezvimwe zvinyorwa. Asi izvi zvose zvaizongoitika chete zvichienderana nechiyero chandainge ndakura nacho maari.

IVA NEMUFUNGO MUTSVA!

"Vadikanwi, ndinoshuva pamusoro pezvinhu zvose ubudurire, uve waka simba somweya wako uchibudirira." (3 Johani 2)

Fungisisa pamusoro perugwaro urwu. Mwari vanoshuvira kutiropafadza kudarika ropafadzo ratinoshuvira. Vanotida zve, zvekuti havatipiropafadzo rinozotitadzisa kuvapambiri. Godo, ruchiva nekuzvienzanisa nevamwe ndezve hwanaudiki. Ndezve nyama zvisinei nemweya. Asi ndicho chimwe chikonzero chikuru chokugara murenje. Bata zvaunofunga pamusoro peizvi. Ukaona pfungwa dzakaipa dzokubata, taura

Wega kwekanguva. Iti, "Zvinondibatsirei kuitira vamwegodo. Hazviiti kuti ndiropafadzw. Mwari vane zvavakaronga nokuda kweumwe neumwe wedu, ndichavimba naye kuti anondiiitira zvakanaka. Hazvinei nen i zvaanosarudza kuiitira vamwe. "Wochibva wanamata kuti vanhu ava varopafadzw zvakanyanya.

Usatya kubuda pachena pane zvaunonzwa pamberi paMwari. Anoziva zvaunonzwa saka zvirinane kubva wangotaura naye pamusoro pazvo. Ndakambotaura mazwi akadai kunaMwari, "Ishe ndinonamatira_____ kuti aropafadzw zvakanyaya.

Itai kuti abudirire mumuropafadze chose. Baba ndiri kunamata izvi nokutenda nokuti mukati mangu ndinonzwa godo naye nokuzvitarisira pasi asi ndinosarudza kuita iyi nzira yenu, ndichinzwa kuda kana kusada."

Munguva diki yapfuura ndakanza umwe achiti hazvina basa kuti waita zvakanaka zvakadii, pane umwe anogona kupfuura ipapo. Chirevo ichi chakandibata nekuti ndinoziva kuti ichokwadi. Saka kana ichi chirichokwadi tinogotamburireiko muhupenyu nekuda kuvamberi kwevamwe vese? Patinongova wekutanga pazvinhu, umwe anobva atanga kukwikwidzana newe pozita umwe anogona kuita zvinodarika pane zvaunoita.

Funga kumitambo, zvinoratidza kuti hazvinabasa kuti wakunda kusvika pachiyero chipi, panoita mumwe anouya odarika ipapo. Ko, kune zvekufadza vanhu? Muimbi anogona kunge anembiri panguva iyoyo kwechinguva, pouyawo umwe anobva aenda pamusoro. Kuzvinyengedza sei kufunga kuti tinofanira kurwisa kuti tikunde vanhu vese -torwisa kuramba tiripo pamusoro. Mwari vakandiudza kudhara kuti panavanhu vanongouya voitambiri kwechinguvana. Nguva zhinji vanonyangarika sokuuya kwavanenge vaita. Vakandiudza kuti zviri nane kuvapo kwenguva refu uchiita izvoMwari vakati uite nemazvo. Vakandivimbisa kuti ivo vachaisa mbiri pandiri. Ini ndakazvipira kuita chavanoda kuti ndiite nekuti vanoziva

zvakandinakira. Iye anoziva zvandinokwanisa kuita kupfuura mazivire angu.

Kuda pfungwa dzako dzanga dzakabatwa paneizvi kwenguva refu. Pese pawaiona mumwe achiita seabudirira kukupfuura, waibatwa negodo

neruchiva nekuda kukwikwidzana naye. Kana chirichokwadi ndino kukurudzira kuti ivane mufungo mutsva.

Ita kuti pfungwa dzako dzifare nevamwe wovimba naMwari nokudakwako. Izvi zvingatora nguva nokushingirira, asi kana mufungo uyu ukabvarurwa panzvimbo pawo pakava neshoko raMwari, unenge wava munzira yokubuda murenje uchipinda munyika yechipikirwa.

Chitsauko 25

“Ndichazviita nenzira yangu chete; pasina izvozvo handizozviiti.”

Mufungo Wemurenje #10

**“Kuti tariro yavo ive kunaMwari; varege kukanganwa mabasa aMwari asi vachengeye mirairo yake varege kufanana namadzibaba avo-rwakanga rwuri rudzi rusingatereri, rwakamukira Mwari. Rudzi rwakaramba kururamisa mwoyo yavo, uye mweya yavo yakangaisina kutendeka kuna Mwari.”
(Mapisarema 78: 7-8)**

Vana valsraeri vakaratidza kusateerera munguva yavagara murenje. Ndizvo chaizvo zvakaita vafiremo. Vasaita izvo Mwari vaiti vaite! Vaizochema kunaMwari kuti avaburitse mumatambudziko avanenge vazviisa. Vaibva vaita izvo anenge ativaite kusvika zvinhu zvagadzikana, votangazve kusateerera. Izvi zvaiitika nguva dzose uye zvakanyorwa muTestamente Yekare kuti zvaisatendeka. Isu kana tisingafambi muhuchenjeri, tinoramba tichiita zvinhu zvimwechete. Ndinotenda kuti vamwe vedu tagara takaoma musorok udarika vamwe. Tinofanazve kutarisa kwatacabva kuti takatangasei hupenuy nekuti izvozvo zvinorunzira zvatiri.

Ndakazvizvarirwa ndirimunhu akasimba pamweya, uye ndingadai ndakatora nguva refu ndichida kuzviitira ndega. Asi makore andakatora ndichishungurudzwa nekuudzwa zvekuita, pamwe nekusimba kwangu pamweya zvakabatana kuumba pfungwa dzekuti hapana aizondiudza zvekuita. Mwari vaitofanira kutanga nekubvisa pfungwa dzakaipa idzi vasati vandishandisa.

Mwari vanoda kuti tisiye nzira dzedu kutanga tisati tapinda mumaoko ake kuti atiumbe. Kana tisingateerereri nokusananza, haatishandisi.

Ndinoti kusateerera, kuva munhu anonetsa kushanda naye, asingadzoreki, Asingateerereri kana achigadziriswa, anoramba kuteveraz vakatarwa. Izvi zvose zvinotaura zvandaive chaizvo!

Kushungurudzwa kwandakaita muupenyu hwangu kwakarunzira kusateera vakuru kwandaiita. Zvino sezvandambotaura kumashure uko, handikwanisi kuitakuti ichi chive chikonzero chokuramba ndakabatwa mukusateerera. Kurarama mukukunda kunoda kukurumidza nokuteerera Mwari. Tinokura mukukwanisa kwedu kuisapadiyi zvido zvedu toita kudakwake. Zvakakosha kuti tirambe tichibudirira mukuitaizvi.

Hazvina kukwana kuti usvike pane chimwe chinhando woti ndasvika pandinokwanisa. Tinofanira kuteerera pazvinhu zvese tisingasiye chinhu kana imwemisuwo inenge yaka vharirwa Mwari. Tine zvimwe zvinhu zvatinobatirira kwazviru, asi

Ndino kukurudzira kurangarira kuti mbiriso shomanana inopinda pachingwa chese. (1VaKorinde 5:6KJV.)

MWARI VANODA KUTEERERA KWETE CHIBAYIRO

"Samere akati, KoJehovah ungarira zvipiriso zvinopiswa nezvibayiro, Sezva anofarira izwi raJehovah here? Tarira kuteerera kunokunda zvibayiro, Nokunzwa kuno kunda mafuta amakondobwe. Nokuti kumukira Jehovah Kwakafanana nechivi chokuvuka, uye kusindimara kwakafana nekunamata zvifananidzo neterafimu. Zvawakaramba shoko raJehovah, naiye wakurambawo kuti urege kuva mambo." (1Samere15: 22,23)

Tika nyatsoongorora upenyuhwaSauro, tinoona kuti akapiwa mukana wokuva mambo. Haana kugara pachigaro kwenguva nekuda kwekusateerera. Aiva nemafungiro ake pazvinhu zvese.

Pane imwe nguva apomuporofita Samere aidzora Sauro pane zvakanga aregera kuita mhinduro yake yakave, 'ndaifunga kuti'. Akabva atsanangura mafungiro ake kKuti zvaifanira kunge zvakafamba sei. (1Samere10:6-8;13:8-14.)

Mhinduro yaSamere kwa ari yakava yokuti Mwari vanoda kuteerera kwete chibayiro. Nguva

Zhinji hatidi kuita kuda kwaMwari, tozoda kuita zvimwe zvinhu zvekutsiva kusateerera

kwedu. Vangani vana vaMwari vanotadza 'kutonga' muupenyu, (VaRoma 5:17; Zvakazarurwa1:6) nekuda kwemisikanza nekusateerera?

Nhanganyaya yebhuku raMuparidzimu Amplified Bible inoti, 'Chinangwa chegwaro rino

Ndeche kutsvagurudza upenyu nekudzidiza kuti pakupedzisira upenyu hauna maturo pasina kuremekedza nokupa mbiri kunaMwari.'

Tinofanira kuziva kuti pasina kuteerera, hapana kupa Mwari ruremekedzo nokumukudza. Kusateerera kunoitwa nevana vabereki vavo nhasi zvinobva pakuti havaremekedzi nokukudza vabereki. Iyi imhosva yevabereki kazhinji, nokuti ivo havana kurarama upenyu hweremekedzo nokukudza pamberi pevana vavo kuti vateverewo.

Vadzidzi vazhinji vanotenda kuti bhukuraMuparidzi rakanyorwa namambo Soromoni uyo akapiwa uchenjeri naMwari kupfuura vanhuvese. Ko, kana Soromoni aiva nehuchenjeri hwakawanda kudai, kosei akaita mhosho zhinji muupenyu hwake?

Mhinduro irinyore: zvinokwanisika kuti munhu avenechinhu agotadza kuchishandisa. Tine mufungo waKristu, asi tinoushandisa nguva dzose here? Jesu akaiswa kwatiri ari uchenjeri muna Mwari, asi tinos handisa uchenjeri uhwuhere? Soromoni aida kuenda nenzira yake nokuita zvaanofunga. Akapedza upenyu hwake achiita icho nechocho. Aiva nezvose zvaigona kutengwa nemari, zvose zvinofadza zvingawanikwa munyika asi izvi ndizvo anotaura pakupera kwegwaro iri: Zvino Shoko guru pane zvose zvatanzwa heri-itya Mwari; uchengete mirairo yake, nokuti Ndizvo zvakafanira vanhu vose. (Muparidzi12:13)

Regai ndiise mumazwi angu zvandanzwa murugwaro urwu: Chinangwa chose chokusikwa kwomunhu ndechechuti akudze noku namata Mwari nokumuteerera. Hunhu hwose hweuMwari huri mukumuteerera-ndihwo hwaro hwerufaro. Hapana angava norufaro rwechokwadi asingateereri Mwari. Chinhu chose muupenyu hwedu chisiri mugwara chino dzoswa mugwara nekuteerera. Kuteerera ndiro basa rose romunhu.

Ini ndinoti urwu rugwaro runofadza chose, uye ndinokurudzira kuti murambe muchiruverenga mega.

KUTEERERA NOKUSATEERERA: ZVOSE ZVINE MUBAIRO

"Nokuti vazhinji sezvavakaitwa vatadzi nokusateerera kwomumwe, saizvozvov azhinji vachaitwa vakarurama nokuda kwoumwe." (VaRoma5:19)

Sarudzo yedu yekuteerera kana kusateerera haikanganisi isuchete asi ruzhinji rwavamwe. Pafunge: Dai vana valsneri vakateerera Mwari, hupenyu hwavo hwaizova hwakanaka sei. Vazhinji vavo nevana vavo vakafira murenje nokuti Havana kuzviisa pasi paMwari mumaitiro avo. Vana vavo vakakanganiswa nesarudzo dzavabereki, zvime neveduwo.

Dangwe rangu rakamboti, "Amai, pane zvandinoda kukuudzai, ndinogona kuchema asindinzwei. "Akabva ati, "Ndanga ndiri kufunga pamusoro penyu nababa, nemakore amabata muhushumiri huno, nekuteerera Mwari kwamaita kunyange

Zvaisave nyore. Ndakaona kuti imi nababa makapindana nezvinhu zvisinaani anoziva. Ndoda kuti muzive kuti nhasi Mwari vandiratidza kuti ini ndiri kubatsirkana chose kubva mukuteerera kwenyu, ndinokutendai."

Zvaakataura zvakandibata ndikarangaridza VaRoma5:19.

Sarudzo yako yekuteera Mwari inobata vamwe, chero paunorega kuteerera Mwari zvinobata vamwezve. Unogona kusateerera Mwari woramba urimurenje asi rangarira kuti kana uinevana kana kuti ukazova navo, sarudzoyako icharunzira upenyu hwavo vogarawo murenje newe. Vangazokwanisa kuzvibudisa kana vakura, asirangarira kuti vanoripira chete mabasa ako ekusateerera.

Upenyu hwako hwaidai huri parinane dai mumwe munhu akateerera Mwari. Kuteerera kunosika kure, kunovhara masuwo egeheni, kovhuramahwindo edenga. Ndinogona kunyora bhuku rose panyaya yekuteerera asi panguvu ino ndinoda kuti

Uzive kuti upenyu hwekusateerera chiberekoo chemufungo wakaipa.

UNZA PFUNGWA DZOSE PASI PAKRISTU

"Nokuti nhumbi dzedu dzokurwa nadzo hadzisi dze nyama, asi dzine simba pamberi paMwari rokuputsa nhare. Isu tino wisira pasi mifungo yose isina maturo, nezvinhu zvose zvino zvikwiridza zvichipesana noruzivo rwaMwari." (2VaKorinde10:4,5)

Nguva zhinji pfungwa dzedu ndidzo dzinotipinza munjodzi. Muna Isaya55:8 Jehovha vanoti, "Mifungo yangu haisiyo mifungo yenu, nemaitiro angu haasiwo maitiro enyu" Hazvina basa kuti iwe nenii tingafungeyi, Jehovha vaka nyora pfungwa dzavo kare mubhuku ravo Bhaibheri.

Tino fanira kusarudza kuvheneka pfungwa dzedu maringe neshoko raMwari Uchizvipira kuisapfungwa dzako pasi pedzake, uchiziva kuti dzake ndidzo dzakakunakira.

Izvi ndizvo chaizvo zvino budiswa muna 2Vakorinde10:4-5. Vheneka zviri mumwoyo mako. Kana zvisi ngaenderani nepfungwa dzaMwari(Bhaibheri)wisira pasi pfungwa dzako, wofunga nedzake.

Vanhu vanorarama mupfungwa dzavo dzisina maturo, havango zvikuvadzi ivo asi nguva zhinji vanounza kuparadzwa kune vamwe vaka vapoteredza.

Pfungwa idariro rekurwira hondo!

Mupfungwa dzako ndimo maunokwanisa kukunda kana kukundwa muhondo yakatangwa naSatani. Munamoto wangu mukuru kuti bhuku iri rikubatsire mukuwisira pasi mifungo yese, nechese chinhu chinozvisimudzira pamusoro peruzivo rwaMwari, uchiunza pfungwa dzose pasi nemukuteerera Jesu Kristu.

MAGUMO.

PAMUSORO PEMUNYORI

Joyce Meyer anozivikanwa seumwe wevanhu vanemukurumbira pabasa rekudzidzisa nezve Bhaibheri nenanaramiro akarengeka pasi rose. Akapiwa mucherechedzo wekuva munyori wepamusoro nepepanhau reNew York Times. Parizvino anyora mabhuku anopfuura makumi manomwe, anosanganisira - ***The Confident Woman; Look Great, Feel Great; Battlefield of the Mind***, nemangwe akati kuti. Akabura zvakare zviuru zvezvidzidzo zvema video nezvekuteerera. Zvirongwa zvake zveradio ne television zvinonzi ***Enjoying Everyday Life*** zvinotepfunyurwawo pasi rose, uye iye anofamba paso rose achipa dzidziso kumakungano akasiyana siyan. Joyce nemurume wake, Dave vana vana vana vatoyaruka, uye vanogara ku St. Louis, kuMissouri kuAmerika.